Дагъистаналъул адабият

16+

ISSN 0235-0130

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГIИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ



*Исана 220 сон тIубала*
*Шамил имам гьавуралдаса.*

**1 / 2017**
**январь - февраль**



*Гъизилюрталда магIарул поэзиялъул байрамалда. КвегIиса квараниде:* **МухIамад ГIисаев, ГIабдула Даганов, КъурбанмухIамад МухIамадов, МухIамад АхIмадов, Шамхал Дибиров, МухIамад ПатахIов, Майиндур ТIалхIатов, 2007 сон.**

# ГЪУДУЛЛЪИ

**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно - художественный и общественно - политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:** Министерство по печати и информации РД

**Журнал бахъизе байбихьана 1952 соналда Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году Расулом Гамзатовым

# 1

# 2017

**январь - февраль**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**

**БетIерав редактор**
Мурад АхIмадов

**Жавабияв редактор**
МухIамад ПатахIов

**Жавабияй секретарь**
ТубхIат Зургъалова

**Редакцияльулаб коллегия:**
МухIамад АхIмадов,
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад МухIамадов,
КъурбанмухIамад МухIамадов
ПатIимат ГIабдурахIманова,
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
МахIмуд-Апанди МухIамадов,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева,
ХIамзат ГIизудинов.

Электронный адрес редакции:
**litdag@mail.ru**

**РЕДАКТОРАСУЛ РАГIИ**
**М. ПатахIов**. ЛъикIлъиялъеги букIунаро гIорхъи....3

**ИМАМ ШАМИЛ ГЬАВУРАЛДАСА – 220 СОН**
**М. ХIамзаев.** Имам Шамилил гIумруялъул тарих....5

**ЦIИЯЛ АСАРАЛ**
**М. АхIмадов.** КучIдул....8

**ТIЕРХЬУНАРЕЛ ЦIВАБИ**
**М. ГIабасил.** ГIободаса ШагIбан-къади....17

**ЮБИЛЕЙ**
**ГI. ГIалиев.** КучIдул....22

**ПРОЗА**
**П. ГIабдурахIманова.** БецIлъукье тIамураб гали *(хабар)*....30

**ВАГIЗАБИ, НАЗМАБИ**
Инхоса ГIали - хIажи Ахираталде къачIиялъе....44

**КIОЧОНАРЕЛ ЦIАРАЛ**
**А. ГIамирханов.** ЧIалдаса ГъазимухIамад....48

**КРИТИКА ВА БИБЛИОГРАФИЯ**
**А. ГIазизов.** Халкъалъул рекIелъан кIалъалев шагIир....57

**ГIАКЪЛУЯЛЪУЛ ДАНДЕРИЖИ**
КIиго нухалъ кIиго....66

**ГIАДАМАЛ ВА КЪИСМАТАЛ**
**Б. ХIажиев.** Батулаго бортараб талихI....70

**ВАЦЛЪИЯЛЪУЛ АДАБИЯТАЛДАСА**
**Р. БахIамадов.** Темирбулатил талихI *(маргьа)*....80

**ЛЪАЛИЩ НИЛЪЕДА?**
Сунда умумул божулел рукIарал?....86

**ЦIАЛДОЛЕЗУЛ КУЧIДУЛ**
**Шарапудин МухIамадов.** ГIумрудул ахир....89

**ЦIИЯЛ ЦIАРАЛ**
**Р. Малуева.** КучIдул....92

**ГЪАБГИ, ДОБГИ, ДОБЦОЯБГИ**
**Б. Даци.** Гьадин ругоха, ХIамзат *(кечI)*....94

---

Журналалъул хъвай - хъвагIай гьабун буго хъвай-хъвагIай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ. РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.

Регистрац. номер ПИ №ТУ05-00373 от 23.12. 2016 г. Выданный управлением Роскомнадзора по республике Дагестан.

**Типография: Издательский дом “Дагестан”**
**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 61

**ДРУЖБА №1 2017 г.**
январь - февраль
*На аварском языке*

Выход в свет 09. 03. 2017 г. Тираж 756 экз.
Заказ №0202 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан “Редакция республиканских литературных журналов “Соколенок” и “Литературный Дагестан”.*
***Адрес редакции и издателя:*** *367000, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова, дом 55.*

# Редакторасул рагIи

## ЛЪИКIЛЪИЯЛЪЕГИ БУКIУНАРО ГIОРХЪИ

Щивав чиясул букIунеб батила рекIелъ рукъ ккураб, рахIат толареб анищлъун хутIаниги, хIасил ккеялда щаклъи бугеб цо хасаб пикру. БукIине те гьеб живго гьев чиясулги гьесул цересел гIадамазулги къисматазде асар гьабулеб, яги росу-жамагIаталъе лъикIаб, ялъуни хIалтIи-ишалъе хIажатаб, жеги, халкъалъего пайдаяб. Диргоги дир цересел гIадамазулги ургъел-агъаз гьечIогоги дун вукIунев ватиларо, росу-жамагIаталъул гIузрабиги диеги гIахьалал ратила, хIалтIи-ишалъул суалалги дирги тIалабазулъе лъугьинчIого хутIилищха. Амма гьаб пикру дихъе бачIана араб къарнуялъул ункъоялда анцIабилел соназдаго, къойилго гIадин цояздаса цоял вахIшиял чIвай-хъвеял, террактал Дагъистаналда гьарулеб заманалда. Цогиялъул бицинего ккелищ, рузманалде унев муфтий мажгиталъул кIалтIа кьвагьизавураб мехалъ.

Гьебги гьелда релълъаралги нилъер республикаялда доб мехалда кколел рукIарал ракIал гьанцIизарулел лъугьа-бахъинал рукIана унго-унголъун гIадамасул *(гIаданилан гьесда абизеги бегьиларо)* вахIшилъиялъул гIорхъи гьечIолъиялъул хIасил. Гьеле гьеб квешлъиялъе гьечIеб гIорхъи, лъикIлъиялъе, гIаданлъиялъе, иманалъе, яхI-намусалъе щай бугеб абун хIисаб гьабизе бачIуна мех-мехалда. Дол соназдагIанго ратичIониги, жакъаги руго чIвай-хъвеялги, цогиял вахIшилъабиги, бикъа-хъамиги, хъамалчилъиги, хIилла-рекIкIалдалъун, цогиязе кколеб зарал-зияналъухъ балагьичIого рес рекъараз бечелъи бакIариги. Жиндир напсалъул гурони, цогиязул къварилъи-захIмалъиялъул ургъел гьабулел дагьлъулел руго. ЛъикIлъиялъул, гIаданлъиялъул, иман-яхIалъул мисал босизесеб бакI цIакъго дагь буго. Киназго цогиял ахIулел руго лъикIлъиялде, амма гIемерисезда жидехъго балагьизе кIочон толеб буго.

Щай гIорхъолъа унги чи квешлъизе бегьулев?! ЛъикIлъизе щай гьев бегьуларев гьединго?!

Гьеб буго кьезе бигьаяб, жаваб батизе захIматаб суал.

Кин букIаниги, щивав чиясулъ буго лъикIабги квешабги. Лъилъ кигIанасеб гьеб бугебали батIияб суал буго. ЦохIо аварагзаби гурони Аллагьас кинабго рахъалъ щвалде щвараб, чIвазе багьана гьечIеб гIамалхасияталъул гIадамал рижичIин абула. Гьединлъидал, цогиябщинаб махлукъаталда жаниб кигIан лъикIавги чиясул гIамалалъулъ дагьамакъабниги хатIа камулеб батиларо. Гьединго кигIан квешавин абулесулъги букIунеб батила гьитIинабго букIаниги лъикIлъи. РукIунел ратила гьесул рекIелъ гьеб лъикIлъи макьидаса борчIарал лахIзаталги. Гьелъие мисалалги камун гьечIо тарихалда.

Гьеле гьеб лъикIлъи гIемер бугезулъ дагьабги цIикIкIинабун, цогиялги кантIизариялъеги, дагь бугезулъ гьеб цIикIкIинабиялъеги нухал ургъи, ралагьи, рати буго Аллагьасул рахъалъан кириги бугеб, гIаммаб къагIидаялъ халкъалъеги пайдаяб иш.

Дунялалда, гIемер батIи-батIиял цIаралги лъун рагIизарурал, чIезарурал, диниялги, пачалихъиялги, халкъазда гьоркьоселги къоял чанги руго. Гьезул хаслъабазулги магIна-мурадалъулги бицине хIажат букIинаро. Аммаха гьечIо цIалеб гьавагIанги гьекъолеб лъимгIанги нилъее киназего хIажатаб, тIолгохалкъалъе бергьун пайдаяб цо къо - РекIел къо, ЛъикIлъиялъул къо, ГIаданлъиялъул къо!

ЦIар гьелда бокьараб тезе бегьила – гьеб гуро аслияб. Аслияб буго нилъеца – гIадамаз ракIазулъ бугебщинаб лъикIлъи къватIибе бахъулеб, гьеб рагьулеб, гьеб бихьизабулеб, цогиязеги гьеб гьурщулеблъун гьединаб Къо букIин.

Гьединаб Къо, я динияб, яги пачалихъияб, ялъуни цогияблъун букIине ккеларо. Гьеб букIине бегьила кинабго жанибе бачараб, чияс жиндир рекIелъ бугеб лъикIлъи бихьизабулеб Къолъун. БатIалъи гьечIо, хIаким, хIалтIухъан, бечедав, мискинав, гьитIинав, кIудияв – щивчи гьев вугониги, гьес рагьизе рекъараб букIина жиндир гIамал-хасияталъул сахабщинаб. Ресалда ругел гIадамазухъе гьардезе ресукъал чагIи рачIунеб къолъунги гьеб букIине ккеларо. ХIакъаб жо, хIажатасе жинда рекъараб кумек бажарарас  гьабизе ккела. Амма кигIанго мискинав вугониги, бокьарав чиясда кIола цогиязе гьитIинаб букIаниги лъикIлъи гьабизе. Нухда дандчIварав чиясда  берцинаб рагIи абунгIаги бажаруларев чи вукIунев ватиларо.

Гьеб Къо букIине ккела гьединго рекIел сукIи бугел гIадамал цоцазда тIасалъугьунеблъунги, цоцалъ барщел ккурал рекъолелллъунги, рекъолел гьечIони, цогияз ресрекъезарулелллъунги.

Гьединго гьеб Къоялъ бегьиларо кинабгIаги чIвай-хъвей, кьвагьи-гIанхъи букIине. Гьединазе тIолгохалкъалъ нагIана кьолеблъунги букIина гьеб Къо.

Кин-щиб гьединаб Къоялъ гьабилебали гIемер бицине бегьила. Халат гьабичIого абуни, лъикIлъиялъе, гIаданлъиялъе, маслигIаталъе лъица щиб гьабилебали щивасда лъалеб батила.

Абизе бегьула цохIо къоялъ гьабураб гIолищ лъикIлъиян. Цогяил къоялги, моцIалги, соналги гьелда хадур рачIунел ругелъул, гIадан кантIизавиялъе букIинеселде кьо лъолеблъунги лъугьинаан гьеб Къо.

Суал бачIина, лъицаха гьединаб Къо чIезабилеб абураб. ХIакъаб жо, гьелъие кьучI республикаялъул бетIерас лъуни гурони хIасил ккеларо. Диниялги, жамгIиялги, цогидалги гIуцIабазги, Дагъистаналъул тIолабго халкъалъги гьесул рахъги ккуни, гьеб букIина цIакъго лъикIаб хIалтIи.

Къони гьединаб чIезабизе бегьилин, гьелъул хIасил ккеладайин, гIадамасул пикру-гIакълу хисизабизе захIматаб жо бугин, гIантаб суал борхулеб гьечIищ гьав чиясин абулелги камиларо. Амма ургъун хIисаб гьабуни, лъугьунареб жо гьеб гуро.

ЛъикIал къасдал тIураялъе Аллагьас квербакъулин гурищ абулеб.

***МухIамад ПАТАХIОВ.***

# Имам Шамил гьавуралдаса - 220 сон

## ШАМИЛ ИМАМАСУЛ ГІУМРУЯЛЪУЛ ТАРИХ

*Исана 220 сон тIубала Дагъистаналъулги Чачанлъиялъулги имам Шамил гьавуралдаса. Дунялалда цIар тIибитIарав гьев кIудияв инсанасул къисматалъулги гьесул багьадурлъиялъулги бицарал хIужабиги баяналги нижеца исана мех-мехалда кьезе руго журналалда. Байбихьулеб буго МухIамад ХIамзаевасул «Имам Шамил» абураб тIехьалдаса босараб имамасул гIумруялъул тарихалдаса.*

1797 соналъул 26 июнь (1212 соналъул 1 мухIарам) – Генув Денгасул хъизаналда Шамил гьавуна.
1807 сон – Шамилица гIелму цIализе байбихьана.
1828 сон – Шамилил эмен къадаралде щвана.
1829 сон – Шамилица ГIабдулгIазизил ПатIимат ячана.
1830 сон – Шамил Гъумекиса Жамалудин устарасухъе ана.
1828-1832 сонал – ГъазимухIамад имамасда цадахъ гъазаватазда гIахьаллъана.
1831 сон – Шамилие ПатIиматица вас Жамалудин гьавуна.
1832 соналъул 17 октябрь – ГъазимухIамад имам шагьидлъана, Шамил захIматго лъукъана.
1833-1834 сонал – ХIамзат имамасул бетIерлъиялда гьабулеб гъазаваталда Шамил гIахьаллъана.
1833 сон – Шамилие ПатIиматица вас ГъазимухIамад гьавуна.
1834 соналъул сентябрь – ХIамзат имам шагьидлъана.
1834 соналъул 19 сентябрь – Шамил Дагъистаналъул лъабабилев имамлъун вищана.
1837 соналъул 7 июль – имамас генерал Фезилгун ТIелекь ракълил къотIи гьабуна.
1837 сон – Шамилие Жавгьаратица вас СагIид гьавуна.
1839 соналъул июнь-август – АхIулгохIда гъазават гьабуна.
1839 сон – Шамилил чIужу Жавгьаратги вас СагIидги АхIулгохIда шагьидлъана.
1839 сон – Шамилие ПатIиматица МухIамадшапигI гьавуна.
1840 сон – Шамил чачаназ имамлъун вищана.
1840 соналъул октябрь – Даргъо росдае кьучI лъуна.
1841 сон – имамас вилаятазде наибзаби тIамуна.
1841 сон – ХIажимурад Шамилил рахъалде вачIана.
1841 соналъул май – Хубаралъул борхалъиялда Головинил гьужум нахъчIвана.
1841 сон – Шамилица ШугIайнат ячана.
1842 соналъул июнь – генерал Граббел аскар щущахъ биххизабуна.

1842 сон – Шамилие ПатIиматица яс Написат гьаюна.
1843 сон – магIарухъ рарал гIурусазул хъулби рахъана.
1843 сон – Шамилие ПатIиматица яс ПатIимат гьаюна.
1844 сон – ДаниялсултIан имамасухъе вачIана.
1845 июнь-июль – Воронцовасул аскар щущахъ биххизабуна.
1845 сон – Шамилил чIужу ПатIимат къадаралде щвана.
1845 сон – Ведено росдае кьучI лъуна.
1846 соналъул апрель – имамас Кабардаялде сапар гьабуна.
1847 соналъул июнь – Хьаргаби рагъ ккана.
1847 сон – Шамилица Жамалудин устарасул яс Загьидат ячана.
1847 соналъул июль-сентябрь – Аргъутил аскараз СалтIе гьужум гьабуна.
1848 сон – имамас МухIамадамин Черкесиялъе витIана.
1848 сон – ЧIохъ хъала цIунана.
1848 сон – Шамилие Загьидатица яс Нажабат гьаюна.
1849 соналъул апрель – ХIажимурадица Темир-Хан Шурабе чабхъен гьабуна.
1849 сон – Ахтиялда рагъ ккана.
1851 сон – ХIажимурад Табасараналде витIана.
1851 соналъул сентябрь – ХIажимурад гIурусазул рахъалде ана.
1853 сон – Закаталаялде сапар гьабуна.
1854 соналъул март – Гуржиялъе сапар гьабуна ва гуржи бикаби асир гьаруна.
1854 сон – Шамилие ШугIайнатица яс Сапият гьаюна.
1855 соналъул март – имамасул вас Жамалудин асиразухъ хисана.
1855 сон – Шамилица чачанай Аминат ячана.
1856 сон – Шамилие Загьидатица яс Бахумеседо гьаюна.
1858 сон – гIурусаз НахъбакIалда тIад кверщел гьабуна.
1858 соналъул сентябрь – имамас Хунзахъ мажлис ахIана.
1859 соналъул апрель – пачаясул аскараз Ведено бахъана.
1859 соналъул июнь – имам Килдерил магIарде вахана.
1859 соналъул июль – имам Гъуниб магIарде ана.
1859 соналъул 25 август – имам хIурматияв асирлъун лъазавуна.
1859 соналъул 15 сентярбрь – имам гIурус пачагун Чугуевалда дандчIвана.
1859 сонлъул 26 сентябрь – Шамил Петербургалде щвана.
1959 соналъул 10 октябрь – имам  Калугаялда рещтIана.
1860 соналъул январь – Шамилил хъизан-лъимал Калугаялде рачIана.
1861 соналъул апрель – имамасул вас МухIамадшапигI пачаясул аскаралде хъулухъ гьабизе ана.
1861 сон – Шамилие Загьидатица вас МухIамадкамил гьавуна.

1862 соналъул апрель – Руновский хисизе Пржецлавский вачӀана.
1865 сон – Шамилил яс Написат къадаралде щвана.
1866 соналъул 1 февраль – приставасул хъулухъ хвезабуна.
1868 соналъул 2 декабрь – Шамил Киевалде вачӀана.
1869 соналъул февраль – Шамилие хӀежалде ине изну кьуна.
1869 соналъул 19 май – Шамил Истамбулалде щвана.
1869 соналъул 13 ноябрь – Шамил Мисриялде щвана.
1869 соналъул декабрь – имам Маккаялде щвана.
1870 соналъул март – Шамил Мадинаялда рещтӀана.
1870 соналъул 13 май – Шамилил яс Сапият къадаралде щвана ва БакъигӀалъул хабалалъ юкъана.
1871 соналъул 4 февраль/1287 соналъул 10 зулхӀижа/ - имам Шамил Мадинаялда накълулъана ва БакъигӀалъул хабалалъ вукъана.



**Шамил имам васалгун цадахъ. 1867 с.**

# ЦIиял асарал

МухIамад АХIМАДОВ



## ГЬАБ ГIАЖАИБАБ ДУНЯЛ

Гьаб гIажаибаб дунял,
ГIажалалде гъун бугеб,
Гъуниб магIардагицин
Берцинлъи беццлъун бугеб.
ГIадалаб гIадлуялда
ГIадан хадув гъолареб,
Гъулгъудулеб ццидаца
Цадахъ зобал гъугъалеб.

Гьаб гIажаибаб дунял,
Даимаб канлъи ссвараб,
Араб малакь мерхьунеб,
Хьулалъцин талихI гьечIеб.
ТамихI ритIухълъиялъе
ТIекъалщиназ гьабулеб,
Гьариги рагIулареб,
РагIиги бичIчIулареб.

Гьаб гIажаибаб дунял,
Даимаб бидул цIураб,
ЦIар, лебаллъи ва намус
Наслабалъа бахъулеб.
Халкъалъул къуват гьечIеб,
ВатIан хириял хвараб,
Хурзалги рекьулареб,
Рокьиги бикьулареб,
Гьаб гIажаибаб дунял,
БетIергьан кIочон тараб
Квар тIун араб кьода тIад
ТIолго улкаби ругеб…
…Амма гьаб дунялалда
Дир цохIо ватIан буго,
ЦохIо гьеб бокьула дий,
Кьуна дий гьеб Аллагьас!

## ЭЛЕГИЯ

Дир рекIел тIегь, рекIел тIегь,
РекIараб цIа гIадинаб,
ЦIар биине гьабулеб,
Гьунар цIвалъун боржунеб.

Дир кочIол тIегь, кочIол тIегь,
РекIел тIехьлъун лъугьунеб,

Къоабилеб къарнудал
Къалмил шигIрулъун бугеб.

Щай бечIалеб рекIел тIегь,
Щай къан бугеб, кочIол тIехь? –
БачIун буго цIияб мех,
Михир дутIа бачунеб.

Къарнудал байбихьуда
Бихьулеб гьечIо канлъи:
Каранлъ хвана рекIел тIегь,
РекIелъ чIвана кочIол тIехь.

* * *

Нилъер рокьиялъе их щвечIо, гьудул,
Щвана хасалихълъи бачIинахъего.
РакI свакварав дица, угьараб хIухьел,
Хьулал цIорозарун, горолъун бана.

Мун, дир гIумруялъул канлъи лъугIидал,
Карандаса бецIлъи бацIцIине щвана.
БацIал рурудулеб чIегIераб нухда
Данде чIвана, хъахIаб хIанкъва гIадинан.

Хасалихълъиялъул кьерхараб зодил
Кьер роцIинабуна цIияб гIищкъуялъ,
Дица цIакъ захIматго такрар гьабуна
Гьаб дуниялалда, дий мун йокьулин.

Бокьун букIана дий гьел рагIабазул
МагIналъул лъугьине лъугIулеб заман.
…РагIулищ, гордазда кIетIолеб хасел,
КIутIбуца щибниги щурулеб гьечIо.

* * *

Унго ракьалдаса аравщинав чи,
Дир рокьул нухазда хваравщинав чи…
Чиякълъиялъ чирахъ свине гьабураб
Гьаб къваридаб рокъов хутIун вуго дун.

Дунялалъ батIияб дин босун буго,
Дун дирго ватIангун ватIа тIун вуго.
ВатIаналъ цIогьазул цIаралги цIунун,
ЦIар шагIирзабазул хвезе тун буго.

## РИИ УНЕБ БУГО…

**Рии унеб буго, мун уней йиго,
Унареб щибниги гьечIо ракьалда.
Рокьи бекьаралъуб кьал бижун буго,
Кьолареб талихIалъ хIал лъугIун буго.**

**АхIулеб кочIоца кеп кьолеб гьечIо,
ГьечIел шагIирзабаз ракI унтун буго.
Унеб буго рии, уней йиго мун,
Мунагьалги дунги хутIулел руго.**

**ГъутIбуздаса рортун тIогьилал тIанхаз
ТIанкIал лъолел руго кочIол мухъазулъ.
Чияр мухъ-ракьалде унел къункърабаз
КъулчIизе тIамула пашманаб магIу.**

## ЧIУЖУГIАДАН

**ГIадалаб кьвагьиялъ Пушкин чIванилан,
ЧIегIерав чапарас ахIи барабго,
Балагьалъул гулла дидаги щвана,
ШагIирасда цадахъ гIаздада чIвана.
Амма мун гIодуге, дир ЧIужугIадан,
ГIадада угьдуге къосун кканилан,
Къасабчилъун чIана нижее къисмат, -
Дуда цо щибниги гIайиб букIинчIо.**

**Хадуб, Машукалъул ахалъиялда,
Лермонтов щапараб кьвагьи бахъиндал,
Ругънада кверги лъун, дун гIодов ккана
ГIадан-чи вукIинчIо тIаде къулизе,
Амма, ЧIужугIадан, гIайиб дур гуро
ГIасруялда берал шагIирас къанщи,
Къаникье инелде дур щибаб хIухьел
ХIикматаб кочIолъ гьес ракьалда тана.**

**Цинги, болъода тIад, нахъасан речIчIун,
НахъегIанаб гулла гIадалъ щварабго,
ЛахIзаталъ цолъана МахIмудги дунги,
Цадахъаб хвел кьуна, харбий хутIизе.
Амма, ЧIужугIадан, гьеб мехалдаги
ХвелгьечIолъи дуе кьуна шагIирас,
Кьурабалъ багъулеб дандерижилъун,
Дунялалда даим хутIана дур цIар.**

Ва гьале цIидасан дир Заманаялъ
Нахъасан речIчIулеб шагIирзабазда,
Белъанхъулеб буго гьезда тIад ватIан,
ТIадегIанаб шигIру хIакъирги гьабун.
Амма ЧIужугIадан, щиб биццаниги,
ШагIирасе дару дур рокьул буго.
Ракьалде зодосан ялагьулаго,
Гьесул ругънал дуца сахлъизарула.

## ГЬЕТIАРАБ КЕЧI

ГьетIараб замана битIизабизе
РитIухълъи лъугьана, гьебги гьетIана.
ГьетIана гIадамал, рагIадал гIадин,
ГIадлу гьетIун буго, гIакълу тIун буго,
Къарнуялъул къадал гьетI-гьетIун руго,
Къадахъаби гьетIун, гьел рихxун уна,
Унел нухал гьетIун, тIатIала ккола.

ГьетIун буго къисмат, гьетIун буго мацI,
ГьетIун буго ватIан, гьетIун буго халкъ.
ГьетIун буго матIу, гIумру бихьулеб,
Бихьуледухъ гьетIун буго гьинал ракI.
ГьетIун буго намус, гьетIана ияхI,
ГьетIана гIаданлъи, лъикIлъи, берцинлъи
ГьетIун буго къадру, гьетIун буго рухI,
БахIарчилъигицин бихьула гьетIун.

Кинабго гьетIараб гьаб дунялалда
ГьетIичIеб къисматалъ къо хIехьон буго.
Къоло цоабилеб век гьетIун буго,
ГьетIичIого хутIун буго божилъи
Кинабго битIизе гьабе, БетIергьан,
БетIер бекизабун буго гьаб векалъ
Векерулев вуго битIараб нухде,
Дуца кумек гьабе, БетIергьан Аллагь!

* * *

ТIирщилалде холеб гIищкъуги буго,
ГьиштIиялде сверун рокьиги буго.
Доб рукьби риунеб гIищкъудул пири
Парахат кьижана, рокьи къанщана.

МахIмудил гIищкъул рукъ рагьулеб гьечIо,
Гьунар чIвалеб заман чIун буго рагьдухъ.
Расулил кочIол цIва ссун ана кочIолъ,
КунчIи гьечIеб щвана шагIирасе мех…

## ТIАМАХ

**Щиб дуе бицинеб,**
**Берцинаб тIамах,**
**Ахикье, тIогьиллъун,**
**Бортулеб бугеб?**
**Буго унеб рии,**
**Щвана хаслихълъи,**
**Хасел буго нухда**
**Дихъ балагьун чIун.**

**Лъихье гIарзалъ инев,**
**ГIазу банилан.**
**ГIумрудул соназде**
**Саву кканилан?**
**Вуго дун гIенеккун**
**ГIекколеб рекIехъ,**
**БукIинесеб буго**
**Бадиб магIугун.**

**ГIагараб ракьалде**
**Бортараб тIамах**
**ТIадагьго гьороца**
**Буго хъамулеб.**
**ХъахIилал зобазда**
**ЧIегIерал накIкIаз,**
**РукIкIарал къоязул**
**Къиса буго хъван.**

**Щиб дуе бицинеб,**
**Берцинаб тIамах? –**
**ТIелхалъ лъалхъун руго**
**Лъадал къатIраби…**
**…МагIарул гъотIода**
**ТIамах вуго дун,**
**ТIаде хаслихълъи щун,**
**Хиялалъ вугев.**

## РУКIУНА ЦО-ЦО КЪОЯЛ…

**РукIуна цо-цо къоял,**
**Къварилъиялъ къвал барал,**
**РакI бакъварал, пашманал,**
**Пишацоял рихарал.**
**Свараб гъасда гъаримаб**
**Гъаргъар гIицIлъиялъ кьолел,**
**Кьоялги тун, тIатIала**
**ТIолго пикраби кколел.**

**Хвасарлъи батуларел,**
**Сардаллъун чIегIерлъулел,**
**ГIакълуялдаса арав**
**РекIеде вачIунарел.**
**ВорчIизе цIакъ захIматал,**
**ЯхIалъ черх рехун тарал,**
**ТалихIалъул нуралда**
**Замана накIкIлъун чIарал.**

**РукIуна цо-цо къоял,**
**Къосарал, къасдал хварал,**
**КочIол куркьби рекарал,**
**Карандаса зоб арал.**
**Аралъ канлъи кьоларел,**
**Кьалул сас лъугIуларел,**
**РагIараб бичIчIуларел,**
**БичIчIулеб рагIуларел.**

**Гьеб мехалда ячIуна**
**«ВорчIами!» - ян мун тIаде,**
**ТIаде бегараб дунял**
**Дица тIаса босизе.**
**ТIадагьаб хIухьел кьола,**
**ХIикматаб лахIзат кьола,**
**Рокьи ракIалде щвезе**
**РекIелъан хIинчI боржуна.**

## МАКЬИЛЪ БАЧIАРАБ КЕЧI

**Макьилъ бачIараб кечI, ворчIараб мехалъ,**
**Хъвалилан лъугьиндал, батулеб гьечIо.**
**Те дун тIасалъугьун, лъугIулеб рокьи,**
**ЛъугIуляреб дур цIва макьилъ бихьулев.**

Берал рагьаралго, рагьун бачIуна
ЧIалгIеналъул цIураб цIорораб дунял.
Дунялги дир кечIги данде кколаро,
Дандерижи билун, божи хутIула.

Макьилъ бачIараб кечI буго гьаб гIумру,
Берал рагьилалде лъугIун батулеб.
ЛъагIалил рагIалда бихьула ахир,
Ахирзаманалъул гьаракь босараб.

Дида тIасалъугьа, лъугIулеб гIумру,
ЛъугIун араб рокьул гьаракь цIунулев.
Ракьалъул нухазда дир рагIул дугIа
ГIадамазда гьанже рагIулеб гьечIо.

ГIицIлъиялъул цIумур барал шигIраби
Шагьаралда руго, бесдал лъималлъун.
Лъималазда кIочон буго рахьдал мацI,
Бихьуларо канлъи букIинеселда.

## Р А КI

Щиб дуе гьарилеб, гьардолеб дир ракI,
БакIаб заманалъул къориниб бугеб.
Къоло цоабилеб векалъ, кодоб ккун,
Кидаго, лъидаго бихьизабичIеб:
ЦIогьабазда асир гьабизе кIвечIеб,
ЧIвадарухъабазда бахъизе кIвечIеб,
ЧIалгIеналъ кIвекIулеб, гIищкъуляъ чIвалеб,
ГIицIго рокьул канлъи жаниб хутIараб.
Гъудулас гуккараб, тушманас течIеб,
ГьечIеб талихIалъул тамихI хIехьараб,
ХIукму дуй къотIизе дида кIоларо, -
КIулал, мун рагъулеб, цо дир кечI буго.

* * *

МатIуялъуб буго хисараб гьумер,
Хасалил гIазу бан, хъахIлъараб бетIер.
БатIияв чи вуго дида вихьулев
Дирго сураталда… Соназул квешлъи!..

Сонги гьанисан дихъ валагьулаан
Гьунаралда ракIчIун чIухIарав шагIир.
Жакъа дихъ валагьун вихьула пакъир,
«Къисмат, къисмат!» - илан хIухьел угьулев.

Амма, букIаниги, матIуялъул рекIкI,
Реццги гьабун, дица къабул гьабула.
Гьеб гуро хиянат цо дида лъараб,
Лъала гьеб дудаги… ГIодове виччай…

* * *

Мун гIоде, гIодани, гIодое йиччан,
Риччарал беразде тIелхал тIаде цIан.
ЦIад балеб бугилан пикруги гьабун,
Гъурмадаса рацIцIе цIамгIалал гарал.

Гирун унел ругел гIарцул къатIраби
БитIахъе рекIелъе ртулел руго.
Батила цо магIна магIил гаразул,
Гиризе рес гьечIо гьел чIалгIадего.

Дида лъала гьезул дир гIайиб букIин,
РекIелъ мунагьазул щуб рещтIун букIин.
БукIаниги дуца, магIу гIадинан,
ГIайибал рецIе дир…Дуе баркала.

* * *

Аралъул, таралъул тIехь бегулаго,
ТIерхьун унеб бакъухъ валагьун вуго.
Аллагьасул цIобалъ цIунарал соназ
Сонисел нухазде вачунев вуго.

ХIакъ гIемерал къояз хIал къазабула,
ХIакъикъатги буго къадарлъиялъ цIун.
ЦIадутIе кIкIаралъун боржунеб буго,
Вижараб ракьалде рокьул божилъи.

Божилъи, цIадулъа нахъбуссунаро,
Къисмат бухIун цохIо рахъу хутIула.
Рахъ-рахъалде араб талихIги буго,
РухI лъугIун, хIурулъе бортараб тIегьлъун.

Гьеб талихIги тIегьги чIаго гьабулей
ЧIужугIадан гьечIо – гьей барщун йиго.
РукIкIун буго рокьи, рекIкI буго сверухъ,
РекIел кIутIи буго кIала-гъоркье чIван.

* * *

ЗахIматаб хIал буго унтулеб рекIел,
КIолеб гьечIо кьезе гьелъие хIалхьи.

ХIалае вахъине аскIов чи гьечIеб
Чиярлъараб заман балагьула дихъ.
Гьудул вачIунаро, гьобол щоларо,
Рокьул улкаялда кьалул кечI буго.
ГьечIо къориниса къватIибехун нух,
КъватIибги къор буго къварилъиялъ гьун.

* * *

Гьал къоял къоял гуро,
Гьал сонал сонал гуро,
Горбода дунялги бан,
ХутIана мискинзаби.
Мусруялъе рес гьечIел,
Росаби риххун арал,
Рехун тарал, кIочарал,
Бечелъидухъ ричарал.

Гьаб къарну къарну гуро,
Къадруялда мал бараб,
Молода миллат лъураб,
Миллаталъул мацI чIвараб,
ЦIадулъе цIогьабаца,
ЦIоб тун гIумру рехараб.
Дир рекIел кIутIи буго,
КIихIи бекун, щущалеб,
ШигIрабазул шавкъ буго,
Шакъи бакъван, лъугIулеб.
…Дица дида тIадаб иш –
ШагIирлъи хвезе течIо.
ХутIараб цогидалъухъ
Гьелъ жаваб кьезе ккола.

## Д У ГI А

Кье дуца, БетIергьан, рекIее хIалхьи,
ХIалалаблъун гьабе хех щвараб херлъи.
Хириялщиназул хилиплъи лъачIеб
БукIине биччан те хутIараб заман.

Сонаца къаркъала къакъалеб мехалъ,
Къалъараб берзул нур загIиплъулелъул
РухIалъе къуват кьун, къо хIехьон чIезе
ХIухьел бацIцIад гьабе мунагьаздаса.

Киналго пикрабаз зикруги бачун,
Вачунев вуго дун мажгиталъуве.
Магжида квер бахьун, хъатикь гIансагун
ГIасруялдаса дун вуго вахчулев.

Кье дуца, БетIергьан, рекIее хIалхьи,
ХIалалаблъун гьабе хутIараб заман.

## НАМУС

- Бадиве валагье, гьумер бахчуге,
Гьунаралъе хIал кье, хIалалъи цIехе.
ХIалихьалъиялъул рагьдухъ вукIунге,
КIудияб мекълъигун рекъон вукIунге.
БетIер къотIаниги, ритIухълъи тоге,
ЦохIо Аллагьасе гурев къулуге,
Къарнуялда цеве къадруялда чIа,
ЧIваниги, хваниги хилиплъуге мун –
Дун дур намус буго, носол бал гIадаб.

Дун дуда хадуб чIун буго гIумруялъ,
ГIемерисеб мехалъ цадахъ руго нилъ.
Нилъ халкъалда цере налъулал руго,
Намусалъул сагIат рекIелъ кIетIолел.
Цадахъ ана нилъер гIолохъанлъиги,
ЛъачIого бачIана хехго херлъиги,
Хехлъи гьабе дуца, дица бацIцIунеб,
Дурго къисматалъул матIу цIунизе.

Дун – мун тIад рекIараб чу гIадин буго,
ЧотIахъанлъун вукIа, рекIаравлъун чIа,
Нилъеда бихьараб учузабщинаб,
Нилъеда батараб чорокабщинаб.
Дур нухда чIегIерал накIкIал рещтIиндал,
ЦIилицIги босун, гьел лъухьана дица.
Дица ахIи бана, мун хисулелъул,
Хилиплъи босизе мун гьесулелъул.

Дуе кьуна кIиго батIияб ватIан,
РитIизе риччачIо гьетIарал нухал.
Гьерсица ссур пулеб заманаялда
Дуда гьури хъвазе биччачIо дица.
Бидул лъалкIаз цIураб гьаб гIасруялда
ГIасилъизе течIо мунги дур ракIги,
Дун букIана дур цIар ва дур инсул цIар,
Дур ватIаналъул цIар, дур халкъалъул цIар.
Дуца дун, дица мун цадахъ цIунана,
Дун кIочон танани, мунги кIочена.

Дун – дур намус буго, мун дир вас вуго,
Къосине рес гьечIо мун дида аскIов.
Дун – Дагъистаналъул мегIерлъун буго,
МагIарул халкъалъул къисматлъун буго,
Дун – шагIирлъиялъул борхалъи буго,
Бокьарас бахъулеб хъала дун гуро…
Дун кIочон танани, мун гIадан гуро,
ГIаданлъун гьечIони, мун шагIир гуро.

*2016 сон*

# ТӀерхьунарел цӀваби

## ГӀОБОДАСА ШАГӀБАН-КЪАДИ

ГьитӀинаб миллаталъул талихӀги гьитӀинаб букӀуна, гьунарги кӀудияб букӀуна. ТалихӀ гӀолареб гӀумруялъ гӀемер къеркьезе тӀамиялъ тӀатуна гьезул гьунар.

Гьунар кӀудиял магӀарулазул гӀасру бихьун хисулеб ханлъиялъги, ханлъи бихьун сверулеб диналъги, дунялалъулго тарихалде инчӀого, чӀобогояб бакӀалде ккезабуна миллаталъул тарих. Бакъуе къулулел къарнабазде раккарал кучӀдулги, киналалиго хӀарпаз хъварал тӀахьалги, тӀамач течӀого рухӀана насранияб диналде руссараб заманаялъ. Цинги гуржиязулалда релълъараб алфавиталда хъваралщинал тӀахьал тӀагӀинаруна, тӀаде ислам босаралдаса нахъе. Хадуб гӀараб мацӀалдаги, гӀараб алифалъул къучӀалдаги данделъараб хазина хвезабуна динго хӀажалъулареб хӀуриялъул хӀукму бахъараб мехалда. Гьедин, таварихалъул талихӀ къараб гьакидаса, гъунго-гъун, гъара-гъараб бортун, камуна культураялъулаб ирс магӀарулазе. Дора-гьанир хутӀарал тӀахьаздасан, тӀагӀинчӀого кодоре щварал кагътаздасан, кици-биценлъун рачӀарал чӀалх-чӀалхарал харбаздасан данде гьабураб дангъура буго жакъа нилъехъе щвараб баян.

Гьел тарихалъул баяназул мукъсанал хутӀелазулъ кунчӀун бихьулеб цӀар буго цӀикӀкӀараб гӀелмуялъул бетӀергьан ГӀободаса ШагӀбан-къадил. ГӀободаса ИсмагӀилие 1608 соналда гьавуна гьев. Диде щвелелде Шигьабудиновасги ХӀайбулаевасги хъвараблъи лъаларого гуро, лъалес лъалеб хъвани, хъахӀал бакӀал гӀемераб гӀалимчиясул гӀумруялъулги гӀамал-хасиялъулги сурат цебечӀезабизе кумек букӀинеян босана дица кодобе къалам. ШагӀбан-къадида хурхараб хӀакъикъат лъазабизе, лъабкъоабилел соназул авалалдаго дунги хъирщадизе ккун вукӀиндал, ракӀалъ ахӀана дун хъахӀаб кагъат кодобе босизе.

Мунагьал чураяв ЛъагӀилухъа Шангерейидасан ,рагӀана тӀоцебе дида ШагӀбан-къадил яс ПатӀимат шагӀир йикӀанилан. АнцӀила анкьабилеб къарнуялъго йикӀарай, Афисат абураб тӀокӀцӀаралда гъорлъ кучӀдул хъварай шагӀиралъул хӀакъалъулъ поэма хъвазе хиял ккана гӀолохъанав поэтасул. Шангерейил баяналги дагь рихьун, дун ана гьесул гьудулзабазухъе – Гиничукьа Мансурихъе, ГъаракӀуниса НурмухӀамадил МухӀамадихъе, Кьохъа СултӀанмухӀамадихъе – жидее алжан насиблъаял гӀалимзабазухъе…

ШагӀбанил эмен ИсмагӀил лъикӀго эхеде вахинегӀан цӀаларав чиги вукӀун, васасе гьесдасан щун буго байбихьуда гӀелму-лъай. МутагӀилзабазул гӀадат батухъе, щиб росулъ сундул гӀелмуялъе гьунар тӀокӀав гӀалим вугилан рагӀаниги, гьеб росулъеги ун, цӀалун вуго ШӀагӀбан. Амма гьесда жиндие щвараб лъай дагь бихьун буго, цӀализе щварал тӀахьазул

къадаралъги гІелмияб къеч буссинабун гьечІо. ШагІбаница инсуда гьарун буго, дихъе щварал тІахьаз дун батІиял тІахьазде ваккеян витІулев вугин, нилъер мугІрузда гьелги ратулел гьечІин, бегьиларищха жив гІараб улкаялде цІализе витІизеян. ИсмагІил боцІи-панз гІемерав, гІияда гІухьби тараб ресалъул чиги вукІун, гьес вас Турциялде витІун вуго. Гьениб жиндие рекІее гІураб гІелмуги щвечІилан ккун, ШагІбан Шамалде (Сириялде) ун вуго. Гьенивги Алкъагьиратаралда (Каиралда) Ал-Азгьаралда цІалун вуго. Гьеб некІсияб университеталда доб мехалъ малъулел аслиял гІелмаби – гІараб мацІ, адабият, фикъгьи, Къуръан-хІадисалъул аслаби рукІун руго.

ЧІужу-хъизанги ячун, лъаялда хадув вахъарав ШагІбан, щвараб гІелму гІадамазеги кьезе гъираялда ГІободе тІадвуссун вуго. Жеги гІолохъанав гьесул бецІсурмияб магжилъ лъикІаланго хъахІал расалги раккун рукІанила, гьоркьохъелдаса борхатаб лагаялда гьодилъа кІкІевелиги лъугьун бачІанилан бицен буго. Гьеб кІиялъгоги бицуна кигІан цІакъ цІалиялда тІадчІолев чи гьев вукІаравали. Гъоб заманалда анцІазаргоялдасаги цІикІкІун тІехь бугеб Ал-Азгьаралда гІорцІизегІан цІалдезе щванилан абулеб букІун буго гьес жинцагоги. Нахъа, живго ГІарабиялъ цІалун вачІун хадубги, МохІоса Дамаданица абулеб букІун буго, ШагІбанида гІадин гІарабият лъалев устаз жиндие доваги щвечІилан.

Росулъе вуссаравго ШагІбаница инсуда гьарун буго, дур изну бугони, мадраса базе бокьун бугилан. Кидаго сахаватав ИсмагІилица разилъиги кьун буго. ШагІбаница, жинцаго бахъараб суратталда рекъон, рукъ-рукъккун, мадрасаги базабулеб букІун буго. Цо-кІиго къо барабго, росулъ ругел гІалималги ахІун, Аллагьасе гІоло киридахъ, нужеда лъалеб гІелму гІолохъабазда малъизе хІадуреян гьарун буго. Киса-кирего кагътталги ритІун руго, гьабги-гьабги гІелмуялъул дарс лъезе гьунар бугев гІалимги, ГІобода бугеб жамигІату-мадрасаялда (университет гІадаб жо) цІализе бокьарал, цоги мадрасабазда цІали лъугІарал мутагІилзабиги интихІамалде (экзаменазде) рачІаян.

ТІоцебесеб интихІам мантІикъалъул (логикаялъул) гьабизе бугин ШагІбаница абидал, дарсал лъезе ругел гІалимаз абун буго, цин гІараб мацІалъул гурищ гьабизе ккoлебан.

«Гуро, - ян жаваб гьабун буго ШагІбаница, - дица гьанире гІалимал рахъине ахІулел гьечІо, гІалимзаби рахъине ахІулел руго!»

«ВахІ, батІалъи щиб эзул?!» - абун риххун руго дол.

«ГІалим вуго жинда гІелму лъалев чи, гІалимчи вуго жинда гІелму гьабизе кІолев чи. МантІикъалда рекъолеб пикру гьечІев чиясда гІелму гІатІид гьабизе нух батизеги лъаларо!» - абун чІванкъотІун бичІчІизабун буго ШагІбаница жиндир кІудияб мадрасалъул мурад.

Росизеги, росабалъ мажгитаздагун мадрасабазда цІалун рахъарал, дибирлъиялъейин ихтияр щварал гІолохъаби росулел рукІун руго цІализе. ТІоцебесеб экзамен логикаялъул гьабулеб букІун буго, гьеб лъачІони,

кIиабилеб интихIамлъун кколеб гIараб мацIалъулабги гъабичIого, нахъе витIулев вукIун вуго.

Гъенир малъулел аслияв гIелмабиги рукIун руго: мантIикъ (логика), тафсир (Къуръаналъул магIна), гIарабият (гIараб лугъат), гIилмулпалакъи (астрономия), жугърафия (география), гIилмулриясат (математика), фалсафат (философия), гIилмулфикъгьи (юриспруденция) ва цогидалги квер гIунтIарал гIадилаби.

ШагIбан-къадил университеталъул цIар рагIун буго Дагъистаналдаго. Фикъгьиялъул рахъалъан, бокьараб суалалъе фатва хъвалев чийилан, ШагIбанилги цIар ун буго.

Аваристаналъул ханзабазул, къадизаби толеб гIадат цебеги букIун буго. Амма гьезул тIадал ишал ханасе кагъат хъваялдаги, гьес гьикъараб жоялъе шаргIалда кин кколебали бициналдаги къокълъулел рукIун руго. Такъсиралъе тамихI къотIи – чIухIбузул (судиязул) иш букIун буго. Гьебги гIадатазда рекъон, гIадатал данде росараб Дугъру нуцалил, балъазул (законазул) тIехьалда рекъон къотIулеб букIун буго.

ЧIухIбуца, ритIухълъиялда рекъон хIукму къотIулеблъиги лъалев, ракIги муъминав, гIамалги муслимав ГIамир-ХIамза нуцалил пикру ккола, киналъулго кверщел кодобе кьурав улкаялъулго къадилъун ГIободаса ШагIбан тIамизе. ГIамир-ХIамзаца гьукъичIо гьесие жамигIату-мадрасаялъе бетIерлъи гьабизеги, гьелъул гIаксалда, гIарац биччана цIалул кIалгIа кIодо гьабизеги, къадиясеги чIезабуна щибаб лъагIалил алапа (харж).

Жакъасеб мацIалде буссинабун абуни, доб заманалъул къади кколаан – юстициялъул министрги (назирги), генералияв прокурорги, Верховный Судалъул бетIерги, ханасул секретарьги – гьеб кинабго цадахъ гьабулев хIаким. ШагIбание гьединаб къадилъи гьаби захIматаб ишлъунги букIинчIо, жинцаго дарс кьолеб фикъгьиги къадиясда лъикI лъалаан, кагътал хъвазе гIараб, парс, турк мацIалги гьесие кIиабилел рахьдал мацIаллъун лъугьун рукIана.

ШагIбан-Къадица жиндаго цебе масъала лъун букIана, шаргIиял къануназда рекъон, киналго хIалтIизаризе. Гьес тIамуна щибаб бо рикIкIун (район, участка рикIкIун, боялде цолъулел росаби рикIкIун) бодул къадиялги, гьес ахIулаан чанго къоялъул дарсал лъезе (курсазде) росабазул дибирзабиги, малъулаан гьез къотIун тIуралел хIукмабазул хIакъикъатги. Гьеб заманаялъ дибирзабазда гьоркьоб тIибитIараб махсаро букIине ккола:

Малълъизе лъачIони, къадиги хваги,

КъотIизе лъачIони, дибирги хваги, - абураб кочIолаб абиги.

АнцIила микьго соналъ халкъги ханги разияб къадилъиги гьабун, кIикъоялда анцIго сон гIумруялъул байдал, ШагIбан хIакимлъиялдаса гIодов чIола…

ШагIбан-къадиян абураб цIар гьесда кидагоялъе рекIун хутIана. Гьес, живго цIалулеб заманалда, жиндиего тIаса хъвалел рукIун руго щоларел тIахьал. Гьанже, къадилъи тедал, гьес жинцаго фикъгьиялъул гIелму гIатIид гьабураб щуго-анлъго тIехь хъван буго.

Гьев вукIана магIарулазул динияв жигарчиги, жамгIияв хIаракатчиги, хIакъикъияв гIалимчиги.

Диналъул хIубилъун вукIаниги, гьев кколаан церетIурал пикрабазул тIадегIанаб сакъафаталъул (культураялъул) чи. Гьес жиндирго яс ПатIимат, лъабавго васго гIадин, цIализаюна жиндирго жамигIату-мадрасаялда, паранжаги (билуги) бачIого. Гъумер гIаврат кколарилан, щай гьеб бахчилебан абулаанила гьес гIайиб гьабун кIалъаразда. Гьебни щиб гурин, ШагIбан-къадил ПатIимат, рекIун чодагун, ячIунаанила Хунзахъ базаркъоялъ бахIсазде (дисскусиязде) данделъарал гIалимазул мажлисалде, дагIбаялда гIемериселъ гьей бергьинеги бергьунаанила. Цо нухалъ хIакъикъат рагьичIеб бахIсалдаса хадуб, ГIободе щвезегIан чIечIого, гьелъ Гъонохъ мажгиталъув ватарав дибирасда гордухъан абун буго, пуланаб тIехь кьейилан, цо балагьизе. ГьечIин гьес абидал, гьалъ цойги тIехь рехсон буго. Гьебги гьечIин, «Ижаз» бугилан дибирас абидал, гьесде гьал кочIол рагIабиги абун:

**«МахIали» гьечI, «ХIалу» гьечI,**
**ХIукмуялъе китаб гьечI,**
**Канлъиялъе гьира гьечI,**
**Мун чIваяв, «Ижаз-дибир»,**

- чода цIал кьабун буго, рекIахъе йикIарай ПатIиматица.

Цоги мисал буго ШагIбан-къади гIелцояздаса гIасрабаз цебе араб бичIчIиялъул, тIадегIанаб нафсалъул чи вукIиналъе. ШагIбаница, ПатIиматги ахIун, абун буго: кидаго гIелмуялда тIадчIун мунги тIубаларин, тIубараб гIалимлъи кодоб гьечIесулгун гIумру дуеги захIмалъилин, росасе ине дуцаго цIар чIвайин, жиндие дурцлъун вукIине, дуда цадахъ цIалулезул ДамадангIаги, МусалавгIаги, СалмангIаги вокьилаанилан.

Дуеги диеги бокьараб гIоларин, эмен, эзул кинасе йокьаниги, дун йокьарасе кьейилан абун буго ясалъги.

Инсуца, лъабавго цадахъги ахIун, эздаги бицун буго жиндирго пикру. Дамаданица абун буго, абурайги йигин, гIараб улкабазда тIадеги гIелму босизе ине ракIалдаги бугилан. Мусалас абун буго, дуниял рагIалде ине вугониги, ячинаанин, нижер дагIба-рагIиялъ дур ракI букIкIунеб къо букIинилан хIинкъулев вугилан. Салманица абун буго, абурайги гьечIин, тIаде цIалиги тIахьаздасан гьабилин, гьей щолаго дие хIурулгIинги хIажат гьечIилан. Ясалъул разилъиялдалъун гьей Салмание кьун йиго.

ГьедигIанги цебетIураб гIакълуялъул, гIакъилаб гIамалалъул, гIодобиччараб хасияталъул чи вукIун вуго ШагIбан-къади. Гуребани, додигIан кIудияв мурабинлъун (педагоглъун) вукIинароан гьевги, цIар дунялалда рагIарал гIалимзабилъун рахъинароан гьес цIализаруралги. ЦохIо Къудукьа Мусалав гIезавурав гIелаан ШагIбан-къадие, гьесул махщалил кIодолъи нилъеда лъазе ккани.

Тарбия кьеялъе, гIолеб гIел бокьизе гьесизариялъе гьесул букIараб махщел нилъеда бихьула, ригьнал сордоялъ Салманилги ПатIиматилги

ккараб накъиталдасанги. ПатІимат ун йиго егулеб рокъое, лъабго суалги бахІарасе кьун, гьел суалазе жаваб лъачІони, жий йигеб рокъове къагеян гьесдаги абун. Суалазе жаваб цІехолев, гІелмиял тІахьалги цере тІиритІун, тІубараб мехелалъ хутІанила Салманилан бицен буго… Гьедин гІелму хиралъиялде гІадан вачунеб тарбия кьезе гьунар букІарабги гІоларищ устаз ШагІбан-къадие?..

ШагІба-къадил гІелмаби хиралъиялъги цебетІураб бербалагьи букІиналъги, гьесие диналъул хиралъи дагьаб букІун батилилан ккечІого букІине, лъабалгоги гІалимзаби рахъарал васазда Аллагьасул свалатги саламги лъеяв МухІамад авараг хиралъиялъ лъун рукІарал цІаралги рехсезе ккела: МухІамад, МаламухІамад, НурмухІамад. Махсароялъе, дагьалги васал гьарун рукІаралани, кинал цІаралин лъелел рукІаралин гьикъидал, гьес рикІкІун руго МухІамадрасул, МухІамадгІали, МухІамадсайид абун гІемерал цІарал.

ШагІбан-къади хун вуго 1668 соналда ГІобода. ГІабадерил хабалалъ вукъунги вуго, хобалда тІад гьабураб хъубаги буго, гьенир жанир лъун КъуръаналгитІахьалги рукІана. Гьесул лъималазулги наслуялъулги, хасго Афисатин цІар хъвалей шагІир ПатІиматилги батІаго бицине гІураб хІакъикъат халкъалда гьоркьоб хутІунги буго…

***ГІабасил МАХІАМАД,***
***Дагъисталалъул халкъияв поэт.***




**ГІобода росулъ ШагІбан - къади ракІалде щвезавиялъул хІурматияб хъарщи.**

# Юбилей

## ГIАДАЛЛО ГIАЛИЕВ



*Гьаб соналъул февраль моцIалда 85 сон тIубала магIарулазул цIар рагIарав шагIир ГIадалло ГIалиев гьавуралдаса.*

*ГIадаллол тIоцересел асарал рахъана араб къарнуялъул кIикъоялда анцIабилел соназул авалалда магIарул районазулги республикаялъулги газетаздаги журналаздаги. КучIдузул тIоцебесеб «МугIрул» абураб тIехь Дагъистаналъул тIахьазул издательствоялда шагIирас къватIибе биччана 1963 оналда. Хадусел соназда республикаялъул кIиябго издательствоялъ магIарул мацIалда рахъана гьесул «Нилъ рукIанищан гьикъани», «ГIурччинал гъалал», «КучIдул ва поэмаби», «ГодекIан», «Наслабаз наслабахъе», «МугIрузул гIанса», «Лазатаб гIазаб», «НугI» абурал ва цогидалги тIахьал.*

*ГIурус мацIалде руссинарун, Москваялъул батIи-батIил издательствабазда къватIире рачIана ГIадаллол «Алмазное стремя», «Из поколения в поколение», «Мой аул», «Высокогорный снег», «Гляжу – не нагляжусь», «Воспоминания о любви». Гьединго гьесул асарал рахъана турказул ва цогидалги мацIазде руссинарунги.*

*ГI.ГIалиевасул гIемерал кучIдул ахIула магIарулазул машгьурал кочIохъабаз.*

*Шамил районалъул жиндир гIагараб ГIурада гьоркьохъеб школалдаса хадуб ГIадаллоца лъугIизабуна Москваялъул М.Горькил цIаралда бугеб Литературияб институт.*

*ХIалтIана республикаялъул «БагIараб байрахъ» («ХIакъикъат») газеталъул редакциялда, «Знание» обществоялда референтлъун, ДРялъул Хъвадарухъабазул союзалъул художественнияб литература тIибитIизабиялъул бюроялъул нухмалъулевлъун, магIарул мацIалда бахъулеб «Лачен» журналалъул редакторлъун, Дагъистаналъул киналго мацIазда рахъулел лъималазул журналазул жавабияв секретарьлъун, Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул аваразул секциялъул нухмалъулевлъун.*

*ГIадалло вукIана «Исламалъул нух» ва «Кьоял» абурал газетазул редакторлъунги. Гьес гIурус мацIалда къватIибе биччана Къуръаналъулги исламияб диналъулги хIакъалъулъ дунялалъул цIар рагIарал гIакъилзабазул пикраби данде росараб тIехьги.*

## ВУКІАНА МУГІАЛИМ…

ВукІана цевего дир цо мугІалим,
МагІаруллъи гуреб жинда лъаларев,
Жеги, дир гьидерил расалъи бахун,
Цойги улкаялде гали тІамичІев.

ТІолабго дуниял, абулаан гьес,
Гьалъал щобаз жаниб бачараб бугин.
Цинги рагІал бугин, гІорхъи гьеб кколин,
ГІадамал гьид гурел, кирниги гьечІин.

Бищун гьайбатаб бакІ, гьес рикІкІунаан,
Гьал росабазульги дир инсул мина, -
Рорхатал, халатал рагъаби ругеб,
Рагъиде гьурщарал гьутІбиги ругеб.

Гьениб сардил гІужалъ, лъарал бакъназда
Макьу бачІунаан гьес дие битІун,
ГъотІол гІаркьелазда гьоркьоб моцІги бан,
Булбул тІамулаан дун веэдизе.

Ихдалил бакъулал къояз кьегІергун
КъватІир рахъунаан харибакІазде.
Хъудулеб лъарада, дий «гьобоги» бан,
Гьес пулаан дие муцІидул лалу…

Малъулаан дида хІеренаб куцалъ
ХІамида рекІине, кІанцІун вахъине,
КІичІараб тІилалъул хвалченги гьабун,
Хочбариллъун лахІул михъал кьуризе.

Кьурул парсахъанги хъитІаздасанги
Ххаризе гьавуна гьес дун куцазе.
Ккун вачун, хІинкъараб хІоринивги ччун,
Чвердезе тІамуна, тІаде валагьун.

Вачана, кверги ккун, кивего цадахъ
Ва гьимизабуна гьес дий тІолго ракь.
ТІабигІат бокьизе дарсал малъана,
Инсан хиралъизе божилъи кьуна.

Божана, бокьана… Ракьалда дица
РекІел куркьби хьвагІун, тІавап гьабуна.

Гьайбатаб гурони, дида бихьичIо,
Недегьаб гурони, дида рагIичIо.

ВукIана мугIалим…ратIалъулелъул,
Гьес къаламги босун дий къимат лъечIо.
Лъай гьадинаб бугин, гьав пуланасул,
Печатги чIван кагъат гьес дихъе кьечIо.

## БИЧЧАНТЕ, МУХIАММАД…

Бичанте, МухIаммад, цо щобил бакъан,
Щобалги гIоралги гIенеккуледухъ.
ГIодизабе пандур, дир рекIел гьудул,
Гьелъ гуреб чучичIин дир черхалъул хIал.

Чанги банкетазда гIахьаллъарав дун,
ГIемерал операл рагIана дида,
Амма, гьудулзаби, гьаб нилъер сверел
Сундухъго ракьалда кьелареб дица.

Кьеги гIаламалъул тIолго васазе
Нужер гIадаб рекIел рагьиги цIаги.
Нилъей умумуца ирсалъе тараб
ИяхIги, намусги ва гIаданлъиги.

Дида гьеб кинабго кIоченчIо кибго
Кини таралдаса, лъай щваралдаса.
Ва дир гIумруялъул аслияб мурад
Аза-азар саназ гьеб цIуни буго.

Гьекъезин нахъеги, рахъун чIун лъларал,
Нилъер руччабазул сахлъилдасан,
Нилъер умумузул адабалдасан,
Нилъер гIадатазул хIурматалдасан.

Биччанте, МухIамад, цо щобил бакъан,
Щобалги гIоралги гIенеккуледухъ.
ГIодизабе пандур, дир рекIел гьудул,
Гьелъ гуреб чучичIин дир черхалъул хIал.

## РАГIУЛИЩ, ХИРИЯЙ…

РагIулищ, хирияй, хъудулеб мотор?
Хъамила гьабсагIат гьелъ дун рикIкIаде.
Лъол хъахIал накIкIалъан, чIегIер накIкIалъан
ЧIвараб ракIгун ина дун ватIаналде.

Вахина рорхатал тIогьаздеги дун,
ТIокIкIараб лъарахъги гьабила лъалхъен.
Лъукъарал хьулазул хьухьазулъ восун,
Хьвадила, гьаругьин, расалъабахъги.

Берцинал тIугьдузул квацIаби гьарун,
Гьел дуе ритIизе ина дун чанги.
Амма гьел щвеларо цохIо нухальги
Цойгиясулъ талихI батарай дуе.

Хъвала къойил кагъат, гьабила дуй кечI,
Гьел цIалила дица, гIодов чIун, дийго.
ГIолохъанлъиялда лъаларо цо хIал –
Лъугьина рекIелъе дун цойгиялъул.

Цинги ина заман, роржина санал,
Савуялъ бахчила дагь-дагьккун бетIер.
Дун вукIина гIодов къуларав херав,
Мун хутIила дие даим гIолилай.

## ДИЙ ЦIАКЪ БОКЬУН БУГО…

Дий цIакъ бокьун буго ральдал рагIалда
МаркIачIул гIужалда мунгун дандчIвазе.
Доба гамачI буго, кидаялиго
Дун гIодов кIусараб цо гIолилайгун.

ГIемераб бачIуна дида ракIалде
Долъул недегьаб квер, хIеренаб гьими,
ХIал гьабун къочизе лъугьанин абун,
Лъабго къоялъ дунгун дой кIалъачIеб куц.

Цинги ана заман. РатIалъана ниж,
БатIияб къисматалъ бана дида къвал.
КъотIана гьоркьоблъи, рикьана нухал,
Ахирги щвана дун гьаб шагьаралде.

Шавкъалда хъудула хъахIилаб ральад,
ХъахIал чайкабаз тIад гьабула тIавап.
Гьаругьинан уна доб гамчIихъе дун,
ГамачIгIан цIорораб каранда ракIгун.

Кинабго, кинабго бачIуна цебе –
Долъул недегьаб квер, хIеренаб гьими,
ХIал гьабун къочизе лъугьанин абун,
Лъабго къоялъ дунгун дой кIалъачIеб куц.

КигIан беццалдай дир берал рукIарал,
РекIел асаралъул санго гьабичIел.
Гьорода рекIундай букIараб дир жан,
Жаза гьавун вугин гьанже хиялаз.

ХъахIлъана дагь-дагьккун дир гIадатIа рас,
ГIонсоде къулизе къо бугин щолеб.
Щайдай мун йихьана, дир гIумрудул бакъ
Бакъанил гIужалде гирараб мехалъ?..

Гургинаб дуниял сверулеб букIа,
Свараб цIа цIидасан рекIанин дида.
БукIараб, аралъул агъаз-тIалаб тун,
ТIупаналъулъ вуго лъедолев рокьул.

Ракьалда гьаб гIумру чIамучIлъарав дун
ЧIаголъизавуна дур цо гьимиялъ.
ЧIобоголъи гуреб сверухъ гьечIев дий
Гьабуна цIубазе цIидасан дунял.

…Дий цIакъ бокьун буго ралъдал рагIалда
МаркIачIул гIужалда мунгун дандчIвазе.
Доба гамачI буго карачелазухъ
Кидаго балагьун, нилъги гьечIого.

## Я ДИР ВАС!..

Я, дир вас, дуе кьезе
ГIакълу балагьулаго,
Гьаб дуниялалда дун
Дагьав гуро хьвадарав.

Ккана цIакъго гIасиял
ГIадамазда гъорлъеги,
Малълъана гьез чанги жо
Жавгьар-якъут гIадинаб.

ГIакъилзабазда гьоркьов
Кьерунги ана санал,
Кьуна гьайбатал дарсал
Дие гьезги гIемерал.

ГIумруялъул нухазда
Хвана чанцIулго гьоко,
Гьеб къачIалаго арал
Кьоял мугIалимлъана.

МугIрул тIогьив эхетун
Эхеве валагьана,
Иххалъ кIкIалахъе хъамун,
КIала-гъоркьечIван ккана.

ЦIакъ чIегIераб сордоги,
Сверухъ гьечIеб кан-цIаги,
ЦIадгун гIазу жубараб
ГIажаибаб гьаваги…

Гьединанги букIана,
БатIагоги букIана,
БитIараб жо бицани,
Вас-васалги рукIана.

РакIчIварав дир къаркъала
Къакъана мех-мехалда,
КъанцIцIураб дир лага-черх
ЧчехIлъана гьоркьо-гьоркьоб.

Амма рокьи букIана
Микьнусгоясе гIураб,
Дунял-гIаламалдеги
ГIумруядеги рекIелъ.

ГIемер кумек гьабуна
Кереналъе рокьиялъ,
КьогIаб загьрулъунги гьеб
Лъугьана дие гIемер.

ГIажаибаб жо гьечIищ,
Жеги буго гьалдолеб?
Гьаб черх жагъаллъанагIан
Жигарлъулебги буго.

ЖамгIият бокьарабгIан
Кьаллъана гьеб. ГIаламат!
ГIадамазде цIаравгIан
ЩIулгIана гьел. Тамаша!

ГIумруялъул гьединаб
Къанун бугин абула,
КъуръланалхIа, божизе
БажаричIо дун гьелда.

Гьанже, габурлъи бахун,
Ахалъуде щолаго,
Щибаб чванта килщаца
Кварщулеб буго дица.

Кодобе щолеб гьечIо
Шагьи-пара, я гIакълу,
Щиб гьанже дуе кьелеб
Кьварун вакъварав дица?

Гьикъизе жо батани,
Же, дир гIинда аскIове.
Суал бижун бачIани,
Боржинабе кодобе.

КингIаги чIаго-гIатIго
ХутIаравилая дун?
Хъвараб жо бихьичIого
ВорчIуларо цо инсан.

Ислам малакь мерхьулеб
Борхьазул лъагIелазда
Лъоб Зобалда рекIараб
Гьаб ракьалъ цIунана дун.

ЦIагIан бацIцIадаб гуреб
БуцIцIинчIо гIадалъ пикру,
ГIажаибго хинаб цо
Хъат ккуна гьелъ тIад кибго.

Квешав  чиясда дица
ЛъикIавилан абичIо,
Лъалаго ахирги гьев
Эменхвадав лъугьана.

ЛъикIав чиясда дица
Квешавилан абичIо,
Амма гьеб гIечIев пулан
ГIачIихине лъугьана.

ГIадамасе рецц-бакъгIан
ГIорцIулареб жо гьечIо,
Гьелъул чангиталъ хадув
Чи цIалареб бакI гьечIо.

ЦIунана добго Зобалъ
Дун гьеб агълъиялдаса,
Азалияб дир щукру
Щваги БетIергьанасде.

ШаригIат гуреб къанун
КъабуллъичIо напсалъе,
Исламияб гуреб дин
Дие буго жагьиллъи.

Я, дир вас, дуе кьезе
ГIакълу балагьулаго,
ГIемерав свердана дун
СагIат дуниялалда.

ЦохIо батана дида
Байтулманаб хIакъикъат, -
ГIакълу, мадиро гьабун,
Бегьуларо цоцахъе.

Гьеб нилъеца кьунилан
Кьуруларо гIадалнах,
Кьурда тункичIеб бетIер
КантIуларо бигьаго.

Киназего кIи-кIи квер
Кин щвараб жо, бицея?
Щивасда цо-цо бетIер
ТIад щай гъураб, ургъея?

## МАГIАРУХЪ СОРДО…

Огь, магIарухъ сордо, магIарухъ сордо!
Сордо гьаниб бачIев, вачIа цо щвезе.
Дуе тIабигIаталъ тIубан гьайбатлъи
ТIоцебе рагьила гьаб дунялалда.

Кинаб миллаталъул мун ватаниги,
Буртина балагье гьоболасулъуб.
Гьуинаб бокьани, макьу бачIине,
ГамачI къаданиб лъун, лъугьа чIахIилъе.

ЛъикI щварав гьоболан, гьаругьинан моцI
Гьимулаго, дуде къулила тIаде.
Бакъул бухIи жеги сун батиларин
Свердила дуда тIад недегьаб гьури.

Бигьаро гъутIбузул тIогьазда бигъун,
Дугъ гьабила дуе хъахIилаб зобалъ.
Хъат цIун росейилан, гIодоре рачIун,
КенчIела чIегIерлъукь чIахIиял цIваби.

Бачина дуй бакъан хIоразул къверкъалъ,
ХIайран гьавила мун сардил хIанчIица.
Цинги гIумруялъул арал кьоязухъ
Къанщун бералгун дур балагьила ракI.

Ралъдалъ гама гIадин, мугIрул расалъи
Восун мунгун ина хъахIал накIкIалъан.
Хиялазда гъорлъан дур лугбузулъе
Лъугьина дагь-дагьккун гьуинаб макьу.

## БУКIИНА РАКI БАЦIЦIАДГО

Гьаб соналъул гьаб къоялъ
Къанще дуца бералан
Балагьалъ чапар витIун
Чи инчIо ракьалдаса.

Бокьараб гIажалалда
ГIуж базе бегьилилан,
ГIумруялъ нилъго тIамун,
ТIаса бищун кьечIо хвел.

Хадур гIодулел цоял,
ГIедегIулел цойгиял –
ГIахьалаб ирга буго
Инсан гьоркьов толареб.

БокьанагIан къокъине
Къисмат лъиего гьечIеб
Гьакибер – дунял буго
Даимаб сапаралда.

Цоял тIаде рахъула,
Цоял тIаса рахъула.
Ахир гьечIо, чIей гьечIо,
Гьоко къирулеб буго.

Дирги къоязул гьанже
Гьир тIадагьлъулеб буго,
ТIаса нахъе рахъине
Дийги мех щолеб буго.

Щибилеб, гьудулзаби,
ГьечIо нилъей ине бакI,
БакIаб налъи буго тIад
ТIубазабизе кколеб.

ТIабигIаталъ щивасе
Цебеккунго къачIараб,
БачIаян абе къадар
Къабул гьабила дица.

Къоял кинан аниги,
Ахиралъ квачI базегIан
Каранда бацIцIадго ракI
БукIина дир кьабулеб.

Гьадаб кьуру, кьурда тIад
ТIавап гьабулеб лачен,
Гьедула дун, даим ракI
БукIина дир бацIцIадаб.

БукIина гьеб бацIцIадаб
Дуда цебе, иццул лъим.
Гьалъаб тIохил рагIалда
ГIегIедулеб хIелеко.

ХIамаги цебе къотIун,
Къулун вачIунев херав,
КъулгIадухъе гIеретIгун
ГIедегIун уней дой яс.

ГIурчинаб гьаб расалъи,
Лъарал недегьаб гаргар,
Гьедула дун, даим ракI
БукIина дир бацIцIадаб.

БукIина гьеб бацIцIадаб
Дуда цебе, гьаб росу.
Гьаб росулъ гIумру арал
Аза-азар наслаби.

Насиб кинаб кканиги,
Ахиралъ квачI базегIан,
Каранда бацIцIадаб ракI
БукIина дир кьабулеб.

# Проза

**ПатIимат ГIАБДУРАХIМАНОВА**



## БЕЦIЛЪУКЬЕ ТIАМУРАБ ГАЛИ

***(хабар)***

ГЬел рукIана хасалихълъиялъул къоял. Радалго ворчIун, берал рагьаралго, МухIамадида, къадада бан букIараб календаралда бихьулеб букIана октябрь моцIалъул тIамач. Гьесул ворчIиги букIана захIматаб, къваридаб, рекIелъ рохел гьечIеб. Гьев диваналда мугъги чIван сверухъе валагьана. Институт лъугIаралдаса нахъе чанго сон букIана МухIамадил гьаб гьитIинабго рукъ ккун, гьанив гIумру гьабун вугелдаса. Гьениб бугеб къайи - цIаги букIана хвараб, цIияб мехалда кинаб кьералъул букIарабали лъалареб; хIул-хIулараб, бакI-бакIалда хьалияналъ рухIун картIал рахъараб диванги, гIемерал сонал раялъ хъарс– хъарсараб, тIад багIараб клеёнкаги тIамураб, къокъал бохдузул столги ва, бищунго МухIамадие къваригIунеб, ракI чучулеб, гьасул янгъизлъиялъул гьалмагъ, гьитIинабго телевизорги. Гьев гордухъа къватIиве валагьана. «Гьаб дунялгIаги роцIун букIарабани, дие квешезего гIадин, дир ракI жеги пашманлъизего гIадин, гIодоб цун буго накIкIги, щенолеб буго къотIиго гьечIеб, чIамучIаб цIадги…»

* * *

МухIамадида тIоцее Дайгьанат йихьана цIияб хIалтIуде вачIараб къоялъго. Начальникас, щибаб къоялъ гIадин,  радал сагIат ичIгоялда киналго ракIарулаан жиндирго кабинетаздаса дагьабго кIудияб залалда. МухIамадил хIукму ккана лъихьниги валагьичIого, жиндегоги лъилниги бер щолареб бакIалда гIодовги чIун, кIудиясухъ гIенеккизе.

МухIамадида хьолбохъ гIодой чIун йикIана цо гIолохъанай яс. ХIакимас бицунелде кIварги кьечIого, гордухъа къватIиеги ялагьун, жиндирго пикрабазде гъапуллъун йикIана гьей. Цинги, дандеракIариги лъ-

угIун, цо-цоккун къватIире, жидер-жидер кабинетазде унаго, ясалъулги МухIамадилги балагьи данде ккана. Гьей щибго гьурмалъаги хисичIого, гьасде кинабгIаги кIварги кьечIого цеехун ана. Амма…амма МухIамадида ракIалде ккана, циндаго бухIараб цIулал хIенехI ургьимесалъубе бортанилан. Йохъ, ясалги лъаларев, гьезиеги рекIее гIоларев чи гуро гьав вукIарав. Институталда цIалулеб мехалъги рукIана гьасие рекIее гIолелги, гIезегIанго гьав рекIее гIолелги ясал. Амма Дайгьанат… Гьей батIияй йигин ккана МухIмадида. Гьелъул букIана, алжаналдаса ячIарай хIурулгIиналъул гIадаб, хIеренлъиги, нечейги жубараб, гIажаибго берцинаб гьумер. Гьелъул тIокIкIарал гIурччинал берал гIадамасухъ ралагьулел рукIана, космосалдаса рачIарал, тIоцере рихьулел чагIазухъ гIадин, цо тамашаго. Гьезул гъварилъуда букIана бацIцIалъиги, жеги гIумруялъ хъублъизабичIеб роцIенги. Расги кьунсрулги цого кьералъул букIана; чIегIераб гуреб, тIулакьераб букIанин ккола гьеб. МегIер букIана гьитIинаб, ясикIоялъул гIадаб, кинабгIаги чIвазе багьана гьечIеб; багIарал тIеренал кIутIби гьитIинаб лъимадул гIадал, тIеренал рукIана. Амма… амма бищунго гьей берцин гьаюлеб жо букIанин ккола гьелъул гьурмал кьер – гьеб букIана гIазухъахIаб, жаниса канлъи бихьулеб гIадаб, лъагIел бараб лъимадул гIадаб, гIанабазда лъалеб- лъалареб багIарлъиги кIутIараб.

МухIамад вукIана гьоркьохъеб черхалъул, чIахIиял, чIегIерал, гъарилъуда цо кинабалиго, лъидаго бичIчIулареб бальголъиялъул пашманлъиги рекIарал, берцинал беразул; чIегIераб ризаб расалъул, бищунго рорхатал мугIрузда гIурав вукIиндал батилилан жинцаго махсаро гьабулеб, бакьулъа цодагьабго гохIккараб гьумералъул, цIакъго тамахаб ва хIеренаб гIамалалъул, 27 сон балев гIолохъанчи.

Гьев кутакалда хирияв вукIана гьудул-гьалмагълъиялъе. МухIамад веццулаан росуцоязги. Гьес эбелалъул гьабулеб хIурматги бихьун, гьелъие гьабулеб кумекги бихьун, адабги бихьун, гьез абулаан, МухIамад гIадал лъугьагийин киналго васалилан.

* * *

Гьанже щибаб къоялъ радал хIалтIуде унаго, МухIамад къадада бараб гьитIинабго матIуялъуве нусго нухалда валагьулаан. Доб къоялдаса нахъе гьесул цIалеб хIухьелги, тIамулебщинаб галиги, абулеб рагIиги, ботIролъ женжедулел пикрабиги – киналго рукIана Дайгьанатги рекIелъ ккун. Амма гьес гьелда цониги рагIи абичIо. Киноялде букIаниги, паркалде букIаниги, гьадинго шагьаралъул къватIахъ тира-сверизе букIаниги, киениги цадахъ йилълъайилан гьаричIо. Гьасие гIун букIана гьей ракьалда йикIин, гIун букIана гьей гьесда щибаб къоялъ йихьулей йикIин, гIун букIана гьелъухъ валагьизе, анищал гьаризе рес щолеб букIин.

Цо къоялъ, ракIалдаго гьечIого, шагьаралда дандчIвана гьал. Гьеб букIана киназего гIахьалаб шагьаралъулкъо гьабулеб байрам. Хинал сентябралъул къоял рукIана гьел. Гьединаб къоялъ живго рокъов вукIинеги бокьичIого МухIамад гьудуласухъе ана. Гьел кIиялго цадахъ рилълъана ральдал рагIалда бугеб ахикье. Гьенир тIоритIулел рукIана районазул концертал. Абизе бегьула, гьеб къоялъ кинабго халкъ гьенибе бакIарун

букIанилан, рокъов чиго хутIун вукIун ватиларин. МухIамадги гьесул гьудулги мороженоеги кваналаго, ральдал гьелчолел карачелазухъги ралагьун, хабар-кIалалда рукIана. Циндаго нахъасан ячIун цо ясалъ гьалмагъазул бераздa хъатал чIвана:

- Воре, дир очкаби рекизе гурин дуца, Мадина, - ян гьимана гьалмагъ.

- Балагье, унго, битIун бицана. Гьанже божула дун дуда, - ян елъанхъана гIолохъанай яс.

- Мун, Мадина гьаний цохIо мунгойищ, яги… - ян, очкабиги гьурмада рекъезарулаго, добехун-гьанибехун буссинабуна гьес бетIер.

- Гьудулги йиго цадахъ, доле ячIуней? – янги абун гьелъ ричарулел гIадамал ругеб рахъалдехун квер битIана.

Гьелъ квер битIараб рахъалдехун валагьарав МухIамад цIорон хутIана, гьазда аскIое гIагарлъулей йикIана Дайгьанат. Гьев гIащикъго гьелъухъ валагьун хутIана. Гьаниб, ральдал рагIалда, гьаб байрамкъоялъ гьанир ракIарарал гIадамазда гьоркьой жеги гьайбатго, чалухго ва берцинго йихьана гьасда Дайгьанат. МухIамадил ракI хехго кьабизе лъугьана. Гьесда лъалеб букIинчIо щиб гьелда абилеб ва кин живго вукIине кколевали.

- Баркула нужеда байрамкъо, - ян гьимана гьей, жиндирго роцIараб, лъидаго релълъинчIеб гьимиялъ.

Гьей цодагьайго йихханин ккола МухIамадида берчIварабго. Гьелъул гIанабазда лъалеб-лъалареб багIарлъи кIутIана. Амма гьелъ хехго жийго якIа-яхарана.

- МухIамад, мунгийищ гьанив?..

МухIамадица гьалмагъасул Дайгьанатилгун лъай-хъвай гьабуна:

- Гьай Дайгьанат йиго… Ниж цадахъ хIалтIулел руго…

МухIамадие кумекалъе талихIалъго ватана гьалмагъ. Гьес абуна:

- РачIа цадахъ тира-свеpизе, нуж рази ратаниха, - гьев Мадинахъ валагьун чIана, гьелъ кинаб жавабдай кьелаян.

- Ниж разиял руго, - ян абуна гьелъ гьурмаде гьимиги рехун, цинги гьалмагъалъухъ ялагьана. Дайгьанатица щибго абичIо, гьелъ гъуждул рикIкIинаруна, жийги разияй йигилан абулеб магIнаялда.

МухIамад кутакалда вохиялъ, гьеб гьезда бихьизе гурилан ральдахъехун вуссана…

Доб къоялъ кватIизегIан цадахъ рукIана гьел. Дайгьанат хIалтIулеб бакIалда гIадинай йикIинчIо гьеб къоялъ. Гьей йикIана хIеренай ва гIадатияй. Гьелъ бицана жиндирго хIакъалъулъги, эбел-инсулги, цогидалъулги. Гьанже МухIамадида кколеб букIинчIо гьезда гьоркьоб гъваридаб кIкIал бугилан, гьел гIезегIанго цоцаде гIагарлъана гьеб къоялъ. ГIемер кIалъачIонги, гьесул берзул балагьиялъги намуслъиялъги бицунеб букIана рагIабаздасаги цIикIкIун.

Бакъанида, жиде-жидер рокъоре ине рахъ-рахъалде рикьулаго, гьалмагъас абуна жив Мадина рокъое щвезайизе унев вугилан. МухIамадида лъалаан, кигIан жиндие бокьун букIаниги, жив Дайгьанат рокъое щвезайизе ине бегьулареблъи, гьей чияр абурай йикIиндалха. Гьел цо лахIзаталъ цоцахъ ралагьун хутIана. Гьеб балагьи гIадатияб букIинчIо. Берзул

балагьиялъ гIемераб жоялъул бицуна гьеб бичIчIулесда, рагIабаздалъун абизе кIвечIебги, бегьуларебги. Цинги гьел, хIеренго, намусго, цоцазе гьимана.

- Метер хIалтIуда рихьилаха, - ян абуна Дайгьанатица…

Гьанже гьал рукIинчIо цоцае чиярал чагIи. РукIана цадахъ хIалтIулел гьалмагъзаби. МухIамадида лъалаан Дайгьанат цогиясе абун йикIинги, гьей ресалда ругел эбел-инсул яс йикIинги ва гьей батIияб миллаталъул йикIинги. Гьел кIияздаго гьоркьоб букIана, гали тIамун рахунареб, кIанцIун щолареб, гъваридаб кIкIал. Гьеб гьедин букIаниги щиб…кин рекIее кьелеб гIадлу… кире рехилел анищал…киве ворчIилев хьулазул цIурал гIолохъанчиясул пикрабаздаса.

Ракъван гIодоре ртулел тIогьилал тIанхазулъ бихьулеб букIана гьасда гьанже гIажаибаб, цебехун хал гьабулеб букIинчIеб берцинлъи. Шагьаралъул къватIал къотIун, автобусалда рекIун, хIалтIуде унагоги, бакъанида хIалтIудаса рокъове вуссунагоги, батIи-батIиял гIадамалгун дандчIвалаго, гьезул хал гьабидал, гьасда гьел рихьулел рукIинчIо цере гIадин цо куцалъул, цо гьумералъул, чиярал, рикIкIадаса чагIилъун. Циндаго киналго гIагараллъун, берциналлъун лъугьана, щивасе цо кинаб букIаниги лъикIлъи гьабизе бокьун букIана. Жаниб ракIги гIадалнахги – киналго рокьуца цIун рукIана.

* * *

Унел рукIана къоял, гьел рукIана цоял цоязда релълъаралги, рукIана релълъинчIел, цо-цо лъугьа-бахъинал кколелги. МухIамадида лъалеб букIана цо щиб бугониги жинца ургъичIони, гьабичIони, зодоса гIодобе рехун талихI жиндихъе бачIине гьечIеблъи. Гьесда ракIчIун лъалеб букIана Дайгьанатица тIоцебе жинда данде галиги тIамун, рокьи загьир гьабизе гьечIеблъи. Гьей чияр абурай йикIана, кIиабизеги – гьелда бихьулеб букIана жий МухIамадие рекIее гIун йигеблъи.

Къойидаса къойиде цIикIкIунеб букIана МухIамадил рекIелъ гьелдехун цIай. Гьасда ракIалдецин кколеб букIинчIо гьей тун цогияй ясалъ, цо кида бугониги, жиндир рекIелъ бакI кквелилан. «ВахI, гьой чияр абурай йикIаниги щиб, ячарай гьечIелъул, – абун живго жиндцаго гIодовиччазавулев вукIана цо-цо мехалъ гьес. – Дун батIаго цогияздаса къуравищ вугев, куц-мохъ гьечIевищ вугев, магIна-гIорхъи гьечIевищ вугев? ГьечIоха дир бечелъи. Щиб гурин гьабилеб, дунги вукIинаро гури кидаго мискинго. ЙикIаниги щиб батIияб миллаталъул, дагьалищ рачунел батIияб миллаталъул ясалги, гIезегIан талихIаб гIумруялда руго дида лъалелщинал гьединал. Гьаб хIалаллъ, щай дица диего гIакъуба кьолеб? Щиб лъалеб… хIалбихьичIони, гIумруялъго рекIекълъизе бегьула гури дун… Аллагьасул хьвай батичIони – гьеб мехалда балагьила щиб хадубккун кколищали гьаб гIумруялъул… Гьанже…гьанже дун вуцIцIухIун чIани, дойги абурасе ина, килщал рукъулев дунги хутIила…», – МухIамадица цо лахIзаталъ цебечIезабуна цойги чIужугIадангун цадахъ ине бугеб жиндирго гIумру. Гьесда ракIалде ккана гьеб гьесул гIумру букIинарин, гьевги МухIамад вукIинарин, гьесул рагIад гIадав чи вукIинин. Цинги херлъараб къоялъ

гьес пикруги гьабилин, жиндирго анищги хабалъ букъун, чияр гIумру гьабулаго анин жиндир соналилан. Гьелдаса пашманаб жо щибха букIинеб. «Дайгьанат… Гьей йикIина гIумруялъго цогиявгун, цогиясе гьарила лъималги… Йохъ, гьеб букIине бегьулеб жо гуро. Дица гьелда жакъаго абила, цинги кватIун букIине бегьула… Гурони, сунцаниги вохизавиларо дун, щибго къваригIинаро дие. Къварилъахъдилаго гIумруги ина, гьединав чиясул чIужуги талихI бугейлъун йикIинаро, лъималги талихIал рукIинаро…»

Пикрабалъ, ургъалилъ тIерхьун, вас-васдилаго, бусада довехун-анивехун сверун, макьу щоларого рогьунеб букIана МухIамадица сордо. Кинго кьижизе кIолеб букIинчIо. Радал хIалтIудеги ине кколелъулха. Рогьалилъ гьев жиндаго лъачIого гъапуллъун ватана. Макьилъ бихьаралъ хIинкъизавун, тIуркIун ворчIана. Берал рагьана, цинги жеги къанщана. «Щайдай дида гьадаб макьу бихьараб?.. Цо жо ккезехьин буго. Дида церехунги рихьулаан макьаби, гьел гIемерисел тIуралелги рукIана. СундуегIагидай бихьараб? Эбел унтун ятани?..»

МухIамадида макьилъ бихьана кIудияб, берцинаб мина. Гьеб минаялъул цо гордухъан яккун ячIана Дайгьанат. Гьесие бокьун букIана гьелъухъе нух бахъизе, амма нуцIа щулаго рахан букIана, гьенир кIудиял кIулал ран рукIана. МухIамад рукъ сверун вилълъана жанибе нух балагьулаго. Гьесул хьул букIана Дайгьанат гъоркье ячIинин ва гьелъ гьесие нуцIа рагьилин. Нахъойги эхеде ворхарав гьесда тIаса гIодоре жиндихъ ралагьун рихьана Дайгьанил эбелги  эменги. Гьел гьасухъ ралагьун рукIана кванaзе жо къваригIун жанибе нух балагьулев мискинав, пакъирав гьардухъанасухъ гIадин. МухIамадица нахъойги нуцIа рагьизе хIалбихьана, амма гьеб цIакъ щулаго къан букIана. Чара хварав чи гьев, гьеб бакIалда гIодовги чIун гIодана. Гьесда бичIчIана жинда кинго жанибе нух бахъизе кIвезе гьечIеблъи, жив лъицаниги жаниве виччазе гьечIеблъи, жив къваригIарал чагIи гьанир гьечIеллъи… Циндаго дунял бецIлъун ана, кутакалда цIад базе лъугьана. ТIадеги вахъун, гьениса нахъе ине бокьун букIана МухIамадие. Амма гьесда кинго кIолеб букIинчIо тIаде вахъине, гьев ракьалда рекIун гIадин хутIун вукIана. Циндаго тIаде кIанцIун бачIана чIегIераб, гъугъараб, хIабургъараб лъар. Гьелъ восун унев гьасда рихьана хаду-хадур рекерулел, ахIдолел Дайгьанатги гьасул жиндирго эбелги. МухIамадица хIалбихьана лъедезе кIолищали. Гьесие бокьун букIана рагIалде ворчIизе, амма циндаго тIаде гьулчун бачIараб залимаб карачелалъ гьав гъварилъуде цIан ана…

МухIамад ворчIана жиндирго талихIкъараб, хIалуцараб гьаркьихъе. Гьев, унго-унголъунги векерулев вукIарав чи гIадин, гIетIалъ виччун вукIана, свакаялъ рухI лъугIун, тату гьечIого, унтарав чи гIадин, вагъаричIого вегун вукIана. Цо жеги лъалареб, бичIчIулареб, амма жинда нахъе гъезе кIолареб, гIассияб балагь тIаде бачIунеб букIин бичIчIана гьесда. Циндаго дуниял чIегIерлъун, чIобоголъун ана. Гьев тартадилаго тIаде вахъана, чайцин гьекъечIого, гIедегIун хIалтIуде векерана.

* * *

ХIалтIул къо лъугIун хадуса МухIамад рокъове киданиги гIедегIулароан. Гьеб къоялъги гIедегIулев вукIинчIо. Бихьараб макьуялъги кьогIал пикрабазги чIобогояб, янгъизаб рокъове инеги бокьуларого, кабинеталъул гордухъа къватIиве валагьун хутIун вукIана. Циндаго нуцIа рагьана. Дайгьанатил, бадиве валагьизе барахщилеб берцинлъиялъул гьумер жанибе баккун бачIана. Гьелда лъан букIун батилаха МухIамад гьенив вугеблъи, гьей гIажаиблъичIо гьев цохIо живго кабинеталъув ватидал.

– МухIамад, тIасалъугьа, нижер кабинеталъуб телефон хIалтIулеб гьечIо. Дие гIемераб бакIалде ахIизе къваригIун буго… Дур заман батани, валагьиларищ гьелъухъ, киналгоги ун цохIо дунго хутIанин.

МухIамадил ракI кутакалда кьабиялъ, гьанже гуреб гьанже къватIибе кIанцIун ун, гьелда цебе гIодоб речIчIилин ккараб хIалалда букIана. Гьев гIисинккун сородана. Цо лахIзаталъ рагIи абизеги кIвечIого, гьалгъан гьелъухъ валагьун хутIана. Цинги бакъвараб гьаракьалъ, гьес, хIалицаго, абуна:

– Валагьила, узухъда, валагьила…

Телефоналъул квар тIун батана. МухIамадица бигьаго къачIана гьеб. Жиндирго сороди Дайгьанатида бихьизе гурилан, халатбахъун, цIакъ гIодове виччан гьабуна гьес гьеб хIалтIи. Цадахъго гьаб-добалъул бицун гара-чIварулелги рукIана гьел. Амма рекIел кIутIи кинго гIодоцунеб букIинчIо. «Гьанже буго бегьулеб лахIзат, гьанже абичIони, тIокIалъ киданиги дида гьеб абизе кIвезе гьечIо… Аллагьас кумек гьабулеб буго дие…»

– Дайгьанат, – ян абуна гьес, цо лъалхъиги гьабун, цинги тIадеги жубана: – Дуе дурго абурав вокьулищ? Нуж цоцазе рокьунищ абун ругел? Яги…

– Гьев ккола инсул гьудуласул вас. Гьесул эменги дир эменги руго цо бизнесалъул хважаинал. Дун гьесие ячани, щибго кIийиде бикьизе кколаро. Кинабго нижее хутIула. Дир абурав Москваялда аспирантураялда цIалулев вуго. Ахираб заманаялъ гIемер цоцахъе кIалъаларо, кагъталги хъваларо, досул заман батиларин дица гьесие квалквал гьабуларо. Гьанирги ниж гIемер рихьулароан цоцазда. Рихьизеги щайха нижее гIумру цадахъ ине бугел чагIазе, хадур чIалгIинеги бегьула гури цоцада, – ян гьимана гьей. – Дурги ятилаха абурай яс магIарухъ. Эбелалъ абун ятила, уйищ? – ян гьей гьимулаго гьесул бадие ялагьун чIана.

«Дида бичIчIулебани гьалъул гьими…щиб гьелъулъ бахчун бугебали…Нагагь дица мун дие рекIее гIолин абуни, гьей дида тIад елъанхъани, щиб гьабизе бугеб дица? Кин дун гьелдаса хадув гьелъул бадиве валагьизе вугев? Кин ниж цадахъ хIалтIизе ругел? Гьей кидаго, дун вихьанщинахъе, рекIелъго дида тIад елъанхъулей йикIина гури… ВуцIцIухIун чIун лъикI, доб макьуги гIадада бихьараб жо батиларо…». МухIамад вуцIцIухIун чIана. Жиндирго пикрабалъ тIерхьун вугев гьесда гьелъ кьураб суалцин кIочана. Гьев къватIиве ине нуцIихъе щвана. «Йохъ, дица абила. Бокьараб ккаян абе. ТIокIалъ гьадинаб санагIатаб лахIзатги букIинаро гури. Абунго рекIекълъун лъикI, абичIого рекIекълъизегIан… Кидаллъи-

згIан дица диего гьаб гIазаб кьезе бугеб… Ккараб ккела… ЦохIо дунищ йокьулей ясалъ тарав?..»

– Дайгьанат, – ян шурана гьес, хIалицаго жиндагоцин рагIулеб гьаракьалъ, – цебего гьикъизе бокьун букIана, цебего абизе бокьун букIана… дида мун тIоцебесеб къоялдаса нахъего рекIелъ йосана. Мун чияр абурай йигеблъиги лъан, вуцIцIухIун чIана… Мун…дуе вокьулищ дурго абурав, яги…

Дайгьанат йиххичIо ва гIажаиблъичIо гьесул рагIабазда. Гьелъие гьевги гIолаан рекIее, амма гьелъ гьел пикраби рекIелъ ханлъи гьабизе риччалел рукIинчIо. Гьелда лъалаан жий абурасе инчIониги, МухIмадие эбел-инсуца кьоларейлъи. Гьелъул кIудияб хабар-кьалги ккезе бугеблъи, гьезул изну гьечIого, тIамун тIаса галигун жийги унарейлъи. Гьелъие цIакъго-цIакъ хириял рукIана эбел-эмен, гьей гьезие гIоло хвезецин разияй йикIана.

– МухIамад, дуда лъалищ… – гьей цо лахIзаталъ гIенеккун чIана, – гьанже гьелъул бицине цIакъго кватIун бугин ккола… Дир эбел-эмен… дир эбел-инсуца дун дуе кьоларо… Гьанже гьелъул хабар бицун нилъее ккезе жо гьечIо…

Доб къоялъ МухIамад, автобусалдаги рекIинчIого, лъелго вилълъана рокъове шагьар къотIун, гьелъул цо рагIалдасан цогияб рагIалде. Гьесие бокьун букIана рокъове кватIун щвезе, щваравго кьижизе… Ургъизе, пикраби гьаризе заман хутIунгутIизе. Гьев кутакалда свакан вукIана.

* * *

Ана жеги цо чанго къо. Гьеб букIана октябрь моцIалъул ахир. Хаселги цIоройги тIаде щвелалде магIарухъе эбелалъухъе ваккизе бокьун букIана МухIамадие, гьелъие кьиндалие гIураб цIулги хIадур гьабизе, гьор-бокьги къачIазе, цоги къваригIараб-тарабги лъазе.

БукIана гьатIан къо. Гьав рокъов вукIунеблъиги лъан, гьасухъе ячIана рукъалъул хважаин  Муслимат. Гьей батIаго квешай чIужу йикIинчIин ккола, амма МухIамадие гьей йокьулароан. Щибниги квешлъи гьелъ гьасие гьабун букIинчIо, амма цо кинабали лъалареб рокьукълъи букIана гьелдехун, йосулей йикIинчIо рекIелъ. Гьанжеги, нуцIидаги кIутIун, гьей жание яккидал, кигIан яхI гьабизеян лъугьаниги, цо бичIчIулареб рекIе-егIечIеблъигун валагьун чIана гьев Муслиматихъ.

– ВорчIами, МухIамад, – ан абуна гьелъ гьасдаса бералги рахчулаго. Бихьулеб букIана гьелъие цо жо абизе бокьун букIин ва гьеб кин гьесул ракIхвеларедухъ гьабилебали гьей ургъулей йикIин. – Лъаларо кин дуда абилебалиги, нижее бокьун гьаб рукъ къачIазе, ихдаде васасе чIужу ячине хиял буго. Гьаб моцI лъугIарабго дуца цоги рукъ балагьизе ккела. ГIайиб гьабуге…

Гьеб букIана ракIалда гьечIеб жо. Гьев цодагьалъ вуцIцIухIун чIана гIодобе къулизе бетIерги биччан. Цинги хехго живго кверде восана, вакIа-вахарана.

– ЛъикI бугоха, Муслимат. Рукъалъул хважаинзаби нуж ругелъул, нужеца абураб дицаги гьабиларищха. Баркала, цоги рукъ  балагьизе за-

ман кьуралъухъги. Дицаги жакъаго байбихьила цоги бакI балагьизе, гьудул-гьалмагълъиялда абила.

ТIокIалъ гьей йихьизеги бокьичIого, кидадай гьей нахъе инеян валагьун вукIана МухIамад.

Муслиматидаги гьеб бичIчIун батизе бегьула. Гьей, къо-мехги лъикI гьабун къватIие ана.

МухIамадица жиндирго ретIел-хьит бакIа-бахарана. Гьесул гIемераб къайи-цIа букIинчIо. Рукъ-бакI бацIцIана. Гьасул жеги тIубараб анкьалъ ихтияр букIана гьанив вукIине, амма гьасие бокьичIо заман бахъизе. Цинги итни къоялъ хIалтIуде щварав гьасда, радалисеб данделъи лъугIарабго, начальникас абуна жиндир кабинеталде ваккейилан.

– МухIамад, – ан абуна гьес столалда тIад ругел кагъталги дорехун-гьанирехун лъолаго, гьасул бадивеги валагьичIого, – добехун-анибехун хабар сверизабун щиб ккелеб, дие абизе бокьун буго дуда, бачIун буго буюрухъ цо чанго чи хIалтIудаса нахъе гьавизе, нилъер гьанир цIикIкIарал хъулухъчагIи рагIула… Дие расги бигьаго букIинчIо гьеб суал рагIалде бахъинабизе. Дида лъала, мун лъикIав васги ракIбацIцIадав хIалтIухъанги вугевлъи, амма мун вуго гьанив ахирисел хIалтIуде росаразул цояв. Мунги кколев вуго нахъе унезул сияхIалде… ТIаса лъугьа… Гьаб моцI лъугIизегIан мун вукIинаха гьанив, цинги… цинги цоги хIалтIи балагьизе ккелаха. Дицаги дидаса бажарараб кумек гьабила дуе, нагагь кибниги бакI бугилан рагIани…

МухIамадида ккана циндаго жинда тIаде кIудияб гьорчо гирун бачIанилан. Гьеб гьорчоялъ живги цадахъ вачун унев вугин, цебе бугеб гъваридаб кIкIалахъе ва, квер базе бакIги щвезехъин гьечIин. Гьев цо лахIзаталъ цIорон хутIана.

– БичIчIана, Мурад Мусаевич, бичIчIана... Щиб гурин гьабилеб, буюрухъ буго буюрухъ… Баркала дуе киналъухъго. Дица жакъаго байбихьила хIалтIи балагьизе…

Кабинеталде щолев МухIамадида ракIалде ккана цадахъ хIалтIулел жиндихъ кIудияб гурхIелалда ралагьулел ругилан. Гьесие бокьун букIинчIо цIакъго чарахваравлъун живго гьезда вихьизе. Гьес хIал лъазе течIо лъиданиги. Кидаго гIадин сабурго ана жиндирго столалда нахъа гIодов чIезе. БакIги нахъегIан хъурщун, гIодов чIезехъин вукIаго, гьесул бер речIчIана столалда тIад бугеб телефоналъул аппараталда гъоркьа баккараб открыткаялда. ЦебегIанги хъурщун, гьеб цIалулаго, МухIамадил гьурмал кьер хисана ва гьес берал къанщана. Гьелда хъван букIана: «ХIурматияв цадахъхIалтIулев ГIалиев МухIамад, мун ахIулев вуго, бачIунеб гьатIан къоялъ букIине бугеб дир берталъе… Закирова Дайгьанат…» Гъоркь хъван букIана заманги бакIги.

МухIамадида тIокIалъ щибго бихьичIо. НакIкIукьан гIадин рихьана гьесда жиндихъ ралагьарал гьалмагъзабиги, гордухъан валагьидал къватIиб щенолеб, къотIиго гьечIеб гьаб чIамучIаб цIадги. Гьесда ракIалде ккана киналго гIадамалги, балагь бачIунеб бугилан, гьаб дунялалдаса нахъе тIурун, цохIо живго хутIанин янгъизго гьеб тIаде бачIунеб балагьалда цевейилан ва жиндаса талихIкъарав чиго ватиларин гьабсагIатал-

да тIолабго дуниялдагойилан. Гьес столалдаса кинабго бакIа-бахарана. Цинги кабineталъул кIулал кьуна аскIов гIодов чIун вукIарав Зайналихъе

– Дун цо лъикI гьечIо гIадин вугин ккола, Зайнал. Рокъове ина вегизе. Метериде мадар лъугьине бегьула. Гьале кIулал, духъ толел руго… Дун ана. Къо-мех лъикI…

Гьев къватIиве лъугьана. Кинабго макьилъ бихьулеб жо батилин, гьадин букIине рес гьечIин ургъулев вукIана гьев балеб цIадакь лъелго рокъовехун валагьун унаго. Йохъ, ккураб рукъ нахъе унеб бугилан яги хIалтIудаса нахъе ине ккoлев вугилан гуро МухIамадил гьедигIан цIакъ чара хун букIараб. Гьев вукIана сахав, институтги лъугIарав гIолохъанчи. Рукъ батизе кIолареб жо гуро, хIалтIи камунги гьав хутIиларoан. Гьесул чара хвезабуна, хIатIазда гъоркьа ракь билана Дайгьанат гьадигIан хех-го росасе уней йигин абураб хабаралъ. Гьей чияр абурай йикIин лъаниги, гьей жиндие щвей щакаб жо букIаниги, пайда щиб, гьасул ахирисеб лахIазаталде щвезегIан хьул букIана, цо сунцаниги гьезул бертаде квал-квал гьабилин, Аллагь жинда гурхIилин, ва ахир-къадги жал данделъи-лилан. Жакъа жиндирго столалда тIад гьав берталъе ахIараб открытка бихьидал, МухIамадида бичIчIана жиндирго анищал хабалъ рукъулел рукIин, тIокIалъ киданиги гьел чIаголъизе гьечIеллъи, гьезда цадахъго живгоги хабалъе унев вугилан ккана гьасда ракIалде.

Гьав, шагьаралъул къватIал къотIун унаго, дандечIваращинав чиясул бадиве валагьулев вукIана. Гьезул щивасулъ жиндиего хвасарлъи бала-гьулев вугев гIадин. «Кирха нуж ругел, гIадамал? Квер кьезе чигойищха гьечIев? Беццалищха ругел? Цонигияс гьикъулеб гьечIо щай дун гьади-гIан пашманго вугевилан…

МухIамадида рихьулел рукIана аскIосан унезул ва данде рачIунезул гьурмалъ киналгIаги гIаданлъиялъул гIаламатал гьечIеллъи, гьесде кIвар кьолев чи кколев вукIинчIо, гьезул рукIана беццал библиотеке… беццал beralgi, чIорогоял ва вахIщиял ракIалги. Циндаго гьесул хIалимаб рекIелъ бижана гIадамазде-хун кутакаб рокьукълъи. Гьасда ракIалде ккана гьездаса вахIщиял, ццидалал, жидерго гурони цоги лъилниги ургъел гьечIел чIагоял жал гьаб ракьалда ратиларилан…

Рокъове щваравго гьес нуцIа щулаго рахана. ТIаса ретIелги бахъун, цIорораб бусада вегана…

Хадусеб къоялъ радалго, киналдасаго ракIбуссарав, лахIчIегIерлъун шагьарги бихьарав, гьениб бугебщинабги рихарав МухIамад нухда вахъ-ана магIарухъе ине. Цадахъ жиндирго ретIел-хьит лъураб сумкаги боса-на, толеб бакIалда рукъалъул кIулги тана ва тIокIалъ киданиги, гIемераб пашманлъи жинда бихьараб рокъове тIадвуссинарилан щулияб къотIиги гьабуна.

Цебеккунги, цо щиб бугониги ургъел ккараб жо бугони, МухIамад магIарухъе гIедегIулаан. Гьениб гьесул ботIролъе гIакълуги бачIунаан, пикрабиги роцIунаан, рорхатал, кутакалда жиндиего рокьулел мугIру-зухъги валагьидал, гьесул рекIелъе сабруги лъугьунаан. Цинги ракIги гIодобе биччан, кин-щиб гьабилебали лъалел хивалазулги цIун, рухIгIан жиндиего хирияй эбелалда къвалги бан, гьав шагьаралде тIадвуссунаан.

«Щиб лъалеб, гьаб нухалдаги дие гьавураб рукъалъги дир лъимерлъи жаниб арал къватIазги кумек гьабизе бегьула гури…» – абун ракIалде ккана гьасда. Амма цо гIемер кIудияб божилъи гьедин ккелилан букIинчIо. Гьединлъидал, кунчIун бачIараб цIадул хIенехI гьебсагIатго сун ана рекIелъ.

* * *

Бакъанил гIужалда щвана МухIамад росулъе.

Эбелалъул рохалие гIорхъи букIинчIо. Гьелъ гIедерго печалъуб тIадеги цIулги лъикIаланго ракги лъуна, рукъ хехго хинлъизе. Цинги бищунго васасе рокьулел, гьанги картошкаги журарал цIурачадал гьаризе лъугьана.

– Гьа, эбел, кинха мун йигей? Сахлъи кин бугеб дур? Росулъ батIияб-цIияб хабар щиб бугеб?

– Квеш гьечIо, дир вас. Сахлъиги, Аллагьасе рецц, квеш гьечIо. КигIан лъикIха мун жакъа эхеде ваккарав. Метер нилъеда гIачиязул рохьдода ине ирга буго. ТIад хинаб ретIелги ретIун ине ккелаха, дир вас, дие гьанже захIмалъулеб буго магIарде яхинеги. Мунго кин вугев? ХIалтIи-иш кин бугеб?

– Кинабго лъикI буго, эбел. Щибго камураб жо гьечIо дие. Хважаиналъ абуна, дица цоги рукъ балагьизе ккезехъин бугин, дун вугеб рокъоб ремонт гьабизе къваригIун бугила, ихдал васасе чIужу ячине. Гьудуласда тIад къан тана, дун вачIиналде рукъ балагьизе. Гьеб цIакъ бигьаяб иш бугелъул…

МухIамад жанивго разилъана эбелалъ гIачиязул ирга тIаде щун бугилан абидал. «Гьеб цIакъ лъикI ккана, метер дун рохьододе ине ккей. Дие щивго вихьизеги лъидаги кIалъазеги бокьун гьечIо. Байбихьила цIехолдизе щиб-кинилан. Гьоболлъухъ ахIила… Йохъ, дие гьабсагIат гьеб буго захIматаб жо…»

НахъалъизегIан хутIана эбелги васги гъасда гIодорги чIун, гара-чIварулаго. Цинги МухIамад вегизе жиндирго кIудияб рокъове ана. Эбелалъ цебеккунго токалъул печь биччан букIаниги, гьениб квачан букIана.

Радал цудунго ворчIарав МухIамадида, гордухъан къватIиве валагьидал, накIкIги лъураб, цIадги щенолеб къо бихьана

– Балагьеха, дир вас, гьаб гьава-бакъалъги гьабулеб жо, накIкIги лъураб цIадги балеб къоялъ дуеги расги бигьалъи букIинароха магIарда рехьед хьихьизе…

– Ургъел ккоге, эбел, гьеб бигьаяб жойин…

МухIамад кванана ва тIад хинаб ретIел ретIана. Эбелалъ цадахъ босизе кодобе кьураб квен жаниб лъураб таргьаги гъажалда бан, кIудияб тIилги босун, гьев рокъоса къватIиве лъугьана.

ГIисинккун балеб цIадалъул кIварги гьабичIого, гIачи цо борхатаб мегIералъул ракьанлъиялда кваналел рукIана. МухIамадица гьел рахъ-рахъалде щущазе риччачIого, цо бакIалда чIезарун рукIана, гIодобнакIкIуца сверухълъиго бацун букIиндалха. Гьел мукIурго, МухIамадица гьабулебги бичIчIун, гьедин букIине кколеблъиги лъан, доре-гьанирехунги инчIого, цо бакIалда чIун рукIана.

ТIилиде тIадеги вегун, гIумру боцIуда арав рохьодохъан киниги, МухIамад, мех-мехалда гIачиязде берги щвезабулаго, нахъойги жиндирго пикрабалъе тIерхьана. Гьасда жеги лъалеб букIинчIо чан къо базе жив росулъе вачIаравали. Эбелалъ гьеб суал кьураб мехалъ, гьелъиеги цо чIванкъотIараб жаваб кьечIо гьес. Щайгурелъул, жиндагоцин гьеб лъалеб букIинчIелъул. Цо анкьищ гьаниб балеб, моцIищ балеб, яги тIубанго гьанивищ чIелевали… Гьесда жеги-жеги цере рачIунел рукIана ахирал къояз ккаралщинал ракI бакъварал лъугьа-бахъинал. Гьанжего гьав шагьаралде тIадвуссани, гьадингоги лъукъараб ракI жеги цIакъ унтизе бегьула, гьелъие цодагьаб заман кьезе ккола сахлъизе, ругъун данде бачIине… МухIамад нахъойги пашманал пикрабаз кодове восана. Нахъойги цере бачIана Дайгьанатил берцинаб гьумер. Ургьиса бухIараб хIохьел угьана. «Гьардарал гурищ гьал гIадамал, гьезда лъаларелъул гьадинаб бухIи. ЛъачIогогIаги хутIараяни гъой дида, гьадин ургьиб ракI гIодилароан. Рохелго лъугIанин ккола ракьалда… Огь хирияв БетIергьан, кидаха гьаб ругъун сахлъилеб?..» Гьес квен жаниб лъураб таргьа хурул ракьанда букIараб гьотIода бан тана. Кваназе бокьун букIинчIо, гьеб къулчIун эхебе унеб хIал букIинчIо. «Рокъобе босила квенги. Эбелалъе бицине цо щиб бугониги ургъила…».

Бакъанида, рехьедги цебе къотIун, МухIамад росулъе тIадвуссана. Гьес жиндаго тIадаб борч тIубана ва рокъове вилълъана.

Гьесда рокъой эбел ятичIо. Гьей гьорой-бокьой квалквадилей йикIун ятилаха. ТIаса биччараб ретIелги бахъун, гьев хинаб гъастIа гIодов чIана. Печалъубе цIул рехана ва рак лъуна.

Циндаго цо лъицаялиго дваргъан рагьана нуцIа.

- Мун гьанив хинаб гъастIа рахIаталда гIодов вукIун вихьула, дуда лъалищ дир цого цо бугеб гIака рохьдолъа тIадбуссинчIеблъи?! Мун щиб рахъалда жакъа вукIарав? Кибе дир гIака араб?! – ан ахIдолаго, кIалдиса цIа бурулеб аздагьо гIадин, жание кIанцIун ячIана, росулъ киназдаго рихарай, кIалквешай йикIиналъ гIадамал жиндаса хIинкъулей, цевего росги хун, лъабго бесдал лъималги хьихьун хутIарай Меседо. – Нуж, гьанжесел гIолилал, шагьаралдаго магIна-гIорхъиги тун рачIуна росулъе! Дуда божун рехьед тарай ахIмакъ дур эбелгиха! Гьале, бецIлъулеб дунялги буго, балеб цIадги буго, кие дун яхъиней гьелда хадуй?! Бокьаралъуса балагье дир гIака. БалагьичIони дур эбелалъухъа кьурун бахьила дица гьеб!

МухIамад кутакалда виха-хочиялъ, щибго бичIчIуларого, гьалгъан гьелъухъ валагьун хутIана. Гьесда щибго лъугьунеб-толеб лъалеб букIинчIо, йихьулей йикIана кIалдиса цIа беролей Меседоги, гьелъул гьанже гурел гьанже къватIире кIанцIун рачIинилан ккарал ццидаца цIурал бералги. Гьелъул кIалдиса къватIибе унеб щибаб рагIи гуллалъун речIчIулеб букIана гьасул гьадингоги лъукъараб рекIелъ. Жеги киданиги щивниги МухIамадиде гьедин хьандон, ахIдон вукIинчIо.

- Дица балагьила дур гIака. Гьедин ахIдезе кколаро гури… - ан абуна гьес гIодове виччан. – Мун рокъое а, ургъел ккоге, дун ина тIадвуссун магIарде…

* * *

МухIамад тIаде вахъана. Мугъалде басрияб хъабарчаги рехун къватIиве вилълъана. ГIураб квачай букIана къватIиб. Гъев зодове валагъана. ЦIад додинго гIисинккун балеб букIана, гьоркьо-гьоркьоб пирхулеб пириги букIана. «АллагьгIаги гурхIулевани дида. Гьес цо кинаб бугониги гIаламат битIулебани дихъе: яхI гьабе, МухIамад, сабру гьабе дуца. Цо лъикIаб пикругIаги тIинкIулебани дир ботIролъе, дир ракI бохулеб, дун гIодовиччазавулеб. Йохъ, лъиениги къваригIун гьечIо дун, живго цо кIудияб хIакъирлъи гьабурав чи гIадин…»

Гьесда азбаралъуб жинцаго тараб бакIалда батана добго кIудияб тIилги ва гьебги босун магIардехун валагьун вилълъана. «Дица къаси ракь хъвалхьунги гIака балагьизе ккола. Нагагь бацIица чIвани? Дагъалищ гьел мугIрузда-рохьазда ругел… Эбелалъул цо бугеб гIака Меседое кьезе биччазе бегьиларо…»

Лъимерлъудаго гIемер живго хьвадарал, рекIехъе лъалел сухъмахъал ккун унаго, МухIамад жакъа жив рехьедгун вукIараб магIарде тIаде вахана. БецIаб сихIкъотIи букIана сверухъ. Гьеб бецIаб, щенон цIадги балеб сордоялъ цо кибалиго магIарда Меседол гIака бати щакаб жо букIана. «Гьеб росулъе щун батила ва цо лъил бугониги ахикье-хурибе кIанцIун батила. Нахъа хутIараб хIайван балагьулаго, мегIер тирулаго, хIайван парахаталда росулъеги бачIун, гьениб цо киб бугониги батула, цинги свакарабго радалиде жиндирго ругьунаб бокьалъул кIалтIа чIола. Дун мегIерги тирун рокъове щвелалде, дидаса цебе гьенибе щун Меседол гIакаги батила…»

Нахъеги цее ячIана Дайгьанат. Вихьана шагьаралъул ахикь гIодов чIарав живго. Гьале аскIосан релъа-рохун унел Дайгьанатги гьелъул росги, гьезул лъималги. Циндаго гьелъул гьасда берчIвала ва росасул гIиндеги къулун, гьав вугеб рахъалдехунги ялагьун, цо жо абула, цинги кIиялго релъанхъула. Гьасда ракIалде ккана гьелъ гьесда абулеб бугин: «Валагье, гьадав скамейкаялда гIодов чIарав пакъир вихьулищ дуда? Дов вуго дихъ рокьи ккарав цо магIарул вас, дов гьанжелъизегIанги дихъ инагьдулев ватилаха, жеги чIужуцин ячун гьечIилан ккола…» МухIамадида цере чIана гIумруялъул ракIбакъварал, рохел гьечIел, цоял цояздa релълъарал къоязул лъугIел гьечIеб рахас. Гьес бакIго, угьун хIухьел цIана.

МегIералъул цояб рахъалда букIана рехун тараб, бихxараб кули. Гьеб букIана байданлъи лъугIулеб, цо лабалаб ссанда. Цебехун букIана гъваридаб кIкIал, кIкIалахъан чвахулеб хехаб, цIорораб лъарги. МухIамадида ракIалде ккана, гьениб бихxичIого хутIараб цо чIунтелалъубе ккун батизеги бегьулин гIакайилан. Гьенирги ратулаан цо-цо хIайванал. Сверухъе дунялги къалъизабун, пирхун бачIараб пириялъ гьесул бераздаса канлъи тIубанго босун анин ккана. Гьанже МухIамадида ракIчIун лъалеб букIинчIо щиб рахъалдехун жив унев вугевали. Таманаб заманаялъ тира-свераниги гьев кулиялде тIаде кколев вукIинчIо. Циндаго бецIлъи жеги цIикIкIанин ккана гьесда. Гьеб букIана гъваридаб кIкIалалъул бецIлъи. МухIамадица цебехун гали тIамуна. Гьес тIамураб гали гIодобе щолеб букIинчIо. Гьесда ракIалде ккана куркьбалги рижун, жив цо кивалиго воржунев вугилан…

* * *

Дайгьанат екерулей йикIана МухIамадил рукъ бугеб рахъалдехун униеб автобус чIолеб бакIалде. Гьелъ тIадагьго ва гIедегIун росулел рукIана галаби. ЦIорораб хаселги ун, хинаб их тIаде щведал бохиялъ гъотIодаса гъотIоде боржун, кечI ахIулеб хIанчIица гIадин, гьелъул ракIальги ахIулеб букIана цо рохалилаб сарин.

Жакъа радал, жиндирго кабинеталъуеги ахIун, начальникас, МухIамадил рукъалъул адресги гьелъухъе бегьулаго, абуна:

- Дайгьанат, мун нилъер гьаний бищунго гIолохъанайги гIедерайги йигелъул, дир цо гьари буго, мун а нилъерго ГIалиевасухъе рокъое ва гьесда лъазабе, хIалтIуде тIадвуссаян. Дида кIвана гьесул бакI цIунизе, гьев лъикIав хIалтIухъанги вукIун, дие бокьичIо гьев нахъе витIизе. Гьесул кабинетги, гьев нахъа гIодов чIолеб столги гьесухъ балагьун буго. КIолищ дуда гьеб иш тIубазабизе?

- Щай кIолареб, Мурад Мусаевич, адресалда рекъон гьев ватизе захIматаб жойищ? – ян жаваб кьуна кутакалда йохарай ясалъ. – Гьес цоги хIалтIи балагьилалде, гьесда рохалилаб хабар бицине гIедегIун лъикI гурищха нилъ.

Гьанже автобусалдаса гъоркьеги рещтIун, гьесул рукъ бугеб рахъалдехун унаго, Дайгьанат жиндирго пикрабалъ йосун йикIана. Рокъосел гIажаиблъун рукIана, гьелъул абурасул гIурусай чIужуги ва жеги лъагIел балей ясги ратун, гьес гьелъул хIакъалъулъ бертаде къо тIаде щварабго гурони лъиданиги лъазеги биччачIого, бальго гьабун батидал, гьей расниги пашманлъичIелъул. Бертаде кинабго хIадурун букIана, киназдаго лъазабун букIана. Циндаго бачIана хабар, бертин букIине гьечIилан. Ццидахарал ва гьабизе жо тIагIарал эбел-инсухъги ялагьун Дайгьанат жанисанго гьимулей йикIана. Гьелъие кутакалда бокьун букIана гьеб МухIамадида бицине, гьесул гьурмада талихIалъул гьими бихьизе. Ясалъе бокьичIого гьабулеб ригьин гьебги букIун, инсуда, гIайиб ккарав чиясда гIадин, абизе рагIи батулеб букIинчIо.

- ТIаса лъугьа, дир яс, - ан абуна гьес, гьелъул бадивеги валагьичIого, дида ккун букIана…дие бокьун букIана…Гьадин кканаха…

- Дада, дуда лъалаха дие гьеб рекIее гIун букIинчIеблъи, дудеги эбелалдеги бугеб адаб-хIурматалъ юцIцIун чIана дун, нужер ракIхвезабизе бокьичIого. Гьанже, дада, дуца инкар гьабиларо гурищ дун дие бокьаралъуе кьезе?

- Гьабиларо, дир яс, гьабиларо…

* * *

– Дуца дида щай бицинчIеб мун нилъер рукъалъ вугев васасухъе уней йигилан? Щай дида дандбачIеб? Дун дур бетIергьанчилъидал кколев. Дур гьел бальгоял хьвада-чIвадиял чIалгIун руго дида, – ян ццидалго валагьана чIужуялъухъ ГIабдула.

– Дида лъалелъулха дуца абизе букIараб. Гьа те вас гьенив, дуца гьесие квалквал гьабугеян. Дуда рагIичIищ гьанже рукъзал хиралъулел рагIула. МухIамадида цIикIкIун гIарац кьейилан абизе кIвечIо дида, гьединлъидал, гьереси бицине ккана, рукъ къачIазе бокьун бугин, ихдал васасе чIужу ячине, – ян абуна гIайиб ккараб гIадин Муслиматица.

– ГIезегIан мекъаб жо гьабун буго дуца. Киса гьанже нилъее щолев гьенив божилъи гьабизе бегьулев чи. Цоял гьекъолел руго, цоял цIогьодулел руго, цоял рокъоре гьудул-гьалмагълъиги бакIарун, ясалги рачун гъалмагъир гьабулел руго. МухIамад кинабго рахъалъ цIакъ лъикIав вас вуго. Дур рукъ батила доб, дуца гIадлу гьабизе ккани, гIарцул гIейго гьечIей гIадан йикIунейищ… – гьев ццидахун гъулгъудилаго, хъалиянги цабзакь ккун, тIад ретIел ретIине лъугьана. Муслиматида росасул гIамал лъалеб букIана, гIададисеб жо букIана гьесдехун кIалъай гьаби, гьев чIезави. Гьединлъидал, киве гьев уневали бичIчIаниги, гьей юцIцIухIун чIана, ккараб ккелилан.

ГIабдулада рокъов МухIамад ватичIо. Кидаго толеб бакIалдаса кIулги босун гьес нуцIа ричIана. Гьенив вукIарасул цониги къайи-ретIел гьениб батичIеблъидал гьесда кинабго бичIчIана ва гIодовги вукIун хъалиян цIазе лъугьана. Цо лъицаялиго нуцIида кIутIана. Гьес тIадеги вахъун нуцIа рагьана. Гьений яхъун чIарай ясалъул берцинлъиялъ ГIабдула гьалгъан ва гIажаиблъун хутIана. Гьев рекIеда ватилалде ясалъ гьикъана:

– Дие къваригIун вуго ГIалиев МухIамад, гьев гьанив вукIине ккола. Дуда вихьичIищ гьев жакъа?

– ВихьичIоха дир яс. Гьев гьаниса тIубанго нахъе ун вугин ккола, дир чIужуялъ нахъе аян лъазабун буго гьесда. Нижер рокъоб лъикIаб гьечIеб хабарги ккана гьев сабаблъун. Дунги гьаниве дагьав цевегIан щварав вуго, бокьун букIана гьесда унгейин гьанисаян абизе, кватIанин ккола дун… Мун щий гьесие кколей? Щай гьев дуе къваригIарав?

– Ниж цадахъ хIалтIулел руго…рукIана… Гьев хIалтIуде ахIулев вуго начальникас. Нижее гьев къваригIун вукIана…

– Гьев магIарухъе ун ватилин ккола дида, эбелалъухъе.

Нахъеги нуцIида кIутIана. Жаниве лъугьун вачIана хIалакъав, ворхатав гIолохъанчи. Гьев цин ясалъухъ, цинги ГIабдулахъ валагьана. Цинги гьезие салам кьуна.

– Дие МухIамад къваригIун вукIана, – ян абуна гьес суал кьолеб гIадин иргадал гьазухъги валагьун. – Дида лъала гьев магIарухъе аравлъи, вачIунцин гьечIодаян вукIана…

– Мун гьесул гьалмагъ ватила? – ян гьикъана ГIабдулаца.

– У, гьалмагъ вуго. Гьес дида гьарун букIана жиндие рукъ балагьеян. Дица гьеб балагьун буго. СанагIатаб бакI батана. Гьеб цогиязухъе иналде дагьалъ гIедегIейилан абизе бокьун букIана гьесда. ТелефонгIаги букIарабани ахIизе, пайда щибха… КIваричIин, дица жакъаго кагъат хъвала гьесухъе. Нилъеда лъаларелъул кигIан мехалъ гьесда магIарухъ вукIине ракIалда бугебали. Дица хважаинасда гьарила цо анкьалъ лъихъениги гьеб рукъ кьогеян. Нужеца гIайиб гьабуге, гьанже дун ине ккола, – ян абуна гьес гьурмада очкабиги ритIизарулаго ва гьезулгун къо-мех лъикI гьабулаго.

Гьесдаго хадур жиде-жидер ишалъ ана ГIабдулаги Дайгьанатги.

Янгъизаб, пашманаб сихIкъотIиялда хадуб балагьун хутIана МухIамад жанив вукIараб гьитIинабго рукъ. РакIалде кколаан тIокIалъ киданиги лъилниги хинлъиялъ кIеларин гьеб цIилъизабизеги ва кидаго МухIамадихъ балагьун, къваридго букIинин. Гьеб гьитIинабго рукъ хутIана гIолохъанчиясул анищазулги, ургъелазулги, пикрабазул, макьу щоларел халатал сардазулги даимаб нугIлъун.

# ВагІзаби, Назмаби

**Инхоса ГІАЛИ-ХІАЖИ**



## АХИРАТАЛДЕ КЪАЧІАЯЛЪЕ АХІИ

**РачІа къачІадизин, къо лъикІ гьабизин,
Къоял дагьлъун ругин дир гІумруялъул.
Ургъун пикру цІазин, цІодорго чІезин,
ЧІван рехизе гурин хехаб унтиялъ.**

**ГІазизаб гІумруги гІадада биччан,
Тох ватизе гурин метер къоялде.
Къаде квен гьечІого, чед бежичІого,
ЧІового ккеладай кІудияб нухалъ?**

**Диргони къасд гьечІо, къо бухІаясул,
Къо гІемер аниги, гІамал гьабизе.
Керен борлъаясул хиялго гьечІо,
Берал къанщилалде къачІан вукІине.**

**ГІадаллъи лъаларо, чІухІи лъаларо,
ЧІалгІаде тІамула гІазизаб заман.
Загьру жубан квен кьун, кьер берцин гьабун,
Гьанже гьалаглъана гьаб дуниялалъ.**

**Гьаваялда нахъ лъун, щайтІаналъ гуккун,
КигІан лъикІ квегъана нафсалъ дун гьанже.
Диналъе кІарчанлъун, гІибадат рихун,
Дун гІабдал гьавуна гьаб байтулманалъ.**

**Ле, гьудул, кантІун лъикІ, мун мекъи вуго,
Аллагь данде чІараб гъиз бакІарулев.
Вилълъа, гьудул, гьанже гьалъ мугъ бан бугин,
Гьабе дуйго гІамал, гІуж бугин битІун.**

**ВорчIа макьидаса, кьижун чIечIого,**
**Кьили чIван квегъулин квешаб гьаваялъ.**
**Гьанже дур гIумруги гIуруца анин,**
**ГIоде гьелда хадув хабар лъалелде.**

**Берцинаб гьурмалги кьер хисун бугин,**
**КьогIаб лълъар щвелалде, мун къачIан вукIа.**
**Берзул канлъиялъул къуват хун бугин,**
**Къуръан гIемер цIале, цIодор ватани.**

**ЦIодорал гIундузул гIантлъи ккун бугин,**
**ГIакълу батанани, тохго вукIунге.**
**Къуват бугеб чорхол хIал дагьлъилалде,**
**ХIеле Аллагьасе радакье вахъун.**

**Кутак махIабазул лъугIун ккелалде,**
**Как базе вахъун чIа Бичасда цеве.**
**Дун гIамал гьабизе гIажизго вуго,**
**ГIажаиблъи, Аллагь унтунго гьечIо.**

**ДаулгIузалазул гIузру лъаларо,**
**Дир черх чIунтун буго, чIаго вукIаго.**
**Нафсул аммараталъ гьукъундай, Аллагь,**
**Гьабулеб жоялъул ихласго гьечIо.**

**Къаси тIаде вахъун, тIагIат гьабулеб,**
**ТIаибгIатго гьечIин, гьабулеб жо щиб?**
**Къойил Аллагь рехсей хасият гьечIин,**
**Гьалаглъун хвеладай, хирияв Аллагь?**

**ГIадатлъун гьарулел гьал фурузаца,**
**Гьалмагълъи щвеладай ХIабибасулгун.**
**ХIалица тIубарал тIадал жалазул,**
**ТIагьаясул Кавсар кинан гьекъелеб.**

**Кванилъ кепал гьарун, гьакълил лазаталъ,**
**Алжаналъул нигIмат дуца квинаро.**
**Караваат балагьун, бусен тамахлъун,**
**Кинго вахинаро даражаялде.**

**Файтунаца вачун, чуязда рекIун,**
**ТIеренаб СиратI тун мун ворчIиларо.**
**Бакъудаса лъутун, цIадакьа ворчIун,**
**ЧIегIераб жужахI тун киндай ворчIила?**

**Халкъалдаса вахчун, Халикъ кIочон тун,**
**ГIарас майданалда щиб бицун чIелев?**

**Бечелъи балагьун, мискинлъи рихун,**
**ХIурулгIнзабазда дур къвал баларо.**

**Сабруялъул агьлу – гьеб алжаналда,**
**Гьаваялъул къукъа – доб жужахIалда.**

**Чорхое бокьараб гьабулебилан,**
**Гьалдолеб цIадай ин цIодорлъи гуро.**
**Дагьаб унтиялъухъ алжан босулел,**
**Сабру тIагIун хьвади гIакъулуги гуро.**

**Нилъер ХIабибасги факъру гьаридал,**
**Факъирал нилъее боцIул хиралъи.**
**Халкъалъул сайидас квер хьвагIун тараб,**
**ГIарац-меседалде рекIел гIащикълъи.**

**БетIер чарлъун буго, черх унтун буго,**
**Чан къо балеб дуца гьанжеялдаса?**
**КIкIарадул кваркьилъун хIисаб гьабичIеб,**
**ЧIунтаяб дунялалъ нилъ гуккулел куц.**

**Кьерилал лъугIана, гIолилал ана,**
**ГIела кеп босараб дуниялалъул.**
**НигIматал кванана, квешго хьвадана,**
**КидаллъигIан, гIабдал, гIадада чIелев.**

**ГIибадат гьабичIел чIорого толеб,**
**ЧIегIераб гвенд гьечIищ гьабсагIат цебе.**
**Цере аралазул ахIи рагIичIищ,**
**Ахир батулареб рехун тейилан.**

**Эз кодоб босараб квен-жо бихьичIищ –**
**Панпаде тIинкIараб кIаплиялъул махI.**
**Эз тIад ретIун араб ретIел лъаларищ –**
**Каранса букъараб къвал гьечIеб гурде.**

**НухтIа рекIун арал чуяхъ балагье,**
**Чанги чIухIарав чи чIалица къарал.**
**Гьез гьанирго тарал рукъзахъ балагье,**
**Балагьазул рокъов живгоги рещтIун.**

**Гьез бесдаллъун тарал лъимазухъ балай,**
**Лъадуца кIаркьен чIван къварид гьарулел.**
**Къороллъуда тарай лъадухъ балагье,**
**Гьаваялъ кеп босун росгун йикIуней.**

**Расги нечечIого, чIухIун хьвадула,**
**ЧIарбида тIадги лъун мунги турила.**
**Дур данде гьабураб дунялалъул гъиз,**
**Гъираялда куна, кепал росула.**

**КигIан мех баниги, болжал гьечIин дуй,**
**Дуйго гIамал гьабе гIазаб борхизе.**
**ГIажизаб черахлъул къуват гIеларо,**
**ГIизраил вачIиндал дагIба гьабизе.**

**Гьардарав БетIергьан гурхIичIонани,**
**Дир гьабураб гIамал гIадада хола.**
**Хирияв ХIабибас квер кквечIонани,**
**РорчIизе бакI гьечIо метер къоялде.**

**Къадирасул гурхIел, хIалимасул цIоб,**
**ХIабибасул кумек, кинабго рахIмат,**
**Метерисеб къоялъ къватIиб бахъизе,**
**КъотIи гьабунлъидал, хьул къотIуларо.**



# КIочонарел цIарал

**ЧIАЛДАСА ГЪАЗИМУХIАМАД**
*(1912-1942)*



## ГЪАЗИМУХIАМАДИЛ ВАСАСУЛ ЯС ХАТУММЕСЕДОЦА БИЦАРАЛДАСА

2016 абилеб соналъул августалъ, ЧIалдаса ГъазимухIамадил хIакъикъат цIехон, дун щвана ЧIалда росулъе. ТIоцее дандчIвана ГъазимухIамадил васасул яс Хатуммеседогун. Гьелъ бицана ГъазимухIамадил кIиго васги цо ясги рукIанилан – МухIамад, МухIамадхайир ва Умахайир.

ГIабдурахIман Магаевас Хунзахъ театр рагьараб мехалъ кечI ахIизеги, театралда роль хIазеги вачун вукIанила ГъазимухIамад. Эбелалъ бицанила: рокъове вачIарав ГъазимухIамадие квен цебе лъезе квалквадулей йикIаго, чвархъилда тIаде вачIанила чодаги рекIун военком.

- Вагь, гIолохъанчи, - ян абунила гьес, - цIа боркьараб рагъги ракьалда тун, мун гьедин бегьиларо, дуцаги гIахьаллъи гьабизе ккела рагъулъ. - Ва повестка кьун буго гьесухье. Повесткаги щун Хунзахъе тIадвуссарав ГъазимухIамад ункъо-щуго къоялъ жеги Хунзахъ вукIун вуго. Нахъойги хъизан-лъималазде щвезе ЧIалдеги вачIун, кIиго сордоги бан, жиндирго хъизангун цадахъ, тIадвуссун вуго Хунзахъе.

Нахъисеб къоялъ ГъазимухIамадица лъадухъе бегьун буго банкалъул книжка, гьениб бугеб гIарац нужеего босейилан, кIиго чIужу йигев чиясул гIарац гьечIого бегьуларин. Саламатго гIарац батанила банкалда. Рагъде иналде къваригIунеб гъоркьан ретIелги фуфайкаги армейцазул тукадаса босун ячIунаго, инсул азбаралда рагIанила ГъазимухIамадил кочIол гьаракь. Вай Аллагьин, витIичIогониги толеванищан абун ракIалдеги ккун, азбаралде лъугьиндал, рукъ цIун гIадамалгин, рагъу бакьулъ накалда чIун, кечI ахIулев ватун вуго ГъазимухIамад. Хадуйго тIаде ячIун йиго ГъазимухIамадица тIаде ячарай кIиабилей чIужу Хадижат. ВитIулев вугоха ПатIиматин абураб мехалъ, жиндихъа гIодобе бортун анила кодоб букIараб къайи. Гьеб мехалда жеги лъабгониги кечI

ахIанила ГъазимухIамадица. Цинги, тIадеги вахъун, инсухъги валагьун: «Ма, дада, дуего пандур, дун ракIалде щвеялъе. Дуца гьалда хIур хъвазе тоге, цо-цо ракIалде щвеялъе кодобеги босе. Дун унев вуго нуж цIунизе, диего бокьун, дирго ракI разилъун», - илан абун буго. Хадувго жинда нух битIагиян абилародаян инсуда хурхун вуго, эмен гьеб бакIалдаго гIодов ккун вуго… Къаси сордоялъгIаги жинда аскIов вукIайин абунила инсуца. «ГIайиб гьабуге, эмен, дун Гиничукьеги щвезе ккола», - ян абунила ГъазимухIамадица. Гиничукь рукIун руго гьесул эбел-эмен, живго эбелалда хадув вачIун ЧIалда чIарав вукIун вуго гьев. ТIолго гIагарлъиялъулгун къо-лъикIги гьабун, рогьалил бакъ чIвалеб гIужалъ, доре росу рагIалде щвараб мехалъ ахIун буго ГъазимухIамадица:

**Биун месед тIураб ТIадмагIаруллъи,**
**ТIокIалъ вахинадай, вахинародай.**
**ТIогьол махI бахъарал хьиндал кIкIалаби,**
**ТIокIалъ рихьиладай, рихьилародай.**

КIиго сордо ЧIалда бараб мехалъ, рахъун руго къватIире. Цинги эбелалъ «салахI» цIалун буго. Гьеб мехалъ ГъазимухIамадица ахIун буго:

**Дий йокьун ячарай, хIалалай лъади,**
**ТалихI бугев чияс ячеян абе.**
**Дий рокьун гьарурал, гIисинал лъимал,**
**Вореги, аманат, ЧIалда жамагIат.**

Чода цее ккурай жиндирго гьитIинай яс Умахайирги жидехъе кьунила, жалги риччачIила цадахъ. Росу бахинегIанги ахIулаго кечIгун анила. АнцIила щуго сон барав вас вукIанила СалтIа МухIамадхайирин абун. КIиабилей чIужу СалтIаса йикIиндал ГъазимухIамадил. Жинде аманатги гьабун танила дов гьитIинав гIолохъанчи. Дова вугев васасул эбел



гIолохъанай гIадан йигин, долъ кечI ахIулин, дой кьурдулин. Дуца дир васасул тIалаб гьабейин ПатIиматин абунила.

Радиоялда кIиго гурони кечI гьечIин ГъазимухIамадилин абуна Хатуммеседоца, ПатIимат НуцаловагиГъазимухIамадги Москваялда цере рахъунеб мехалъ, жиндица ахIизе букIараб кечI ПатIимат Нуцаловалъги ахIун, МахIмудил рагIабазда «Эбел ва яс» абураб кечI ахIизе кканила жиндица.

ГъутIбиги тIегьараб, гIурччинлъиги баккараб апрель моцIалъ анила ГъазимухIамад рагъде вачун. Анлъго моцIидасан бачIун буго гьесул кагъат. ГъазимухIамад 1942 соналъ рагъда тIагIун вуго. Гьесул вас МухIамадицаги инсудаса къун ахIулароанила кечI. Радиоялъул хIалтIухъабаз МухIамадида гьикъун буго; дуцаги ахIулеб батилин кечIан. Гьеб мехалда МухIамадица жаваб кьун буго: «Дица ахIилаан кечI цо хьинтIизе жо букIарабани», - ян.

Хунзахъа гIодоре рачIунел рукIун руго ГъазимухIамадги эбелги, циндаго ГъазимухIамадица ахIун биччан танила кечI:

**Биун месед тIураб ТIадмагIарухъе,**
**ТIокIалъ вахинадай, вахинародай.**
**ТIогьол махI бахъарал хьиндал кIкIалаби,**
**ТIокIалъ рихьиладай ррихьиластродай.**

Гьаб куплет ахIун бахъарабго, эбел гIодой ккун йиго. Щайин мун гIодой ккарай, щайин мун гIодулейин гьикъанила ГъазимухIамадица эбелалда. «Щайгурелъулха, хадуб щиб ккелебали лъаларелъулха», - ян абунила эбелалъ. Цинги хадубго «салахI» цIаланила эбелалъ.

Цо къоялъ кIудиясухъе щвезеян абун лъое магIарухъеги ун ячIуней йикIаго, гIодулаго рикIкIун руго ГъазимухIамадил лъади ПатIиматица гьал рагIаби:

**Араб бакI лъаларо, ракI щущан буго,**
**ЩинкIил меседилаб ЦIоралъул тагьи.**
**Тараб бакI лъаларо гьалмагъзабаца,**
**Кивехундай вуго ГъазимухIамад.**

**Кагъат бачIун буго дир гьудуласул,**
**Жиндир чара хвараб, чорхол яхI хвараб.**
**Хабар бачIун буго командирасул,**
**Жиндир полкалдаса ватIалъанилан.**

**Кагъат бачIаниги, гIенеккиларо,**
**ТIагIине рес гьечIо дир рекIел гьудул.**
**Хабар бачIаниги, ургъел чIваларо,**
**Чабхъад ун ватила халкъалъул поэт.**



**МухIамадхайир хъизан-лъималгун**

**Цо бачIараб кагъат карандеги къан,**
**Эбелги йикIуна духъ инагьдулей.**
**Лъаларев дур хабар хIалай захIмалъун,**
**Лъималги рукIуна мунан гIодулел.**

**Къойил цо-цо минут моцIлъунги бихьун,**
**Дида ургъалица гъаргъар бан буго.**
**Къойил цо-цо сагIат сонлъунги бихьун,**
**Рагъул гъаргъар бана дирги черхалда.**

**ГъацIил муцIидулъе цIарул аздагьо,**
**ЦIарни ун букIана дур гьал росабалъ.**
**ЦIоралъул мугIрузде ахIдолеб гагу,**
**Хабар къотIун буго дир гьудуласул.**

Хадубго кьолеб буго Хатуммеседоца ахIараб, ЧIалда росдае сайгъат гьабураб кечI:

**Лъебелазул мугIрул, хехаб АваргIор,**
**ЧIалда росда цебе цо свери гьабе.**
**ЧIухIдай хьиндал кIкIалахъ ахIдолеб булбул,**
**АхIе нухлулазе рохалил кучIдул.**

**Нухда гIедегIарав, магIарул гьобол,**
**Гьаб гьитIинаб росулъ цо лъалхъи гьабе.**
**ПасихIал кучIдузул хабар рагIизе,**
**Халатал рагъазул къиса бицине.**

**ЧӀваби тӀутӀузегӀан тӀамурги бачун,**
**ТӀадмагӀарулазе кучӀдул ахӀарав,**
**ТуманкӀул кӀалалда кӀкӀуй бетизегӀан,**
**Рагъазда вагъарав ГъазимухӀамад.**

**ТуманкӀги нижеца нахъе лъун буго,**
**ТӀокӀалъ дунялалда рагъ ккунгутӀизе.**
**ТӀамуралда цӀиял чӀчӀваби гъун руго,**
**ТалихӀ-рохелалъул кучӀдул ахӀизе.**

## ГЪАЗИМУХӀАМАДИЛ ЯЦ ЗАГЬИДАТИЦА БИЦАРАЛДАСАН

ГъазимухӀамад ХӀосенов гьавуна 1912 соналъ. Гьесул эбелалда цӀар букӀун буго ПатӀимат. Гьей росасда йикӀун йиго ХӀосенил МухӀамадин абулев жиндирго цинагӀаласда. Гьезие гьавун вуго вас. Гьев гьавураб мехалъ ПатӀиматил рос вукӀун вуго ЦӀоралда. ПатӀиматица щиб цӀарин лъелеб васасдайилан гьикъун кагъат битӀун буго ХӀосенил МухӀамадихъе ЦӀоралде. КватӀичӀого жаваб бачӀун буго, имам Шамилил вас ГъазимухӀамадил цӀар лъейин васасдайилан. Гьедин Шамилил васасул цӀар лъун буго ГъазимухӀамадида. ХӀосенил МухӀамадида цадахъ ЦӀоралда вукӀун вуго гьесул вацги. КӀиявго вацасул рагӀи данде ккечӀеб къагӀида, вацги ЦӀоралда тун, тӀадвуссун вачӀанила ХӀосенил МухӀамад. ВачӀун мех бахъилалде, эбелалъ гьоркьоб мацӀ гьабун, ратӀа гьарун руго эбелэмен. ГъазимухӀамад эбелалъухъ чӀун вуго.

ЧӀалда росулъ гӀагарлъи букӀиналъги батилаха, гӀемер кватӀичӀого ПатӀимат ЧӀалдаса бечедав чиясе, ТӀалхӀатие росасе кьун йиго. ГӀемераб гӀи-боцӀиги бугев чи вукӀун вуго ТӀалхӀат. Гьесиеги гьарун руго васги ясги. Цоцаздаса ратӀи гьаричӀого, жиндирго лъимал гӀадин хьихьанила ТӀалхӀатица лъималги, хъизанги, рукъги. Цо чанго соналдасан, лъабалго лъималги ПатӀиматида тӀад тун, къадаралде щванила ТӀалхӀат.



**ГъазимухӀамадил яц Загьидат**

ГӀемераб къо бихьарай эбел йикӀун йиго дир. Зама-заманалдасан хадувги вачӀун, инсуца жиндихъего вачун унев вукӀун вуго ГъазимухӀамад. Амма бесдал эбелалда цеве вукӀинеги бокьуларого вукӀанила гьев. Гьеб мехалда Хунзахъе щвезегӀанги ун, анкьго сон барав ГъазимухӀамадги цадахъ вачун ячӀанила эбел ЧӀалде.

ГъазимухӀамад кӀудияв гӀураб мехалда хванила гьесул бесдал вац. Хварав вацасул букӀарабщинаб бутӀа, шаргӀалда рекъон, ГъазимухӀамадие бихьизабунила.

ГъазимухӀамад вукӀана цӀакъ хӀеренав, тамахав, эбел-инсуца малъараб гьабулев, гӀадамасухъ гӀенеккулев, кӀудиясул кӀодолъи лъалев, гьитӀинасул гьитӀинлъи лъалев чи. ЦӀаназдаса ГъазимухӀамад вачӀинегӀан лъел цӀезе уней йикӀарай эбелалда рагӀун буго цо бокьосан унтарав чиясул гӀадинаб зигара. Гъое бокьое инеги кӀвечӀого, лъелги цӀун рокъое щварай эбелалъ абун буго лъабавго васасда: цо гьаракь бугинха, дир лъимал, бокьосан, дида гъое жание лъугьинеги кӀвечӀин, щиб бугебали бихьизе рилълъайин жинда цадахъан. Жидеда гьенив ватанила лъукъарав армейцазул ретӀел ретӀарав чи. Балагьараб мехалда гъосул наку бугоанила лъукъун. Валлагь гьав чи гьанив теларо дица, дун Аллагьасукьа хӀинкъулинги абун, рокъоса гӀодоса бахъун турутги босун, лъималазгун цадахъ рокъове вехъерхъанила жидеца гъов лъукъарав.

Ругънал тӀамахилан абула нижеца (подорожник), гьадалъул лъимги бахъун, гьебги ругънатӀе тӀун, гьадав чи сахлъизавун вуго дир эбелалъ. Мех-мехалда командир вачӀунаанила, кин-щиб бугеб, щибин къваригӀараб жойилан. Щибниги гьечӀин къваригӀараб жойилан абулаанила жидеца гъосда. ГӀурусги лъарагӀги гурони мацӀ лъалеб букӀинчӀила лъукъарасда, жидеца квераца ишара гьабун бичӀчӀизабулаанила. Лъималги рукӀунаанила сверун лъугьун роха-хинлъун. Гъов сахлъаравго, фургонги бачун, вачӀанила штабалъул командир. Гьагъавги рекӀинавунила, жийги рекӀинаюнила, васги вачанила, рилълъанила гъоре Гъазданушире. Гъоба букӀун бугила гъозул штаб.

Нахъисеб къоялъ радал, чакаралъул цӀурал бозил гӀисинал къандалъаби, ролъ, картошка, гьагъаб армиялъе квен гьабулебщинаб нигӀматги кьун, гьагъабго фургоналдаги рекӀинарун, жий йикӀараб бакӀалде, росулъе щвезаюнила гьадав командирас. Жиндихъе кьунила кагъатги, гьаб цӀунейила дуцайинги абун. Гьел документал тӀагӀанаха долъул кире аралали лъачӀого. Гьагъадин лъималги хьихьун йигей дихъе мех-мехалъ щвезе вачӀунаанила дов. ЦӀакъ лъикӀав, адаб бугев чи вукӀанила гьадав командир. ЧӀечӀого цӀехолаанила щибго квалквал, къварилъи гьабулеб бугищ дуйилан. Щибго къварилъи гьечӀин абулаанила жиндица, букӀинеги букӀинчӀила.

Лъималги кӀудиял гӀун руго, цинги дир эбел ине ккун йиго росасе. Гьагъал лъималгун жийго цохӀо теларин абун, дир инсуца абун буго гьелда жиндие ячӀайилан абун. Дир эмен вукӀана ГьоцӀалъа Гьиматин абурав чи. Эбел инкар ккун чӀанила, гьанже лъималги кӀудиял гӀун ругин, жий росасе инарилан, жий лъималги хьихьун йикӀине кколин. Дир эбелалъул вац вукӀана Буйнакскиялда ХӀосенилан абун. Гьесда аскӀове ун вуго дир

эмен. Гьадин-гьадин абулеб букIанин дица ПатIиматида, дой разилъулей гьечIинха, ХIосен, дуца щибинха гьелда абилебан. «Валлагь, Гьимат, вилълъина гури дун гьелда аскIове, щиб-кин гьелда ракIалда бугебали цIехезе», - ян абун буго гьес. ПатIиматихъе щведал, ХIосеница абун буго: «ПатIимат, гьание дида аскIое ячIая, къаригIун йиго». Гьейги аскIой гIодой чIезаюн, гьикъун буго: «ПатIимат, гьал лъималги хьихьун, гьазул милат гьабун, боцIи-панзалъухъ балагьизе рос вукIине ккола дуда аскIов. Ялъуни мун лъималги рачун, гьаб рукъ-бакIги жибго тун, дида аскIой йикIине ккола», - абун. Гьедин батани, жиндица рукъги биххиларин, дур хъизаналда аскIое жийги йилълъунарин, гьанже кин букIаниги ининха жий гьесиеян абун буго эбелалъ.

ГIезегIан сахаватав чи ватанила Гьимат. Жиндиего гьарурал гIадин, дир лъималги хьихьанила, сундаго квер хъвазе течIого магъил хIалтIиги гьабунила. Гьединав лъикIав чи вукIанила гьев.

Анкьго соналдасан дун гьаюнила. Гьединан гIунила лъабалго лъимал. Лъабазулго эменал батIиял, эбел цохIо йикIанила. Дун гьаюраб мехалъ цIар щибин лъелебан абун буго дида. Дир эбелалъул яц йикIун йиго Загьидатин абун, гьелъул цIар лъун буго дида. ГIунаха дун кIудияй, ичIго-анцIго сон бана. ГIолохъанчи гIун ГъазимухIамадги цо гьитIинаб тIамурги босун кечI ахIулев вукIунаан.

Цо заманалдасан, рачIун хадургун, анаха вачун театралде. Театр букIана Хунзахъ рагьун. Гьадаб театралда, киса командировкаялдаса вачIунев вугониги, цееги гIодой чIезаюн, хъван тIамургун, кечI ахIизе ругьун гьаюна дун ГъазимухIамадица. Дицаги ахIулаан кечI. Ниж кIиялго гурони кечI ахIулев чиги лъугьинчIо нижер рокъор. Дун цIакъ хирияйги йикIана гьев гъаримасе.

Хадуб чIужуги ячана ГъазимухIамадица. ГIемераб къо бихьарав чи вукIана гьев пакъир. Театралда хIалтIулеб мехалда командировкаялдаса вачIарав чияс эбелалда абуна жиндица цоги чIужу ячанилан. Эбелалъ абуна гIезегIан лъикI ячун йигила, руччаби бихьиназ рачине кколел жал ругила, баракат бугеб батагийила ригьинги, мунги чIаго хутIагийила руччаби рачине. Гьедин дуца абилилан вукIинчIилахаянги абун, дир эбелалъул нодо бакьулъ убач гьабуна ГъазимухIамадица дунги балагьун. Гьагъадинав хIеренав, тамахав, цIакъ хIикматав чи вукIана гьев. Нагагь гьев росулъе вачIани, гвай букIунаан гIолохъабазул. КечI ахIулел, кеп-ихтилаталда рукIунаан, цоги росабалъеги вачунаан кечI ахIизе гьев. ГъазимухIамадил кIиабилей чIужу йикIана СалтIаса Хайирова Хадижатилан абун. ЦIакъай, лъикIай гIаданги йикIана гьей, мунагьал чурун ратагийин гьел гъаримазул. Цадахъ Хадижатги ячун вачIаниги, чIужуялъ гьабичIо илбис-жахIда, лъималазги гьабичIо. ЦIакъ кутакалда цоцазе хириял чагIи рукIана гьел.

Цо нухалъ театр бихьизабизеян арав чи вачIана ГъазимухIамад жив военкоматалде ахIулев вугилан, (рагъ байбихьараб заман букIана гьеб), гьанже живги унев вугила рагъде. Жиндир анцIила щуго сон барав вас вугила, жив цIехон вачIани, къватIиве гъогейилаха гьев. МухIамадхайирин абулев вас вукIана ГъазимухIамадил, 2015 соналъ хвана. Эбелалъ гьаниveги вачун хьихьана.

ГъазимухIамадил йикIарай чIужуялъги цIакъ милат гьабулаан гьесул. Нижецагоги гьабулаан гьесул тIалаб. Эбел-эмен гьечIел чагIазда гIемераб къоги бихьулелъул, гьесдаги бихьун батиларищха. Кин букIаниги, лъикIаб магIишаталда вукIана гьев.

КIиго васги ясги рукIана ГъазимухIамадил – МухIамад, МухIамадхайир ва Умахайир. Гьанже цохIо Умахайир йигоха нахъе хутIун. Гьейги ЧIондокь йиго. Лъабго моцIидасан бачIана кагъат ГъазимухIамад рагъда чIванилан, хванилан абун, тIокIаб кагъат бачIинчIо. ГIемер гьесда хадуй гIодиялъ, беццлъун, эбелги хвана. ЦIакъ кIудияб кумек гьабуна хIукуматалъ ГъазимухIамадил хъизан-лъималазе – секцияги кьуна.

ГIемераб захIмат хIехьезе ккана. Рагъ-кьалалдаса цIунагиян гьари-рахьиялда йикIунаха дун. Дунги 1927 соналъ гьаюрай гIадан йиго. Эбелалъ гIемер бицунаан жиндаго бихьараб къоялъул. ХIукуматалъул щибго кумек щвечIоха дир эбелалъе. Гьанже гIадаб кумек доб мехалъ букIунароанха, ресалда рекъон гурони букIинищха.

Армиялда ГъазимухIамад вугеб мех букIана доб. Рохьоса цIул къотIун бичизе кколеб, кьурасул-кьураб босулеб, гъоре Буйнакскиялде ун чед босулеб заман букIана доб. Руччабаз хIалтIизарулаан пуруц-рукь, хурзал рекьичIого бегьуларелъул. Дунги гьезда хадуб мугь рехизе унаан. Доб заманалда гIадамаз хIехьараб жо гьанже гIадамаз хIехьоларо, чан гIакъуба-къарилъи хIехьараб. Гьанже доб заманаялъ рукIарал хурзалги, ахалги, кинабгоги чIунтизе тана. Дун ахикье щвараб мехалъ гIодойги йикIун гIодула. ЦIер гIадин гIурде руссун руго ахалги, хурзалги, бекьулеб бакI гьечIо, пуруц-рукь киб гурин балеб.

Колхоз бугеб заманалда дун йикIана складалда хIалтIулей. Доб заманалда 25 тонна цIоросаролъил бачIунаан гьагъал хурзабахъа, тоннаги анкьнусго-микьнусго бачIунаан цIолбол, кIиго тоннагIан жо бачIунаан



**ГъазимухIамадил вац МухIамадхайир**

цIулакьодул, байданлъи цIун букIанаан гIеч-микьиралъул, 30-гIанасеб тонна бачIунаан мокьрол. Гьанже щибха бугеб? Киназего рахIат бокьун буго, диразе батIалъи гьечIо, чияразе батIалъи гьечIо. Доб мехалъ руччабаз гьабулаан хурулги ахилги хIалтIи. Гьанже бихьиназул тIом бахъулеб буго, хIалтIизе бокьичIого, руччаби гIебеде регун руго. Партал чурулеб жо буго, рукъ бацIцIунеб жо буго, паракъат тира-сверун, кеп-гIоркьалда руччабиги руго. Гьал нилъее умумаз тарал ахалги хурзалги лъималазул лъималазеги хутIизе ккеларищ, нилъее гьарун кьурал жал хвезе тезе бегьилищ? Гьедин дица абураб мехалъ, дие жаваб кьуна: кибехунго гьедин бугилан. Доба Москваялдасан бачIун бугила ракьал бетIергьабахъе – жиде-жидехъего кьун тейилан. Цебе колхоз бугеб мехалда, дун хвани, тIаде хъизан гьабурав цоги чиясе кьолаан дир участка. Гьединаб цIуна-къай гьабулаан. Гьанжейин абуни, я рукъ базе бакI гуро, ялъуни бекьизе бакI гуро. Гьаб хIукуматалъул ролъ лъугIани, тIоцере ракъуца хола дагъистаниял. Хадуб бачIунеб гIелалъе ролъ къотIани щиб квине бугеб, щиб гьабизе бугеб? Гьелъул хIисаб гьабулев чи гьечIо щивниги. Дица гьабула гьелъул хIисаб. Амма гIадамал кутакалда рахIаталда руго, гьадин тайгиян гьардолей йикIунаха дун.

ГIакъилай, хабар-калам гьуинай гIадан ятана ГъазимухIамадил яц Загьидат. Дица цохIо хIарп гьоркьоб биччачIого хъвана, гьей хIикматай магIарулалъ бицараб хабар.

***АхIмад ГIАМИРХАНОВ,***
***композитор, ДРялъул искусствоялъул***
***мустахIикъав хIаракатчи***



# Критика ва библиография

**ХАЛКЪАЛЪУЛ РЕКIЕЛЪАН КIАЛЪАЛЕВ ШАГIИР**

ГЬале дица бега-гелдун, лъай-хъвай гьабуна, басмаялде кьезе хIадурараб, консультант хIисабалда дирго пикраби рицинелъун дихъе бачIараб, магIарулазул машгъурав шагIир МахIмуд-Апанди МухIамадовасул «Халкъияб тохтурлъиялъул хазинаялдаса» абураб тIехьалъулгун. БачIинахъего абила, дирго сахлъиялъул ургъел бугев гIадан хIисабалдаги, гIадамазул сахлъи тIудбуссинабиялъе дидаса бажарарабщинаб гьабулев тохтур хIисабалдаги, тIадежоялъеги, МахIмуд-Апандил божарав гьудул хIисабалдаги дун гьаб тIехьалъ цIакъ вохизавуна.

Гьелъул хIакъалъулъ дица дагьаб гIатIидго жибго тIехь къватIибе бачIун хадуб бицина. Гьаниб чанго рагIиялдалъун рехсон тела, цIалдолездаги гьелъул кIвар бичIчIи мурадалда, «Халкъияб тохтурлъиялъул хазинаялъ» жанире рачунел цо-цо бутIаби.

ТIехь рагьулеб буго нилъер хирияв МухIамад Аварагас (с.т.гI.в.) умматалъе тарал хIадисаздаса байбихьун, устарзабазги, гIалимзабазги, дунялалда цIар рагIарал тохтурзабазги сахлъиялъул хIакъалъулъ абурал рикIкIен гIемерал рагIабаздасан, кици-биценаздасан. Хадубго буго да-



**МахIмуд - Апанди АхIмад ГIазизовгун**

руял хурдул кин ракIарилел, кин гьезул дараби гьарилел ва кин гьел цIунилелали.

Рехселин тIехьалъул цо-цо бутIабиги: 1) щиб сундуе даруяб бугеб; 2) чорхол гIузрабиги гьезие даруги. 3) сахлъиялда хутIизе бокьани; 4) лъимал унтун ругони; 5) цIодорлъи гьабе; 6) лъараб жоялъул зарал гьечIо; 7) ганзиралъул нахги гьелъул къуватги; 8) чаязул хIакъалъулъ; 9) пайдаял малъа-хъваял; 10) витаминазул пайда; 11) гIеназул (сокалъул) пайда; 12) суалазе жавабал; 13) даруял хурдул кин ратIа рахъилел; 14) даруял хурдузул словарь ва гь.ц.

Гьел бутIрузго бицунеб буго тIехьалъ жанибе бачунеб бечедаб хазинаялъулги гьеб хазинаялъ чиясул сахлъиялъе кьезе бугеб пайдаялъулги, гьелдаса бахине бугеб баракаталъулги.

Цоги кIвар бугеб рахълъун ккола гьеб тIехьалъул, гьенир руго бицен гьабулел хурдузулги, пихъазулги, цогиял нигIматазулги, гьезул хIакъикъияб кьералъул суратал. Гьелъги кIудияб кумек гьабила гIадамазе жидее хIажатал дарабазулгун лъай-хъвай гьабизеги гьездаса пайда босизеги.

РукIана магIарул мацIалда даруял хурдузулги гьединалго нигIматазулги бицарал цо-цо брошюраби. Амма гьадинаб тIехь жеги букIинчIо. Гьаб буго кинабго даруябщинаб жанибе бачараб, квер цIалтунеб, гIезегIан кIудияб тIехь.

«Халкъияб тохтурлъиялъул хазинаялдаса» абураб тIехь буго дуниявиялги диниялги асарал жанире рачараб къогониги тIехь хъварав МахIмуд-Апандица жиндирго 65 сон тIубаялде магIарулазе гьабулеб унго-унголъунги лъикIаб сайгъат.

Гьеб тIехьалъулгун лъай-хъвайги гьабун, пикрабаз кверде восидал, кинолентаялда гIадин дида цере паркъана шагIирасул цо-цо цересел тIахьалги гьезул хIакъалъулъ хъвадарухъабазги, диниял гIалимзабазги дунявиял гIалимзабазги, цогидалги гьесул творчество бокьулезги абурабгьабурабги, газетаздагун журналаздаги тIахьаздаги хъвараб-тарабги.

МахIмуд-Апандилгун дир лъай-хъвай ккаралдаса къоло лъабгониги сон буго. ТIоцеве дида гьев вихьана Дагъистаналъул халкъияв шагIир ГIабасил МахIамадил рокъов. Гьев мунагьал чураясул рукъ букIана хъвадарухъабиги цоги лъикIа-лъикIал чагIиги данделъулеб гьудуллъи-вацлъиялъул годекIан. Дида МахIмуд-Апанди лъараб заманалде гьесул бахъун бугоан тIоцебесеб – «Рокьул ирс» абураб кучIдузул тIехь. Дунго шагIир гурев, батIияб махщалил чи вукIаниги, адабият гьитIинаб къоялдасаго хирияб букIиналъ, вацлъиялде свердараб гьудуллъи букIана дир ГIабасил МахIамадилгун. Гьесдасан лъана дида цогиял магIарул хъвадарухъабиги, гьездаго гьоркьов МахIмуд-Апандиги. МахIмуд-Апандил гьеб «Рокьул ирсалъе» къимат кьун доб мехалда «ХIакъикъат» газеталда бахъараб макъалаялда магIарулазда лъикI лъалев шагIир МухIамад ПатахIовас абулеб букIана: «…Расул ХIамзатовас лъикIаб къимат кьуна Харахьиса МахIмуд-Апандил «Рокьул ирс» абураб тIехьалда рахъарал асаразе. КIудияв шагIирасе жиндир асараз асар гьабиги, гьесул рекIелъе нух батиги авторасе унго-унголъунги талихIаб лъугьа-бахъин ккола.

Щибха МахIмуд-Апандица нилъеца диван къотIизе цебе лъолеб бу-



**МахIмуд - Апанди Расул ХIамзатовгун**

геб? ГIаммаб куцалда босани, гьеб ккола мацIалъулги, пикруялъулги, гIуцIиялъулги рахъалъ щвалде щварал поэмабиги кучIдулги жанире рачараб мажмугI. ТIехьалъул аслияб тема ккола ВатIаналде, гIадамазде, чIужугIаданалде бугеб рокьи. Авторас гьеб асар загьир гьабулеб буго жиндирго гIумруялъул мисалалдалъун…»

Хадусебго соналъ МахIмуд-Апандица къватIибе биччана «УнкъбокIонал чIинхал» абураб ункъжугьабаздасан данде гьабураб тIехь. Гьанибги абилин, гьеб тIехь дагьабги гIатIид гьабун чанго соналъ цебеги бахъан шагIирас.

Щивав хъвадарулев чиясул адабияталде вачIиналъул жинди-жиндир хаслъи букIуна. МахIмуд-Апанди литератураялде вачIана, школалдасанго кучIдул хъвалел рукIаниги, гIумруялъул лъикIаланго хIалбихьи щвараб мехалда. ТIоцебесеб тIехь бахъизегIан цебе, гьоркьохъеб школа гуребги, гьес лъугIизабун букIана Куйбышевалъул энергостроительный техникумги, тIубан букIана армиялъул налъиги, хIалтIана ЧIикIаб ГЭС балеб бакIалдаги, ГIиракъалдаги, хадубги Рихьуни ГЭС балезда гьоркьовги. Гьедин гьесул гIумруялъул нухлул цо-цо хIужаби дица ракIалде щвезарулел руго, щайгурелъул, печаталде рахъизе гьев гIедегIичIониги, МахIмуд-Апандил гъансинир, пикру камилал, махщел цIубарал гIезегIанго асарал рукIараллъи бихьулеб букIиналъ. Цебесеб «Рокьул ирсалда» ругездаса лъалаго магIна бечедал рукIана гьесул хадусеб тIехьалда ругел ункъжугьаби. «УнкъбокIонал чIинхаз» жиндиего гьабураб асар гьадин загьир гьабун буго «Назмаби» абураб тIехьалда ЧIикIаса СагIид-Афандияс:

**…Щвараб гIор гIадинаб, гьеб дур пагьмуялъ**
**Поэт вукIиналъе нугIлъи гьабуна,**
**ПасахIалъиялъул тIокIаб гьунаралъ**
**ТIад Инхоса шагIир ракIалде щвана…**

Журналист ва шагIир Унсоколоса МухIамад СагIадулаевас «ХIакъикъат» газеталда бахъараб макъалаялда гьадин хъвалеб букIана гьеб тIехьалъул хIакъалъулъ:

«…Живго гIолохъанго вугониги, гIумруялъул кьогIлъиги гьуинлъиги гьитIинго бичIчIарав чи вукIиналъги батила, МахIмуд-Апандил гьединаб лъикIаб тIехь цIалдолезухъе кьезе гьунар гIураб. Расул ХIамзатовас абухъего, цIа цIикIкIарал кIкIуй дагьал асарал руго гьеб тIехьалда. Гьаниб бихьула цогияз мерхьинчIеб сухъмахъги, жиндирго нухги, жиндирго лъалкIги, жиндиего хасиятаб хиялги…»

МахIмуд-Апанди гIезавуна динияв хIаракатчи, бакIалъулаб тарих, гIарабазул ва аваразул литература лъикI лъалев ва халкъияб тохтурлъиялъе махщел бугев кIудияв эмен Харахьиса МустIапал ГIумарица. КIудияв инсуда цадахъ, жеги гIолилльиялъул соназдаго МахIмуд-Апанди щвана мугIрузулаб Дагъистаналъул тарихиял бакIал: АхIулгохIде, Гenуве, Гъуниве, ЧIикIаве, Индиралде. Гьесие кIудияб асар гьабулеб букIана кIудияв инсудасан рагIулел рукIарал кици-биценазги, къиса-хабаралъги, мавлид-туркабазги, Къуръан-хIадисаздасан рачIарал таватуразги. КIудияв инсул баракаталъ, гьес диналде рокьи бижизабиялъ, гьитIинго цIалана МахIмуд-Апандица Къуръан, заман кинаб букIаниги, кидаго алхинчIого тIуралаан исламияб диналъул шартIал. Хадуб, заман индал, гьев гIагарлъана тIарикъаталъул устар ЧIикIаса СагIид-Афандиясде. Гьедин бижараб буго МахIмуд-Апандил «Дир ЧIикIаса КIудияв» абураб гьев мубаракасул хIакъалъулъ шигIрияб къагIидаялъ хъвараб тIехьги.

«ГьитIинаб тIехьалъул тIогьол махIаца

ГIорцIулев гьечIо дун, МахIмуд-Апанди», – илан хъвана машгьурав диниявгун жамгIияв хIаракатчи, медицинаялъул профессор ХасмухIамад Абубакаровас «Дир ЧIикIаса КIудияв» цIалидал жиндиего гьабураб асар загьир гьабулаго.

Гьеб тIехьалъе къимат кьолаго, гьадин загьир гьабулеб буго жиндирго пикру «Ассалам» газеталда бахъараб макъалаялда магIарулазул машгьурай шагIир ГIайшат Малачиеваль:

«…МахIмуд-Апандида поэт хIисабалда живго гьеб тIехь хъваялдалъун ватанин абизе кIвела дида. Поэтасул мацIалъул бацIцIалъиги, кочIолаб пасихIлъиги, щвалде щун бихьулин гьеб тIехьалдасаян абизе кIвела дида. Гьеб гуребги, диналда хурхараб тарбия кьеялъе магIарул поэзиялда жаниб борхатаб даражаялъул тIехь бугин гьебилан абизе кIвела дида. Гьелда тIадеги, тIадегIанаб премиялъе мустахIикъаб тIехь бугин гьебилан абизе кIвела дида…»

Нилъеда гьитIинаб къоялдасаго рагIулаан хирияв МухIамад Авараг (с.т.гI.в.) кIодо гьавун, Гьесие рецц гьабун ахIулел мавлидал. Хадуб, диналъе эркенлъи щвараб заманалда гьединал мавлидал данде росараб чанго тIехьги бахъана. Гьезул авторалльунги рукIана цIар рагIарал исламиял гIалимзабиги диналъул къучIалги Аварагасул гIумруги лъикI лъалел цересел шагIирзабиги. РакIалде ккезе бегьулаан гьездаса хадубги, хасго гьанжесев чиясе мавлид хъвазе бакIго хутIун бугебдайилан. БачIана къватIибе циндаго МахIмуд-Апандил «ЦIияб мавлид» абураб тIехь.

ГІенеккилин «Ихлас» басмаханаялъул директор ХІажимуса Ичаловасухъ:

«Жакъа гІадин ракІалда буго 1999 соналъ исламияб басмахана рагьиялда хурхун мавлид гьабулеб къо. Мавлид лъугІун хадуб, гьенив вукІарав жиндир рухІги хІалги алжаналъуб батаяв СагІид-Афандиясда дица гьикъана, кинаб тІехь басмаялда кьабиялдаса байбихьи гьабилебилан. Киназдаго рагІун КІудияс абуна, МахІмуд-Апандиясул «ЦІияб мавлидалдасан» байбихьейилан. Азарго тиражгун гьеб соналъ «ЦІияб мавлид» басмаялда кьабана, сайгъат хІисабалда бусурбабазе рикьизе гьел ЧІикІаса КІудиясухъе щвезаруна. Гьеб хІужаги гІела шагІирасул асарал цІалдолезе рокьулел рукІиналъе мисаллъун».

«ЦІияб мавлидалъе хъвараб цебераГІиялда гьелъул хаслъи гьадин рагьулеб буго Дагъистаналъул халкъияв шагІир ГІабасил МахІамадица:

«…Бищунго нилъ хІайран гьарула Авараг (с.т.гІ.в.) вахъине вугев АхІмадида бихьанщинаб къварилъиялъ, гьесул бесдаллъиялъ, гьесул тІанкІ лъезе бакІ гьечІеб хасият гьитІинго бижун бачІараб куц бихьиялъ…

Мавлидазда тІоцебе МахІмуд-Апандица хІалтІизабун буго рагІудасан сурат бахъи. Живго чІаго вихьулевлъун цеве чІола вагІзагун гІадамазда цеве вахъарав авараг:

**Гьес ботІроде бачараб читил ххамалъул хъахІлъи,**
**ХъахІаб ретІел бахчараб халгІаталъул гІурччинлъи.**
**РагІиялъул пасихІлъи, пагьмуялъул бегІерлъи,**
**ГІажаибго бицунеб каламалъул гьуинлъи…**



**СагІид - Афандигун МахІмуд - Апанди**

Цо-цо мухъазде бегизабизе кIварабги кIиго лъабго жугьаялъ жанибе босарабги нус-нус пикруги камиллъиги буго гьеб асаралъул. ЦIалун борцинчIого, бицун тIубалеб тIехь гьеб гуро, ТIадегIанав Аллагьас инсанасе кьураб гьунаралъул суратги буго гьеб…»

Цебехун рехсараб кIиябго – «Дир ЧIикIаса КIудияв» ва «ЦIияб мавлид» абурал тIахьазулги хадусеб «Нужее нух битIаял, хириял хIажизаби» абураб мажмугIалъулги хIасил гьабулеблъун бихьула дида гьеб лъабабилеб тIехьалъе хъвараб цеберагIиялда ругел Дагъистаналъул муфти АхIмад-хIажи-Афандиясул гьал жугьаби:

«ХIежалъул тадбиразул исламиял газетазда чанги бицана Идараялъул гIалимзабазги. ГIемер руго хIежалъул бицарал тIахьалги. Амма цIакъго кIудияб асар гьабула инсанасул рекIее адабияталъул къагIидаялъ хъвараб, шигIрияб мацIалда бицараб каламалъ. Гьединаб, назмуялда хъвараб асар буго МахIмуд-Апандил гьаб «Нужее нух битIаял, хириял хIажизаби» абураб тIехь. ЦIалидал, цIакъго камилаблъун батана дида гьаб. Батиларищха гьаб хъварав шагIир «Дир ЧIикIаса КIудияв» ва «ЦIияб мавлид» абурал унго-унгоял, щвалде щварал къасидатазул катиб кколелъул. Гьесул хIакъалъулъ нилъер дуниявиял шагIирзабазги диниял гIалимазги цIакъго берцинго рецц-бакъалъул рагIаби абун руго, гьесул асаразул пасихIлъиялъе тIадегIанаб къимат кьурал макъалабиги руго. Цогидалъул бицине ккелищ, тIарикъаталъул КIудиясцин, щибаб мухъ рикIкIун, кIудиял галаби тIамулел ругин МахIмуд-Апандицайин абураб мехалъ…»

Гьелъго батила, жиндир заманалда Расул ХIамзатовас абун букIарабги, МахIмуд-Апандихъа жакъасеб кечI какиде гIагар гьабизе бажарулеб бугилан.

Дида жакъа гIадин ракIалда буго 2006 соналда МахIмуд-Апандил «Азаралда цо жаваб» абураб тIехь къватIибе бачIиналда бан Р.ХIамзатовасул цIаралда бугеб миллияб библиотекаялда букIараб дандеруссин. МагIарулаз абухъе, гIеретI цIураб лъим тIуниги, къатIра гIодобе тIинкIиларедухъ бугIун цIун букIана библиотекаялъул зал. РукIана гьенир диниял гIалималги, дуниявиял гIалимзабиги, халкъалда жаниб жидер цIарал машгьурал хъвадарухъабиги, шагIирасул творчество ракIазе гIагарал цогидалги гIадамалги. Доб дандеруссиналда бахъараб кассетаялъухъ балагьун вукIана дун гьанже гIагар – МахIмуд-Апандил хIакъалъулъ гьаб макъала хъвазе нигат бижараб мехалдаги. Гьеб дие живго шагIирас сайгъат хIисабалда кьун букIана доб мехалдаго. РакIалде щвезаризе бокьун буго гьенир кIалъазе рахъарал чангоязул каламалдасан цо-цо бакIал:

«…Дица абила мухъилав магIаруласул тIалабал тIураялъе гьабураб гьадинаб тIехь нилъер адабияталда букIинчIилан. Жагьилав чиясул кIалдиса суалалги росун, гьев разиял жавабал хъвазе кIвей дица рикIкIуна гьунарлъун. Гьеб буго магIарулазе чара гьечIого хIажатаб тIехь. ГIадамаз гьеб тIехь кутакалда цIехолебги буго, цIалулебги буго, бокьулебги буго…»

*«Нур-ул-ислам» газеталъул бетIерав редактор МухIамад ХIажиев.*

«…Дие бокьун буго киналго магIарулазда баркизе гьадинаб тIехь нилъехъе кодобе щвеялъул рохел. Гьаб буго кIудияб гьадият, ай сайгъат. Амма ракI дагьабго пашманлъулеб буго, микьнусазарго чи вугел ма-

гІарулазе лъабазарго гьеб тІехь махІсунтІизецин гІолареб жо буго. Дида ракІалде ккола «Азаралда цо жаваб» нахъойги бахъизе ккелилан.

Гьаб гуро цохІо магІарул халкъалъе бугеб тІехь. Гьаб мустахІикъаб буго Дагъистаналъул киналго миллатазего гІахьал гьабизе . РухІияб адабият цебетІезабулеб, щивав бусурманчиясул рокъоб букІине рекъараб тІехь буго гьаб…»

*ГІ.Тахо-Годил цІаралда бугеб гІелмияб институталъул кІудияв гІелмияв хІалтІухъан АхІмад ХІамзатов.*

«… ТІехь хъварас тІаде босун буго кутакалда захІматаб хІалтІи. Ургъун буго азаралда цо суал ва пикру гьабун буго киндай гьеб азаралда цо суалалъе жаваб кьелеб кинавго чиясда бичІчІулеб, кинавго чиясе пайда щолеб къагІидаялъилан. Жавабацаги, назмиял шигІрабацаги, къокъал кучІдуцаги къватІибе кьолеб буго гьеб кинабго.

РукІуна тІахьал мацІалъул захІмалъиялъ цІалдолев свaказавулел. Гьаб тІехьалъул буго цІакъ берцинаб, гІинда кІутІилелде рекІелъе унеб магІарул мацІ. Гьаб тІехьалъ пайда кьезе буго жакъасел цІалдолезеги тІаде гІолеб гІелалъеги. Кутакалда мухІканго, къокъаб къагІидаялъ, цониги къваригІел гьечІеб рагІи жанибе биччачІого, диниял къануназул законги цІунун, магІнаялда хъвараб тІехь буго гьаб…»

*Теологиялъул институталъул проректор, профессор Мансур-хІажи ЗайнулгІабидов.*

Исламияб диналъул тІокІлъаби жакъасеб гІелалда лъазариялъе, гьел халкъалда гьоркьор тІиритІизариялъе МахІмуд-Апандица гьабулеб нилъ разияб кІудияб хІалтІиялъул бицунаго гьаниб рехсечІого гІоларо гьес данде гьабун «ХІадисазул квацІи» абураб гІаммаб цІаргун къватІибе биччараб тІехьги. Гьелъ жанибе бачунеб буго МухІамад Аварагас (с.т.гІ.в.) уматалъе тарал хІадисаздасан цо бутІа, ай 1433 хІадис. ЦІалдолезда хІажатаб хІадис бати мурадалда, тІехь бикьун буго 40 бутІаялде.

Гьеб тІехьалъул хІакъалъулъ гьадин абулеб буго жинцагоги исламияб дин халкъалда гьоркьоб тІибитІизабиялъе лъикІаб хІалтІи гьабулев Гьонодаса Каримулагь-хІажи МухІамадовас:

«…КъваригІараб хІадис гІадамазда батизе гьеб бутІабазде бикьиялъул кІудияб квегІенлъи буго. КІиабизеги, кинаб хІадис лъица бицарабали бихьизабун буго жиб-жибалда гъоркь. Лъабабизеги, гьеб бищунго аслияблъун бихьула дида, гьеб мажмугІ гІуцІулаго гІемерал тІахьазде ваккун, гьел регулаго кІудияб хІалтІи гьабун буго МахІмуд-Апандица…

«ХІадисазул квацІи» буго дунялалъулги ахираталъулги дагьабниги пикру гьабулев щивав бусурманчиясул рокъоб букІине мустахІикъаб тІехь».

Цебеккун абухъе, МахІмуд-Апандица жеги цІиялги тІаде журан, цереселги тІад квер бахъун щвалде щвезарун, кІиабизеги къватІибе биччана «УнкъбокІонал чІинхал» абураб тІехь. Гьелъие хъараб цебeрагІиялда Дагъистаналъул халкъияв поэт МухІамад АхІмадовас гьадинаб къимат кьолеб буго шагІирасул ункъжугьабазе:

«…МахІмуд-Апандица гІадада рагІи абулеб гьечІо, жиндирго калам камилаб ишлъун, гІумруялъул дарслъун лъугьине хІаракат бахъулеб буго. Гьеб гьесухъа бажарулебги буго.

МахІмуд-Апандида лъалеб буго дунялалъул рокъоб кьурал къоял гІумру бацІцІад гьабизе, нухдаса гамачІ, хъарахъ нахъе рехизе, иман камил гьабизе, инсанлъи цІунизе, рухІги, черхги, яхІги сах гьабизе, хияналъи чІвазе, хвезегІан гІаданлъун хутІизе кьурал ругеллъи.

Гьелъул хІакъалъулъ хъвалеб буго шагІирас жиндирго кучІдузулъ, гье-

динлъидал, гьесул кучIдул такраралъи гьечIел, чIалгIунарел, чIамучIлъи гьечIел руго, гьезухъ гIенеккизе бокьула, гIадан вокьизе ругьун гьарула, вацлъиялда, лъикIлъиялда, лъикIаб гьудуллъиялда рукIине малъула, гьелдаго цадахъ гьес заманалъул унтабаздеги бер щвезабулеб буго:

**Миллатги хирияв, халкъги бокьулев,**
**Хан анищ ватизе дир укаялъе.**
**Законги цIунулев, цIогьги рихарав,**
**ТIадчи анищ щвезе дир ВатIаналъе…»**

Гьединалго босаразе гIакълуги, гIолилазе насихIатги, берцинаб магIнаги жанибе бачарал микьмухъилал кучIдул руго поэтасул «ЩигIриял вагIзаби» абураб тIехьалдаги. Гьел руго авторас жиндиего гьарулел малъа-хъваял, насихIатал хIисабалда, ахиралда жиндирго цIарги бачIинабун ургъарал жугьаби. Бачинин цо мисал:

**Дин-ислам толарел, нилъги толарел,**
**Тушбабигун рагъи – гъазават ккола.**
**Дурго квешаб гIамал гIодоб рехизе,**
**Дулъго рагъ гьабиги – гъазават ккола.**

**Дулъго гьабулеб рагъ – дурго напсгун рагъ**
**Гъазават кколилан хIадисги буго.**
**Дурго напс квегъизе гъазават лъезе**
**Лъазе ккола дуда, МахIмуд-Апанди.**

БитIун абулеб буго гьеб тIехьалъе хъвараб цеберагIиялда шагIир ва динияв хIаракатчи Шамил-хIажи МухIидиновас:

«…ГIемерав чиясул пикру жанисан гвангъун бихьулел матIабилъун ратулел руго дида МахIмуд-Апандил микьмухъилал гьал вагIзаби. Гьесул жиндирго мурават цIикIкIараб хасияталъ гьесие изну кьолеб гьечIо цогияв чиясе бадибчIвай гьабизе, гьезие вагIза гьабизе. вагIза буго жиндиего гьабулеб. Амма, «гьакида кьабани, оцоде зуни унин» абухъего, цIаларазеги вагIзаялъ асар гьабулеб буго жиндихъго валагьизе. Дир хIакъалъулъ гуребдай шагIирас бицунеб бугебан пикру гьабизе тIамулел руго гьеб цIаланщинал…»

Араб риидал Р.ХIамзатовасул цIаралда бугеб миллияб библиотекаялда букIана МахIмуд-Апандил, цIар рагIарав тохтур ва гIуцIарухъан Ибрагьим Ибрагьимовасул хIакъалъулъ хъвараб «Народный доктор Дагестана» абураб тIехь гьоркьоб лъеялъул дандеруссин.

Ибрагьимил мисалалда, тохтур хIакъикъаталдаги кинабго рахъалъ халкъалъе мисалияв вукIине кколевлъи бихьизабизе кIун буго хъвадарухъанасда. Гьебго пикру загьир гьабуна гьеб мажлисалда кIалъазе рахъаразги.

ТIехьалъе редакторлъи гьабурав МухIамад ПатахIовас, гьениб хъвалебщиналъул хIасилги гьабун, хадурагIиялда гьадин абулеб буго:

«…ТIахьал рукIуна батIи-батIиял. РукIуна рекIелгъеялъе цIалулелги. РукIуна гIелму-лъай щвеялъе пайда босулелги. РукIуна, къанагIатал руголиги, тарбия щвеялъе, тадбир гIуцIиялъе, гIаданлъи куцаялъе чиясе кумекалъе ратулелги. Гьеле гьел къанагIатазул цояб буго гьаб тIехь.

МахIмуд-Апандида ватун вуго жиндир хIакъалъулъ тIехь данде гьа-

бизе жакъа нилъецаги хадуб наслабазги кинабго рахъалъ жиндаса мисал босизе мустахIикъав инсан, тохтур, гIуцIарухъан, нухмалъулев, унго-унгояв бусурманчи…»

Бегьилаан гьаниб МахIмуд-Апандил цоги цогиялги тIахьал ракIалде щвезаризеги, гьезие къимат кьун къалмилаб махщел насиблъарал гIадамаз абуралъул бицинеги. Гьел жеги гIемерал ругелъулха. ШагIирасул асараз жидее гьабураб асаралъул бицарал макъалаби газетал-журналазда рахъана, гьанир рехсарал гурелги, филологиялъул гIелмабазул докторал Сиражудин ХIайбулаевасги, МухIамад МухIамадовасги, МухIамадрасул Усаховасги, хъвадарухъаби МухIамад ГIабдулхIалимовасги, МухIамад ХIасановасги, Наби ГIисаевасги ва цогидазги.

Ахиралдаги абила, байбихьуда дида ракIалда букIана МахIмуд-Апандил «Халкъияб тохтурлъиялъул хазинаялдаса» тIехьалъ диего гьабураб асаралъулги бицун, гьесда 65 сон тIубайги баркун дирго пикраби кагътиде росизе. Хадубги хIисаб гьабуна гьесул творчествоялъул хIакъалъулъги гIаммаб куцалда рагIи абун лъикIилан. Гьеле гьеб мехалда бижана пикру, дидаса лъикI адабияталъул гIелму лъалел гIадамаз МахIмуд-Апандил махщалие кьураб къиматго ракIалде щвезабун лъикIилан. Гьаб макъала хъвалаго дие кумек щвана ДГУялъул филологияб факультеталъул бакалавр Рамазан ГъазимухIамадовасул МахIмуд-Апандил хIакъалъулъ хъвараб «ШагIирасул гъасда» абураб тIехьалъулги.

Сахлъи щулияб халатаб гIумру кьеги дир гьудуласе, гьунар бугев хъвадарухъанасе МахIмуд-Апандие жеги анцI-анцI соназ магIарулазул ракIазулъе нух батулел асарал хъвазе.

***АхIмад ГIАЗИЗОВ,***
***медицинаялъул гIелмабазул***
***доктор, профессор.***



**МахIмуд - Апанди ГIабасил МахIамадгун**

# ГІакълуялъул дандерижи

## КІИГО НУХАЛЪ КІИГО

ВукІанила цо хан. Гьесул лъабго ясги йикІанила, гьесие цІакъ мутІигІав, живго гІолохъанго вугониги, гІакъилав вазирги вукІанила.

Цо къоялъ ханас визирасда абунила:

- Мун вуго дир бищун божарав, дие бищун ритІухъав вазир. Дица хІисаб гьабуна, дудаса лъикІав дурцги дие щвеларин. Гьал дир лъабайго ясалъул дуего йокьарай тІаса йище.

Гьединги абун ханас ясал ахІанила жидедаго аскІоре.

Балагьанила вазир гьезухъ. ЧІвазе багьана гьечІел, бадисан бакъ баккарал гІадал ясал ругила лъабалго.

Гьанже вазирас хІукму гьабунила гьезул гІакълу-лъай борцине. Гьедин бахІарай тІаса йищизе.

- КІиго нухалъ кІиго чан кколеб? – илан гьикъанила гьес бищун кІудияй ясалда.

- Лъабго, - ян жаваб кьунила гьелъ.

Гьай цІакъ цІуна-къай бугей, бугелъул къимат гьабизе лъалей гІадан йихьулин пикру гьабунила гьес.

Гьебго суал кІиабилей ясалъеги кьунила вазирас. Гьелъ кІиго нухалъ кІиго ункъо букІунин абунила. ЦІакъ мухІканай гІадан ятизе кколин гьай цояйилан хІукму гьабунила вазирас.

Лъабабилей ясалъеги такрар гьабунила гьес гьадабго суал. Гьелъ кІиго нухалъ кІиго щуго букІунин абунила.

Гьайни цІакъго таваккалай, сахаватай гІадан ятилин хІисаб гьабуна вазирас.

Ханасул лъабайго ясалъул щиялъул цо-цо тІокІлъиги батун, лъабалго цоял цояздаса берциналги рукІун, гьезул кинай тІаса йищилеяли лъаларого гьаб жакъаги ургъулев вугила вазир.

## ГІАКЪИЛАБ ЛЪИМЕР

Цояб тІасан хІанчІараб, цоб хІанчІичІеб – кІиго гІечги кодоб ккун кІудадада аскІове вачІанила 4 сон барав гьесул васасул вас. КІудияв чияс гьесда абунила, цояб гІеч дие кьеян. Васас гьесул калам рагІичІеб ххвел гьабун, цоябги гІеч хІанчІанила. ХІал лъазе течІониги, херасул гьесда ццим бахъанила. Дица гьав жоясе бокьанщинаб гьабулин, гьавин абуни, дие жиндихъ бугеб кІигоялъул цояб гІеч кьезецин барахщулев вугин ракІалде кканила гьесда.

Гьеб лахІзаталъ кІудияв инсухъе кІиабизе хІанчІараб гІечги кьолаго, васас абунила:

- ДахІадада, дица цебеккун хІанчІараб гІеч цІекІаб батана. Гьаб цояб гьуинаб буго. Ма гьаб гьуинаб гІеч дуе.

Гьанже жиндирго хехаб гІамалалда бахъанила херасул ццим. БичІчІа-

нила гьев гьитIинав васасул гIакъиллъиги, кигIан цIакъ гьесие жив вокьулев вугевалиги.

## ГIАЖАИБЛЪИЗЕ ЖО ЩИБГО ГЬЕЧIО

Сверухъ ругезде дандеккун гIодобе биччараб, щибго ахIи-хIур гьечIо-го ракълида гIадамаз гIумру гьабулеб цо улка-ракь букIанила. Цогиял гьединалго бакIаздайин абуни, цин ханзабаз халкъалъе гIакъуба кьун, цинги халкъ ханзабазде данде бахъун, кидаго дагIба-рагIи къотIулароа-нила. Гьел виллатазул ханзабазул хIукму кканила гьадаб ханлъиялда па-рахатаб ахIвал-хIал букIиналъе гIилла лъазабизе.

РитIанила гьез гьенире хIакъикъат цIехезе жиде-жидер вакилзаби.

- Гьеб хIалалъ нужеца гIажаиблъи гьабизе гIадаб жо гьениб щибго гьечIо, - ян абунила гьел вакилзабиги данде ахIун гьадаб улка-ракьалъул ханас. – Халкъ ццидахараб, гьеб диде данде бахъараб мехалда дица сабру гьабула. Цинги, халкъ жибго гIодобе буссуна. Дир ццим бахъараб мехал-да халкъалъ сабру гьабула. Гьеб мехалда дунги гIодове виччала.

## ЛЪИКIЛЪИГИ КВЕШЛЪИГИ

Ригь арай херай гIаданги 9-10 сон барай гIадай гьелъул ясалъул ясги хур чIаралел рукIанила.

Циндаго ясалъ гьикъанила:

- ДахIабаба, нилъеца бекьичIеб чIахI гьадин гIемер щай бижун бугеб, лъалъараб, бухъараб, гьабгощинаб хIалтIи гьабун гIезабураб бекьараб жо щай дагь бугеб?

- Гьелеха, дир яс, гIакъилаб суал кьуна дуца. ЛъикIабщинаб жоги, жибго лъикIлъиги, кигIан гьитIинабги гьедин тIалаб-агъаз, хъулухъ гьа-бун гурони букIунаро, лъугьунаро. Квешлъийин абуни, жибго тIибитIу-ла, жибго бижула, гIун бачIуна. Нилъеца – гIадамаца лъикIлъи гIемер гьабуни, квешлъи нилъеде аскIобецин къаларо. Гьаб хуриса нилъеца чIа-ралеб чIар гIадин тIагIуна.

## ДОЛЪУЛГИ ГЬОЯЛЪУЛГИ БАТIАЛЪИ ЩИБ?

Цо гIаданалде хьандолей, ахIделей – кIалдибе бачIанщинаб гьелда абулей йикIанила цоги гIадан. Гьай цояйин абуни, микъанцин кIалъачIого, гьелъ ахIулеб-рикIкIунеб жинда рагIулебго гьечIеб гIадин сихIкъотIун чIун йикIанила.

Дой ццидалай гIадан арайго, аскIой йикIарай чIужугIаданалъ гьелда абунила:

- Гьадабгощинаб жо дуде ахIдараб мехалда дуца долъие жавабго кьечIоха, - илан.

- КъотIносан унаго дуде цониги нухалда гьой хIапданищ? – абун гьикъанила гьай цоялъ.

- Чанги хIапдана, - илан гьалъги абунила.

- Дуца гьелъие кинаб жавабха кьураб?

- Гьоялъе жаваб кинаб кьелеб? – абун гIажаиблъанила дандияй.

- Гьоялдаги дой гIаданалдаги гьоркьоб щиб батIалъиха бугеб? Гьоялъе дуца кьолареб жаваб, дица долъие кьечIогойилан щайха дуца абулеб? Гьадай тайпаялъул гIадамазе, гIаданилан долда абизе бегьулеб батани, бищун лъикIаб жаваб, жаваб кьечIого тей букIуна. ГьебгIан гьезда захIмалъулеб, гьезул чара холеб жоги щибго букIунаро.

## ДИЦА АЛЛАГЬАСЕ РЕЦЦ ГЬАБУЛА

Лъимерлъудасанго мадугьалихъ цадахъ гIурай, гIелбащадай кIиго чIужугIадан йикIанила. Къисматалъ хадубккунги, рос-рукъалде арал мехалъги, гьел мадугьалихъе ккезарунила. КIиязулго букIанила хъизан-лъималги, хур-херги, боцIи-панзги, гьелда тIадеги тIаде шагьи-пара бачIунеб хъулухъ-ишги. Гьезул цояй кидаго йикIунаанила рукъ-бакIги, лъимал-хъизанги, цадахъго хIукуматалъул хIалтIи-иш бачинеги захIмалъулеб бугин зурзудилей, сундасаго рази гьечIого зигардилей. КIикъого сонилъе яхуней гьей лъабкъого сон барай гIадан гIадин херлъун, гьурмал нур ссунги йихьулаанила.

Цогияйин абуни, сундулго гIарзги бахъичIого, елъа-йохун аваданго йикIунаанила. ТIадбалагьун, гьелъие лъебергоялдаса цIикIкIарал сонал ратилинги лъидаго ракIалде ккелароанила.

- Нилъ цадахъ гIуна, гIумру-яшавги нилъер релълъараб буго, - илан абунила цо къоялъ дой сундасаго разилъуларей гIаданалъ мадугьалалда. – Мун кидаго елъа-йохун сундулго ургъел гьечIеб гIадинги йикIуна. Дида дандеккун гIемерго гIолохъангоги йиго. Гьелъие гIилла щибдай? Дида бичIчIулареб цо балъголъи бугоха дур?

- Дунги, мунго гIадин, къаси кьижун унеб чанго сагIат гурони хIухь бахъизе заман гьечIого йикIуна. Амма сордо-къоялда жаниб дица дагьа-макъабниги заман батула гьадинаб берцинаб дуниял дие кьуралъухъ Аллагьасе рецц гьабизе. Гьабиларебги кин, саламатал лъимал, рокъоб рекъараб магIишат, дие бокьулеб хIалтIи. ТIокIабги щибха гIадамасе хIажалъулеб. Гьедин дун рази йикIиналъ батила, Аллагьас дун киданиги ургъаликье ккезеги толаро, гьединлъидалин дир гIолохъанлъиги цIунун хутIун бугеб.

- Гьеб дуца абулебщинаб тIад кIалъазе бакI гьечIеб куцалъ дирги буго.

- Бугелъулха, кидаго зигардулей йикIинчIого, дуцаги Аллагьасе рецц гьабизе кколеб. Гьеб мехалъ ургъелги тIаса ина дур, цогиябщинабги дуе бокьухъе букIина.

## ЛЪИМГИ, ГЬУРИГИ, РИТIУХЪЛЪИГИ

Лъимги, гьуриги, ритIухълъиги лъикIаб гьудуллъи-божилъиялда рукIанила. Гьаб-добалъул бицун гара-чIварулаго, гьуриялъги ритIухълъиялъги лъималда гьикъанила, нагагьлъун мун нижедаса батIалъун билани, киб бакIалда батизе бегьулебилан. Иццал-хIоразухъги, лъарал-гIоразухъги батулин жибилан абунила лъималъ.

Гьебго суал лъималъги ритIухълъяилъги гьуриялъеги кьунила. Ме-

гIер-гIалахалдаги, гъветI-рохь бугеб бакIалда букIунин жибилан жаваб гьелъги кьунила.

Ахирги гьадабго суал лълъималъги гьуриялъги ритIухълъиялъеги кьунила.

- Дун нужеца аскIоса тIагIине, билизе тоге. Билун хадуб дун кибниги батуларо, - илан абунила ритIухълъиялъ.

## ДИЦА МУХIКАНЛЪИ ЛЪАЗАБИЛА.

БецIлъуда гIодорги чIун хабар-кIалалда букIанила лъабго кIалкIучI. Доба рикIкIада гьезда цо кунчIи бихьанила. Гьеб щибали лъазабизе къасд кканила кIалкIучIазул. Анила хIакъикъат цIехезе цояб кIалкIучI. Долъ хинлъиги канлъиги кьолеб бугин абунила гьелъ нахъбуссун бачIиндал. Амма щиб гьебали лъазе кIвечIин.

Анила кIиабилебги кIалкIучI. Нахъбуссун бачIиндал гьелъ абунила, доб жоялъ дир цояб кваркьи чIурхIанин, бухIулебги букIун бугин долъилан.

- Нужер бажари гIечIо доб кунчIи унго-унголъунги щибали лъазабизе, - ян абунила лъабабилеб кIалкIучIалъ, - дица мухIкан гьабила гьеб.

БитIахъе гьеб «кунчIиялде» тIаде араб лъабабилеб кIалкIучI, бихьа-таралъул мухIканлъи бицине, гьалмагъзабазухъе нахъбуссинчIила.

# ГIадамал ва къисматал

*ХIукуматалъ гIемерал шапакъатаздалъун кIодо гьавурав Гъуниб районалъул ЧIохъ росулъа Булач ХIажиевас, жиндирго гIумруялъул 55 сон бухьинабуна педагогасулаб хIалтIуда. 45 соналъ гьес нухмалъи гьабуна Буйнакс шагьаралъул щуабилеб школалъул гIагараб ракь лъазабулезул клубалъе. Гьеб мурадалда цIалдохъабигун цадахъ Б.ХIажиев щвана Грузиялде, Северияб Осетиялде, Чачаналде ва Ингушетиялде. Гьезда ратана ункъазарго-анлъазарго соназ цебе чанахъабаз кьурабазда гьарурал хъвай-хъвагIаял, гьединго лъазе кIвана VII-IX гIасрабазда насраниязул дин гьабулел гIадамал гьенире рачIун рукIинги. Гьез данде бакIарана, гьанже шагьаралъул школалда бугеб лъикIаб музеялъе, Н.И.Пироговасул хирургиялъулал инструментазде гIунтIун тIагIел-алатги. Булач ХIажиевасул бетIерлъиялда крайлъазабулез данде гьаруна Дагъистаналде щварал М.Лермонтовасул, Л.Толстоясул, Ю.Гагаринил, Н.Пироговасул, И.Айвазовскиясул, Н.Подвойсковасул, Е.Лансерил, М.Калининил, С.Марковасул, С.Орджоникидзел хIакъалъулъ баянал. Гьелъул хIакъалъулъ бицана радиоялдасан, бихьизабуна телевидениялъ. Гьедин кIваркьун хIалтIиялъ гIелмиял асараздалъун бечед гьабуна Дагъистаналъул тарихиябгун-этнографиялъул рахъ, гьебго заманалда хъван нахъе тана «Буйнакск шагьаралъул тарихги таватурги», «МугIрузул Дагъистаналде рагьараб каву», «ХIажимурадил маргьуялги хIакъикъиялги рахъал», «Салатавиялъул ахада», «Гъунибе нух», «Дагъистаниял – пачаясул офицерзаби», «Учителасул сухъмахъаздасан», «АхIулгохI» абураб тIахьал.*

*1932-1937 соназда кIудияв вац – Совет Союзалъул бахIарчи, букъун хьвадулеб гамил капитан, цIар рагIарав МухIамад ХIажиевасда цадахъ рагъул ралъдал флоталда хъулухъ гьабурав юнга Булач ХIажиевасе гьеб хIалбихьи лъугьана кIудияб гIумруялде сапарбитIилъун.*

*Дагъистаналъулги РСФСРалъулги мустахIикъав учитель, СССРалъул халкъияв учитель, Н.К.Крупскиялъул ва С.Стальскиясул цIаразда ругел премиязул лауреат, Ленинил ва «ХIурматалъул гIаламат» орденал, «Имам Шамил» ва «КIудияб ВатIанияб рагъул кIиабилеб даражаялъул» медалазул бетIергьан, «ЗахIматалъул Реццалъул» тIехьалде цIар босарав нилъер ракьцояв Булач ХIажиевасул нилъер халкъалъ адаб гьабулаан, гьев вокьулаан ва унго-унгояв дагъистаниявлъун, лъикIав инсанлъун ракIалда хутIана.*

*Нижеца кьолеб буго политикиявгун жамгIияв ва гIелмияв хIаракатчи ХIажи-ГIали Данияловасул гIумруялда ккараб талихIкъосараб лъугьа-бахъиналъул бицунеб, цIалулелъул ракIазе кIудияб пашманлъиялъул асар лъугьунеб Булачил макъала.*

**Булач ХIАЖИЕВ**

## БАТУЛАГО БОРТАРАБ ТАЛИХI

Александр Македонскиясул чабхъеназдаса хадуб, Парфяназул ханлъиялъул къуват лъугIула ва мугIрузул таджикал дунялалдаго риххула. Гьединго гьел ккола Гьоркьохъеб Азиялдеги Кавказалдеги.

МугIруздасанги кIкIалал-хъитIаздасанги гочарилаго рачIун, ахирги гьеб къавмалъул Загъалазул кьибилалъул гIадамаз рещтIен гьабуна Ругъжаб росулъ. Гьезулги букIуна 15-гIан хъизан. Биценалда рекъон, гьеб букIине ккола нилъер эраялде щвелелдего. БоцIи-панз хьихьизеги ах-хур гIезабизеги кIудияб хIалбихьи бугел Загъалазул тухумалъ хехго магIарул росулъги жидеего гIумру гьабизе санагIалъи гьабула. МагIарухъ цоги тухумалгун журан, гьезул гIагарлъи гIатIилъула. Гъунибги Ругъжабги росабазда гьоркьобе кколеб СалтIа, церехун гьенир рукIинчIел цIолбол ахал гIезарула. МугIрузул гIадамалги гьеб ишалда цIакъ разилъула. Гьеб тIадехун рехсараб Загъалазул тухумалъул лъикIав, гIодовиччарав, ГIумар абулев чи гIолохъанго гIумруялдаса ватIалъана. Росас тIаса босун букIанщинаб бакIлъи гъуждузде бегана лъабго ясалъул эбел, кьвараргаб гIамал-хасияталъул гIадан Меседоде. Ясазеги Меседоца гьединабго тарбия кьуна. Меседоца кIиялго кIудиял ясал россабазе кьуна. Гьанже эбелалъ ургъел гьабизе хутIун йикIана бищунго гьитIинай Кусум.

1931 соналда Буйнакскиялде анлъго моцIрол педкурсазде цIализе йитIарай гIолохъанай Кусумида цадахъ хъаравул гIадин эбелги йикIана гьелъул цIали лъугIизегIан. ЦIали лъугIун, Гъуниб районалъул БацIада



**ХIажи-ГIали Даниялов**

росулъе йитIана Кусум. Эбелалъ гьелда дандечIейги гьабичIо, БацIада школалда хIалтIулел Хиясги ГIабдулмажидги – Кусумил кIигониги вацгIалги вукIиндал батила.

Борхатаб лага-черхалъул, берцинаб сипат-куцалъул, тири-гъирияй Кусум бералълъ йосичIев чи вукIинчIо гIагараб росулъги гьей йигеб сверудаги. Ругъжаб росулъе къваригIелалъ щун вукIана доб заманалда цо машгьурав хъвадарухъанги. ГIайиб гурищха гьанже кодобе щвезе рес гьечIеб Кусумил хIакъалъулъ хъвараб гьесул элегия. Амма ясалъул эбелалда гIайибги чIван, кутакалда ракIхун нахъе ана гьениса, Меседода жиндир шигIруялъул борхалъи лъачIев шагIир. Республикаялъул прокурорасги ритIун рачIана Кусум гьарун чагIи. Гьелги мурад тIубачIого тIадруссине ккана. Партиялъул райкомалъул секретарас батIияб нух ургъана: жиндирго рукъалъул хважаинлъун Кусум гьайизе хиялазда, гьес жиндирго лъади нахъе йитIана. Гьесдаги Меседоца вачIарабго нухалъ ине кколевлъи лъазабуна. Живго хъулухъалдаса вахъиялда хIинкъарав райкомалъул секретарь, жиндирго хъизаналъухъе тIадвуссана. Гьединал лъугьа-бахъинал жеги гIемер рехсезе бегьилаан, амма дие бокьун буго, 1932 соналда БацIада ккараб лъугьа-бахъиналде цIалдолесул пикру буссинабизе.

Гьеб къоялъ школалда букIана комсомолазул собрание. Гьеб собраниялде Гъуниса вачIун вукIана комсомолазул райкомалъул тIоцевесев секретарь ХIажи-ГIали Даниялов.

Классалда вукIана 27 комсомолец, гьезда гьоркьойги 9 яс. Президиумалъул столалтIа букIараб бакараб нартчирахъалъ загIипабго канлъи рехун букIана данделъаразул гьурмаде. ТIоцебе балагьарав чиясда ракIалде ккезе бегьулаан, гьенир данделъун ругин ригь арал харабийиланцин. Щивасул бугоан сундулали ургъелчIвай. Райкомалъул секретарас жиндирго кIалъай байбихьигун, бутIрул тIаде рорхарал гIолилазда гьоркьор ригьалъ бищун кIудиязулцин 18-ялдаса тIаде инчIел сонал ругоан. Кагътиде къуличIого, рекIехъе кIалъалев вугев Данияловасухъ гьел цIакъ гъираялда гIенеккун рукIана. Гьезул гьурмал чIаголъун рачIунел рукIана. Данияловасухъ гьел ралагьун рукIана, бацIадисезул мугIруздаса рикIкIада бугеб дунял жидее тIоцебе рагьулев чиясухъ гIадин. Цо лахIзаталда Даниялов цого бакIалдеги валагьун вуцIцIун чIана. ГьебсагIат чвантиниса кагъатги бахъун, щвараб бакIалдасан кIалъазе лъугьинин гьевилан кколеб букIана цIалдохъабазда. Амма, рекIеда ватарав секретарас живго щвараб бакIалдасан дагьабги ракIчIун гьабулеб букIана кIалъай. БацIадисезул гIолилазе шагьаралде лъай босизе ине рес бугебани, букIине бегьулеб тIокIлъиялъулги бицунеб букIана гьес.

Къаси сордо базе Даниялов ана инсулго гьобол МухIамадихъе. Хур-хералъулги, боцIи-панзалъулги, магIишат-яшавалъулги, магIарухъ гIуцIизе бегьулел колхозазулги бицунел рукIаго, жидерго данделъиялъул биценги ккезабун, Кусум абулей учительница лъалищилан цIехана ХIажи-ГIалица МухIамадида. Данделъи лъугIизегIан Кусумида тIаса бер босизе кIолеб букIун гьечIо гьесда. МухIамад-даци велъана ва зодихъе



**ХIажи-ГIали Данияловасул чIужу Кусум**

квералги рорхун абуна: «Дир гьудул Даниялил вас ХIажи-ГIали, дир къавулъ Кусумги гьелъул цIарги кIоча дуда. Районалъул хIаким вукIаниги, бихьулеб буго гьелъул берцинлъиялъ дуеги гьин гъолеб букIин, амма гьей дуе кьолей гIадан гуро, хасго лъималазул рокъов гIурав, гьениб тарбия щварав чиясе. Гьелъул аздагьаби гIадал 27 вацгIал вукIинги ракIалде щвезабе» - абун.

МухIамадида бихьулеб букIана жиндир рагIабаз гьесие кIудияб кIантIизавиго гьабичIеблъи. Гьез цоцазе сордо-лъикI гьабуна. Инсул гьудуласул малъа-хъвайги ракIалде щун: «Гьелъухъ нилъ жеги балагьилин!» - ан абуна ХIажи-ГIалица жиндаго.

Гьаб лъугьа-бахъиналъул хадусеб бицине дирго героясе тезе бокьун буго дие. Гьес жинцаго дагьабги лъикI бицина гьеб.

«Нахъисеб къоялъ, - абун бицана дида Данияловас, - сундасаго нахъе къачIого, Кусумгун дандчIвазе къасд гьабуна дица. ДандчIвай букIана чIобогояб классалда. Дида гIемер магIна бугеб рагIиго абизе бачIинчIо, амма тIаса бер босичIого валагьун вукIана гьелъухъ. Цо лахIзаталъ нижер балагьи данде ккана ва къаркъалаялдаго ток кьабураб гIадаб асар лъугьана дие. МацI лъаларел чагIи гIадин, гIенеккунги кинха ниж чIелел. РакIалда буго, Ругъжаб росулъго щайин гьей хIалтIулей чIечIей абун дицаго гьикъараблъи. Гьарун рачIунезул рахIатбахъиялъ тезе ккакин росуйилан жаваб кьуна Кусумица. СогIаб гIамалалъул вацгIалзабаз цониги, расги гIайиб гьечIев чияр вас чIван ворчIизе гурилан хIинкъанилан тIадеги жубана гьелъ. Гьел вацгIалзабазул бицунаго, щиб абизе Кусумие бокьун букIарабали дида лъаларо, амма нахъе къазе дир къасд букIинчIо ва цIидасан гьей дирго росуцояй гурони ячинарилан дунго диего гьедана.

Лъабабилеб къоялъ хIалтIуде тIадвуссун унаго, Гъуниб гурого Ругъжаб щайин гьечIеб районалъул центрилан кколеб букIана дида. Дие цIикIкIун лъазе бокьун букIана Кусумил хIакъалъулъ, жеги тIатIалаго йихьизе хьул цIикIкIунеб букIана гьей жийгоги. ГIагарлъиялъин абуни,

цо кIалдисан гIадин лъазабулеб букIана дида гьелъул цIар кIочон тейилан ва Загъалазул тухумалъе Юсупилазул тухумгун гIагарлъизе бокьун гьечIилан.

Хадусеб соналъул ихдал учительзабазул конференция букIана. Президиумалда гIодов чIарав дида, дализе бетIерги биччан, анлъабилеб кьералда гIодой чIун йихьулей йикIана Кусум. Гьейги конференциялда йикIунейлъи лъалеб букIиндал, дица кидагоялдаса лъикI хIадурлъи гьабун букIуна кIалъазе вахъине. Гьеб кIалъай лъикIаб лъугьараблъиялъе нугIлъи гьабуна гIадамаз дие кьабулеб букIараб хъатил халатбахъараб гъугъаялъги. Амма лъазе кIолеб букIинчIо Кусумие асар гьабунищ дир цевевахъиналъали. Дун гIодов чIезе ун хадувги, хисичIого, цого хIалалда чIун йигоан гьей.

Гъунив дун вукIана Госстрахалъул заведующий Къурбанов ГIалил дова рукъги ккун. Гьесул лъади Аминатица гIадамазул гурулъаги ялагьун, жидерго бакIалде ячун ячIана Кусум. Ниж хутIана хабаралъе аскIор. Цо хIукмуялде рачIине къо щванилан пикрабазда вукIарав дун гьоркьов къотIизавуна: «Дие мун вокьулин аби битIараб букIинаро, амма рекIее гIола. Эбел дандечIечIони…» - абун юцIцIун чIана Кусум.

- Дица мун гурей, ячине гьечIо гьечIо! – ян абуна дица гьелда.

- Гьедин батани, дунги цойгиясе инаро.

Нижер дандчIвай халалъун батизе бегьула гIицIго 10 минуталъ, амма метералде комсомолазул райкомалъул тIоцевесев секретарь балъго дандчIван рагIулин ругъеждерил Загъалазул тухумалъул ясгунилан цIияб хабар тIибитIана тIолабго Гъуниб.

Дида кколеб букIана долъул вацгIалзабазул 27-ясул цоясе къурбанлъилин гьанже дунгойилан. Гьеб къоялъго Кусум рокъое ячун ана ва нахъисеб къоялъ бацIадисезул школалдаса гьелъул учительлъиялъул документалги нахъе росун ана».

ХIажи-ГIали Данияловасда бичIчIана жинцаго кIутIулеб нуцIил щулалъи. ВацгIалзабазул ццин гIодоцинегIан сабруги гьабун, нахъеги жиндирго ракIалъ малъухъе вахъине жиндиего къотIи гьабуна. РитIана гьаризе чагIи, амма гьел азбаралде рахинецин риччачIо. РитIана нахъеги-нахъеги. Гьедин жал рикIкIунареб бакIалде цогиял ццин бахьун инчIого чIелаан, амма ХIажи-ГIалица анцIабилеб нухалъги хIалбихьи гьабула, цингиги рекIей къабулаб жаваб щвечIони, цIунайгийинха жинца гьабулелдасаги абун гьедана гьаб нухалъги Даниялов.

ХIажи-ГIалил гIамал-хасиятги лъалел, гьев мурадалде щвечIого чIолаhевлъиги бичIчIулел гIагарлъиялъулал гIадамаз гьев рекIеда ватизавизе, гьесда гIакълу щвезе гIемераб хIалбихьи гьабуна, амма хIасил ккечIо. Гьесул цого-цо вугев, гIадамаз адаб гьабулев вац ГIабдурахIман Данияловги Москваялда Темирязевасул академиялда цIалулев вукIана. Гьесулги рес букIинчIо ракIбакъван вугев гьитIинав вацасе хIалае вахъине.

1933 соналъул августалда ХIажи-ГIалил хIукму ккана гIагараб росулъе ваккизе ине. Гьеб къоялъ балеб букIуна цIад, тIогьиллъулел рукIана гъутIбузул тIамхал, тIаде щвезехъин букIин лъалеб букIана



**Вацал ХIажи-ГIали ва ГIабдурахIман Даниялoвал, 1929 сон.**

цудунабго цIорой. Гъунисаго гьесда цадахъ вукIана военкоматалда хIалтIулев Щуланиса ГIабдулвахIид МухIамадовги. Ругъжаре щвезе щуго километргIанасеб манзил хутIараб бакIалда, Савани кIкIалахъе сверулеб нух буго. Нухлул сверуда гьезда бихьана тамашаяб сурат: щуго гIолохъанчиги тIаделъун вухулев вугоан цо чи. Дов чи лъавудаса ун вукIун ватизе ккола, гьев вагъарулевги гьечIилан кколаан ва гьесул кинабниги дандечIей халлъулеб букIинчIо. КIиявго гьалмагъ чуяздаса рещтIана ва «Цоги нухалъ гьав чиясде квер борхани, гьале гьаб гаргазе буго нужгун», - илан бахинабураб наган таманча битIизабула гьезде ХIажи-ГIалица.

Гьеб кинабго бихьарай цо чIужугIадан гIедегIун Ругъжае екерун ана. Росу рагIалда ХIажи-ГIалидаги гьесул гьалмагъасдаги дандчIвазе рахъун ругоан гIемерал гIадамал.

ХIажи-ГIали сордо базе жиндирго имгIал МуртазагIалихъе ана. Кутакалда свакан вукIиналъ нухда ккараб-тарабцин бицинчIого, вачIинахъего кьижизе ана. Радал, Загъалазул тухумалъул 17 чи щвана МуртазагIалил азбаралде.

- ХIажи-ГIали нужехъищ вугев?- абун гьикъана гьез.

Жаваб кьезе кватIизабулеб букIана Загъалазул ясалъулги ХIажи-ГIалилги хабар лъалев МуртазагIалица.

- Ниж лъикIалъе рачIарал руго, ахIе, бегьулеб бани, гьев къватIивехун.

ХIажи-ГIали макьидаса ворчIизавуна ва мехго инелде рагьдухъ рахъун чIаразда цеве эхетана.

ТIаде рачIаразул тухумалъул кIудияс, дагьав цевегIанги къан абуна:

- Ниж ритIун руго Загъалазул тухумалъул гIумруялъ бищун кIудияв – 110 сон барав Пирбудагъица. Мунги дур гIагарлъиги дос хехго жиндихъего ахIулел руго.

ХIурматияв цIалдолев, дуда бичIчIун батилин ккола, ХIажи-ГIалица хвасар гьавурав чи, гьайбатай Кусумил 27 вацгIалзабазул цояв ватаравлъи.

- Пирбудагъица дун жиндаго аскIов гIодовчIезавуна ва гIаракъидул стакан дихъе бегьана, жиндийгоги тIуна. Нижеца, цоцалъ тункун, гьекъана. Дун хIинкъун вукIана, кIудада гIаракъиялъ хехго гIодов лъелин, амма бацIцIадаб лъел стакан гьекъарабгIанги хIалхисичIо херасул. Цинги дун вачана гIатIидаб кванил столги лъураб кIудияб рокъове.

Нахъеги жиндаго аскIов дунги гIодовчIезавун, гьес цIехана:

- Мунищ дов дир васасулги васасул яс гьарулев чи? – абун.

- У! Дун вуго, - ян абуна дица чIванкъотIун.

- Кусум ахIе гьание! – абун лъазабуна херас. «Гьелъги «у» абун жаваб гьабуна. Руччабазул рокъосан ахIи-хIур рагIулеб букIана, бищунго гьаракь борхун кIалъалев йигоан Кусумил эбел Меседо.

Гьеб хъуйиги гIодиги рагIун, ццидахана ахирги херав. Хъорщода магI кьабулеб хIисабалда, гIодоб гIансаги ба-балаго, Пирбудагъица рагIи-рагIиккун ва кьварун лъазабулеб букIана:

- Меседо, кье дурго яс гьав бахIарчиясе ва гьавгун цадахъ Гъуние йитIе! БукIине кколеб сухIматги тIобитIе. Дица дуда кколеб рагIи абуна!

Гьедин ккезеги ккана. ГIодиги ахIиги дагьабго гIодоцана. Вулкан кIанцIараб хIалалъ гIергIериялда йикIарай Меседо, расги лъугьинчIеб гIадин, цIияб ретIел ретIине ясги ячун цояб рокъое ана. Цоял вацгIалзаби куйдул хъвезе ротана, цоял гIадамал ахIизе, зурмихъанги къолохъанги рачине ана.

Бицинеги хъвазеги бажариларо дихъа букIараб хIал. Рекъел гьаби гуребги, дурцазул бищун дун вокьулин, нусгоял гьел рукIараланигиян абулеб букIана якьадалъги.

Вокьана дун Кусумиеги.

- Дун йикIун йигей гIабдал, - ян мукIурлъана гьей, - тIоцеве БацIада школалда вихьараб мехалъго къабуллъана дир ракIалъе мун, амма гIазаб кьуниги, гьеб бицине гьунарго гIолеб букIинчIо дир…

Кусумие бокьулаан тIагIамалда квен гьабизеги, черезеги, рукъ-бакI бацIцIад гьабун бакIаризеги. Гьей йикIана унго-унгояй чIужугIадан. Гьей ретIа-къалаан шагьаралъул къагIидаялда, рилълъин букIана гьелъул хехаб, бетIер чIухIун, борхун кколаан, къаркъала букIана тIадбитIараб, гьелда хIайранлъун рукIунаан гIемерисел, амма гьелъ цониги дун щаклъизе нух кьолеб букIинчIо. Буйнакскиясул къотIносан ниж унаго, киналго нижеда урхъун хутIулаан.

Дун дир героясул щибаб рагIуда божула.

1941 соналъул 20 октябралда Хунзахъ комсомолалъул райкомалъул тIоцевесев секретарь ХIажи-ГIали Даниялов хехаб ахIиялъ МахIачхъалаялде ана. БакIал пикрабаз кодов восун вукIана гьев, гIиси-бикъинаб ишалъ обкомалде ахIулароан. Гьевгун гара-чIварана тIоцевесев секретарь Линкун. ТIоцебе бицен гьабулеб букIана Хунзахъ районалда бугеб ахIвал-хIалалъул, гIадамазул рукIа-рахъиналъул, цинтIаго Линкуница гьикъана: «ХIажи-ГIали Даниялович, дуда лъикI лъалищ

Кавказалъул рагъул тарих?» «Гьелъул магІна щибдай?» - абун хІисаб гьабуна хундерил секретарас ва дагьа-макъабго лъалилан жаваб гьабуна.

- Гьедин лъикІ, дие бигьалъила дуда бичІчІизабизе, Шамилил бетІерлъиялда гъоркь букІараб багъа-бачари букІана гІурусазда данде, Генусан ва Унсоколосан – кІиго бакІалдасан. Амма гьеб букІана – лъугІана. Жакъа нилъее бугеб хІинкъи ккола, гьелго бакІазда раккулел ругел советияб власталда данде рагъизесел къукъабазул. Гьелда хурхун мун ине ккела Унсоколове, райкомалъул хІалтІиги тІаде босун, гьениб ахІвал-хІал рукІалиде ккезабиялъе къеркьезе.

КІиго сагІаталдасан партиялъул обкомалъул данделъиги ахІун, киналго разилъун Унсоколо партиялъул райкомалъул тІоцевесев секретарьлъун ХІажи-ГІали тІамизе хІукму гьабуна.

Цоцалъа рахъун бажаруларел, жура-гъурарал пикрабигун ана ХІажи-ГІали цІияб бакІалде. Харбал рукІана рохьаздаги нохъаздаги хІадурлъулел ругилан аза-азар яргъид гІуцІарал, рагъде инчІого рахчарал гІадамал, гьез тІаде кІанцІун гъара гьабулеб бугин нухлулазеги, кулабахъ чІарал яги гІисинал росабалъ ругел гІадамазеги абун.

Унсоколо чанго къоги байдал, гьениб бугеб ахІвал-хІалалъулгун лъай-хъвайги гьабидал, ХІажи-ГІалида бичІчІана ургъунго магІарулал чорок гьаризе Дагъистаналъул обкомалде щвезабураб мацІ гьеб букІин. ХІинкъиялъул берал чІахІиялин абухъего, чанго анцІго, яги нусго, батІи-батІиял гІиллабазе гІоло рохьазде арал гІадамал тІубараб армиялда ращад рикІкІунел рукІана мацІихъабаз. Шамилил заманалда гІадаб данде чІараб багъа-бачари бугин абураб рагІиго тІубарабго гьереси батана. Гьеб заманалда Хунзахъ рукІана Азербажаналъул дивизиялъул частал. Гьениве щварав Данияловас, часталъул командирасда гьарана, Ругъжабе росулье лъадиги къайи-цІаги щвезаризе автомашина биччайилан. Къо-лъикІ гьабулаго, кьварун лъазабуна гьес лъадуда, моцІгун бащадалдасан Унсоколое ячинегІан, эбелалда аскІов росулъ чІайилан. Ругъжае щварай Кусумида гІагарлъиялъ гьарана гьадинаб квешаб заманалда рос цохІо живго течІого, гьебго машинаялдаги рекІун, тІадюссун Унсоколое аян. Щиб гьабилебали лъаларого хутІун йикІарай Кусум, эбелалъги гьебго абидал, бищун къваригІунеб гІадаб къайи-цІаги цадахъ босун, цІидасан машинаялде тІаде яхана.

Доб мехалъ гьанже гІадал нухалги рукІинчІелъул, БагІараб кьодухъе щвелелде, свакаялъ кьижун ккана Кусум. Кьодухъ кІиго офицерас, киве уневилан шоферасда гьикъулаго, макьидаса йорчІана гьей. Гьал унеб рахъ лъайдал, жалги Хунзахъе ритІун рачІунел чагІи кколин, машинаялда рекІине риччаян гьарана гьез.

Гьедин церехун унаго, Дара-Мурада габурлъиги бахун, Къородисезул кьодухъе щвана. Кусумица чедги, хІанги, бакъвараб гьанги, бахъухъги цебе бахъана ва киналго кванана. Гьенивго тІаде вачІана Даниялоалги лъалев Кусумидаги лъалев Гъагъалъа херав чи. Гьесги Хунзахъе щвезегІан цадахъ вачеян гьарана. Вачана гьевги. Уздал-росу нахъа тарабго, херасда халлъана офицераз цоцазда щибалго щурулеб букІин ва бигьагьабун таманча къватІибе бахъи. ГІемер ургъичІого херав

машинаялдаса гъоркье кIанцIана ва нахъ-нахъги валагьулаго, цевехун лъутулев вукIана. Бахъана кьвагьи. Гулла херасул шокъроб щвана. Гьев гIодов ккана. Кьвагьиялъулъухъе шоферас машина лъалхъизабуна, щиб-кинали лъазе кабинаялъул нуцIа рагьана. Гулла гьесдаги щвана. Хъата-масан къватIиеги кIанцIун, шоферасул туманкI къватIибе бахъизе кабинаялъул гIодочIел борхизабулей йикIарай Кусумил квегIаб гъажалдаги щвана ругъун. Финканусалъ горбодаса рахасги, рукьалдаса сагIатги курхьенги тIезабуна «офицераз», кигIан данде ягъулей Кусум йикIаниги. Майор рулалда нахъа гIодов чIана, нуцIбиги къан, машина хIалтIизабизе хIалбихьана гьез. Кусумица нуцIаги рагьун, махIабиги ккун, шофер кабинаялъуса къватIиве вахъана, гIодовги тIамун, гьесул шекъер жинда кIвараб хIалалъ цабзаз данде къана. Гьелда божичIого рукIине бегьулаан гьей гIолохъанай гIаданалъул, къвакIараб лага-черхги гIураб къуватги букIинчIебани.

Унтиялъул кутакалъ майор гIергIедана. Капитанас хьолболъ таманчаги речIчIун, Кусумихъа гьев хвечIого ворчIун ана ва хъамун машинагун гьел цереса тIагIана. Лъавуде ячIингун БакьайчIиехун ине кIоларищали хIалбихьана Кусумица. Гьелъул ругънал бида рецIцIулел рукIана ва ноябралъул цIоройги рукьбулъе баккулеб букIана. Цо километрагIанасеб бакIги нахъа тун, Кусум гIодой ккана. Гьей йихьана ГIабдула абулев вехьасда. Буртинадулъ гьейги жемун, ГIабдула кумекалъе чагIи ралагьизе БакьагьечIиве вортана. Росдал гIадамаз хехлъи гьабун гьей больницаялде хъамизе тадбирал гьаруна. Лъугьараб жо лъиданиги лъалеб букIинчIо. БакьагьечIисел Хунзахъеги кIалъана. СагIат ункъо тIубалелде райкомалдаса тIаде щвана НКВДялъул начальник.

Гьеб балагьаб иш кколеб заманалда расги лъаларев ХIажи-ГIали хундерил активгун цадахъ ХъахIабросулъа Унсоколове щвана. Сардилъ сагIат кIиго тIубараб заман букIана. Гьев гIажаиблъун хутIана райкомалда данделъун киналго партиялъул хIалтIухъаби ратигун. Цоцазе салам-калам гьабун бахъиналде телефоналъул цIурмил сас бахъана. МахIачхъалаялдасан кIалъалев вукIана Дагъистаналъул Совнаркомалъул председатель ГIабдурахIман Даниялов. Гьесдасан лъана ХIажи-ГIалида Кусумил хIакъалъулъ чIегIераб хабар.

НКВДялъул начальник Фаталиевас гьеб рокьукъаб ругьел киса-кибего лъазабулеб букIана. Цоги кIалъалел гIадамалги чIезарун, телефонистазги киналго линиязде ахIизе гьесие рес кьуна. Жанисел ишазул нарком Медведевас МахIачхъалаялдасан лъазабуна Сергохъалаялда хъачахъаз офицер чIван ватиялъул ва гьесухъа машинаги бахъун Леваширехун гьел рорчIиялъул. Киса-кирего хъачагъаз хъвалеб хатI данде кколеб букIана ва рукIине кколел тадбирал гьареян лъазабуна наркомас.

Гьеб лъугьа-бахъиналда бан рачIарал лъазабияз Гъунирги, Левảширги, Унсоколорги, ЛъаратIаги киналго хIатIазда рахъун чIезаруна. Бокьараб рахъалде ине рес букIана хъачагъал, жиндаго лъикI лъалев Хъупа росдал Советалъул председатель Абакаров МухIамадихъеги ахIун, Фаталиевас лъазабуна, къайи баччулеб машинагун лъутарал бензин гьарун рачIине бегьулин, гьел кквезе хIадурго рукIайилан. СагIатгун бащдаб инелде бачIун гьениб лъалхъана машина. Кабинаялдаса гIодореги рещтIун,

росдал Совет кибехун бугебилан гьикъана кIигояс. ГIадамаз гьезда советалде унеб нух бихьизабуна. Гьел рачIингун, дандего председательги вахъана.

- Ниж цIакъ гIедегIун цо кIвар бугеб ишалъ Буйнакскиялде унел чагIи ккола. Бензин лъугIун буго, кумек гьабе бегьулеб батани.

- Валлагь гьабилебха, - абун гьимана Абакаров. – Кумек гьабичIого бегьулищ нилъерго ВатIан цIунулел гIолохъабазе. Рилълъая дида цадахъ!

«Жанире лъугьаралго, тIаса ярагъги бахъун, рухьун рехана «хIурматиял» гьалбал сурав босулелъул. Цояс абуна жив гIурусав кколилан, цогияс бицана жив украинав вугилан ва рагъул тIоцебесеб къоялъго немцазухъе асирлъуде анилан. Лъабго моцIалъ «цIализеги» гьарун, кколеб тIадкъайги кьун, Хасавюрт районалде самолеталъ рехун руго гьел. Гьезул аслияб масъалаги букIун буго Дагъистаналда гъалмагъир багъаризаби.

Нилъеца тIадехун бицанщинаб лъугьа-бахъин ккана 1941 соналъул 6 ноябралда, анкьабилеб ноябралда юкъана берцинай Кусум. ГIарани хъаладухъ вукъана гьелда цадахъ чIварав шофер гIурусавги. Жиндирго васасде ваккизе Хунзахъ больницаялде унев вукIарав дов херавги кIиго моцIидасан къадаралде щвана. Каспи ралъдал рагIалдеги рачун чIвана дол хъачагъалги. Гьеб операциялъул бетIер хIисабалда, ГIали Фаталиевасе шапакъаталъе сагIатги грамотаги кьуна.

Чугун, мугIрул-щобал къотIун Хунзахъе вачIана ХIажи-ГIали. Гьесда дандчIвазе бахъун батана тIалъиялдаса кинабго халкъ. Гьениб букIараб кIудияб данделъиялда кIалъай гьабуна гIемерал гIадамаз. БагIараб гIатIласалъ къачIан букIана чIваралъул жаназа. Хунзахъа 28 чIужугIадан ана гьелъул жаназаялда цадахъ Ругъжаб росулъе щвезегIан. Шоферас гьарулеб букIана эхедераялъ машина бахине кIоларин, гIодорехун тормозазда кквезе кIвечIого букIине бегьулин, ращдалниги гIодое рещтIайин, цониги чIужугIадан гьениса рещтIинчIо. Партиялъул хIалтIухъабиги гIемерал гIолилалги мугIруздасан машинаялдаса цере щвана Ругъжаре.

Хвел букъун нахъисеб къоялъ ХIажи-ГIали Унсоколове тIадвуссунаго, нухдаго бецIлъана. Мехелида жаниб лъугьанщиналъул пикрабазда вачIунев вукIана гьев. Сундасаялиго хIинкъараб чу кIкIалахъе кIанцIун ана. Вортараб бакIалда бекана гьесул бох. Гьениса нахъе кин ворчIаравали ва чода аскIове кин щваравали гьесда лъачIо.

Къакьадерил майданлъиялда рихха-хочи багъарана бекараб бохгун ХIажи-ГIали вачIиндал. Хадурги ун вачун вачIана бека-биххараб бакI къачIазе кIудияб махщел бугев МухIамад-ХIажи. ГьебсагIат кьегIерги хъвезабун, бекараб бакIалда цIокоги жемун, тIасан хъарщалги лъун, къана тохтурас гьесул бох.

- Гьанже мун кьурдизецин бегьула, - ян абуна гьес Данияловасда, жиндирго хIалтIи лъугIидал. Гьакидаги рекIинавун вачунев вукIана ХIажи-ГIали Унсоколове, амма чода рекIун гурони вилълъине гьев разилъичIо.

КватIичIого МахIачхъалаялдаса вачIана медицинаялъул профессор Цанов. Гипсги лъечIого бох сах гьабизе магIарулазул бугеб махщалида хIикмалъун вукIана тохтир. МухIамад-ХIажие 800 гъурущ гIарацги кьун, хадубккунги унтарасул тIалаб гьабеян гьарана Цановас.

Гьайбатай Кусумида хурхарабги, гьелъул къокъабго къисматалъул биценги, гьаб бакIалда лъугIидал, хадусел лъугьа-бахъиназул гьаниб рехсечIого толеб буго.

*Буссинабуна ГIайшат Малачиевалъ*

# Вацлъиялъул адабияталдаса

**Расул БАХIАМАДОВ**



*Исана 85 сон тIубала даргиязул хъвадарухъан ва фольклорист Расул БахIамадов гьавуралдаса.*

*ДахIадаев районалъул гIагараб Меусиша росдал школалдаса хадуб Р. БахIамадовас лъугIизабуна Сергохъалаялъул педагоглъиялъул училище, хадубги Дагъистаналъулъул Пачалихъалъул университеталъул литературиялъулгун филологиялъул факультет.*

*Расул хIалтIана школалда учительлъун, директорлъун, колхозалъул парткомалъул секретарьлъун, Меусиша росдал Советалъул председательлъун. Студентлъиялъул соназдасаго гьес ракIаризе байбихьана даргиязул халкъиял кIалзул асарал. Гьел данде росараб ункъониги тIехьги къватIибе биччана Расулица. Гьев вукIана Дагъистаналъул фольклоралъул институталъул директорасул заместительлъунги.*

*Дагъистаналъул издательствабазда дарги мацIалда рахъана Р.БахIамадовасул «Инсанлъиялъул роцен», «Жавгьар», «ГIелцоял», «Гьоркьоб къотIараб нух», «Къисмат», «ТIасарищарал асарал», «Вас», «Дир соназул чIумал» абурал ва цогидалги харбазулгун къисабазул ва кучIдузулгун поэмабазул тIахьал. Гьединго, гьесул асарал рахъана гIахьалал тIахьаздаги газетаздаги журналаздаги. Гьел руссинарун руго авар, лъарагI, лак, лезги ва, цогидалги Дагъистаналъул мацIаздеги.*

*ГI.Батирайил цIаралда бугеб даргиязул музыкалиябгун драмаялъул театралъул сценаялда лъуна Расулил пьесабазда рекъон «Антика» ва «КьогIаб къисмат» абурал спектаклял.*

*Расул БахIамадов ккола Россиялъул Хъвадарухъабазул союзалъул член, РФялъул мустахIикъав учитель. Гьесие кьун руго ДРялъул ХIурматалъул грамота, РФялъул Лъай кьеялъул министерствоялъул медаль ва цогидалги шапакъатал.*

*Расулида юбилейги баркулаго, гьесие сахлъи щулияб халатаб гIумруги творчествоялъул бергьенлъабиги гьарулаго, кьолеб буго нижеца гьесул чанго хабар.*

## ТЕМИРБУЛАТИЛ ТАЛИХІ

***(маргьа)***

- Щиб гьабизе кколеб инсанас талихIавлъун вукIине ккани? – ан гьикъана Темирбулатица цо гIакъиласда.

- Къварилъи ккарасе кумек гьабизе ккола, - ян жаваб кьуна гIакъилас.

«Ина дун дунял сверизе, - абун ракIалде ккана Темирбулатида, - къварилъиялда ватаравщинасе кумек гьабила, дие талихIавлъун вукIине бокьун буго». Ва гьев ана дунял сверизе.

БукIана цIорораб хасел. Цо рагIал-ракьан гьечIеб хуриве щварав гьасда, циндаго бихьана квачан холеб цIум. Темирбулатица цIум хинлъизабуна ва боржине биччана. Боржун унаго, цIудуца гьесие жиндирго цо хIули тана ва абуна:

- Нагагь дуе дир кумек къваригIани, гьаб каранде къай, хIухьел биччан, гьаб хинлъизабе – дун гьебсагIаталъ дуда аскIобе щвела.

Темирбулатица чвантиниб лъуна хIули ва цевехун ана. Гьев щвана ралъдал рагIалде ва бихьана гьениб холеб бугеб цо кIудияб ччугIа.

- Щиб дуе ккараб? Щиб кумек дица дуе гьабилеб? – абун гьикъана Темирбулатица гьелда.

ЧчугIида кIалъазе кIолеб букIинчIо, гьелъ жиндирго кIал рагьана ва, гIолохъанчиясда бихьана гьелъул мукъулукъалда къараб ракьа, ракьа сверун бугеб квешаб ругъунги. Темирбулатица ва ракьа нахъе бахъана ва ругъун бацIцIад гьабуна.

- А гьанже, лъедезе дурго ралъдалъе!

ЧчугIица гьесухъе кьуна жиндирго тIомалда рукIунел гIарцул кьерал, гургинал хъалал ва абуна:

- Нагагь дуе кумек къваригIани, гьал гIарцулал хъалал каранде къай, тIаде хIухьел биччан, гьал хинлъизаре – гьебсагIат щвела дун аскIобе.

Темирбулатица гьелги лъуна жиндирго чвантинир, цIудул хIулиялда аскIор ва ана цевехун. Дербенталъул ахазул рагIалде щваравго, гьесул берречIчIана, хIетIеги лъукъун къваридго бугеб царада ва гьикъана гьелда:

- Дуе лъугьараб щиб, цер? Дица кумек гьабилагури дуе!

Темирбулатица гьелъул хIатIидаса гулла бахъана ва цараца баркала кьолаго, гьесухъе кьуна жиндирго рачIчIалдаса тIураб квасул нухи:

- Нагагь дуе дир кумек хIажалъани, гьаб каранде къай, хинаб хIухьелги биччан, гьаб хинлъизабе – дун гьеб лахIзаталъ щвела духъе.

Гьеб квасул нухиги дол цоязда акIоб лъун, Темирбулат шагьаралдехун валагьун вилълъана. Гьениб гьесда бихьана цIакъ хIинкъараб сурат: хъалаялъул рагьида гIодой чIун йикIана кутакалда берцинай ханасул яс Париханум. Рагьиялда гъоркь, хъалаялъул къадазда кьабгIарал меседил магIазда ван вукIана бетIер къотIарав 39 гIолохъанчи. Гьезул хIатIазукье рехун рукIана гьезулго бутIрулги. Гьел гIолохъаби рукIана Париханум жидее гьаризе рачIарал чагIи. Гьезул щивав ханасул ясалъ тIамулев вукIана жиндасаго вахчизе, ватулареб хIалалда. Нагагьлъун ватани – гьесул бетIер къотIулеб букIана ва гьел меседил магIида балеб букIана. На-

гагь рахчаразул цонигияв ватичIого хутIани, Перианум гьесие росасе ине йикIана.

Темирбулатида ракIалде ккана: «Гьаб хъалаялъул къедалда жеги гIемерал чIорогол магIал хутIун руго, гьай ханасул меседоца жеги чанги васал ратIа гьарила гIумруялдаса?! Гьеб ккола кIудияб балагь. Дица хIалбихьила гьел пакъирал хвалдаса хвасар гьаризе…»

Темирбулат ана вахIщияй ханасул ясалъухъе.

- Щай мун вачIарав? Щиб къваригIун? – абун гьикъана Паримеседоца гьесда.

- Дун вачIун вуго мун къваригIун.

- Дуда гьал бутIрул къотIарал рихьулищ, мунги ккезе бегьула гьазда гьоркьове, лъикIго ургъун вихье.

- Мун гIадай хIурулгIиналъе гIоло рухI кьезегицин хIадурав вуго дун, - ян жаваб кьуна Темирбулатица гьелъие.

Ханасул ясалъе гьесул жаваб рекIее гIуна.

- Нагагьлъун дида мун ватизе кIвечIони – дун дур йиго, мун дир вуго. Метер гьабго заманалда вачIа гьаниве.

Темирбулат шагьаралъул рагIалдехун вилълъана, цинги чвантинисаги бахъун, жиндирго хIухьелги речIчIизабун, хинлъизабуна цIудул хIули…

- Кье дие дурго буюрухъ, - ан абуна цIумалъ гьасда.

- Метер гьабго заманалда дун вахче дуца! Нагагь ханасул ясалда дун ватани – дир бетIер къотIула.

- Ватизе гьечIо, - ян ракIчIун абуна цIудуца.

Гьелъ жиндирго мугъалда рекIинавуна Темирбулат ва зодобе боржун ана.

Парихханум, дурнабиги беразда чIван, киса-киего ялагьулей йикIана: я ракьалда тIад, яги ралъдалъ – кивниги гьадав гIолохъанчи вукIинчIо. Нахъойги лъикIалаго зодихъе ялагьарай гьелда вихьана цIудул мугъалда рекIарав Темирбулат.

МаркIачIул гIужалда гьав багьадур ханасул ясалда аскIове вачIана.

- Ватанищ? – абун гьикъана гьес, живго бергьиналда ракIги чIун.

- Ватана.

- Кив?

- Зодов вукIана, цIумалъул мугъалдаги рекIун. Мун бахIарчияв вас вихьула дида, гьединлъидал дица изну кьолеб буго дуе цойги нухалда дидаса вахчизе.

Темирбулат ралъдал рагIаладе щвана ва чвантинисаги бахъун, тIомалъул кесек, хIухьелги чIвазабун, хинлъизабуна.

- Дур буюрухъ? – абун гьикъана ччугIица гьесда.

- Метер гьабго заманалда дуца дун вахчизе ккола, нагагь ватани, дир бетIер къотIизе буго.

- Ватизе гьечIо, - ян рагIи кьуна ччугIица гьесие. Ва жиндирго цабзазукь гьевги ккун, ралъдахъехун гIедегIана.

Париханум ялагьана киса-киего: мугIрузде, зобазде ва ралъдалъе, амма кивниги ватизе кIвечIо гьелда вас. Циндаго цо кIудияб ччугIаялъ жиндирго кIал рагьана гьитIинаб ччугIа кваназе, гьебсагIат ханасул ясалда вихьана гьелъул кIалдив Темирбулат. «Унго, вукIун вугев бахIарчи гьав вас!» - абун гIажаиблъана яс.

МаркIучIул гIужалда бахIарчи Париханумихъе вачIана.

- Ватанищ? – абун вохуца холаго гьикъана гьелда Темирбулатица, гьаб нухалдани гьелда жив ватунгутIиялда кутакалда ракIги чIун.

- Ватана, - ян бетIер кIибикIана ханасул ясалъ.

- Кив?!

- Ралъдал тIиналда, ччугIил кIалдив. Дица дуе кьела лъабабилебги изну вахчизе.

Темирбулат Дербенталъул рагIалде щвана, гьенир рукIана берцинал ахал. Гьаб нухалда гьес чвнтинисаги рахъун, карандеги къан, тIаде хIухьелги биччан, царал расал хинлъизаруна. ГьебсагIатго бекерун аскIобе щвана цер.

- Щиб къваригIараб жо? – абун цIехана гьелъ васасда.

- Метер гьабго заманалда вахче дун. Нагагь ватани – дир бетIер къотIизе буго.

- Ватизе гьечIо, - ян абуна цараца.

Цер, циндаго бечедай базарганалде сверана, Темирбулат абуни сверизавуна берцинаб матIуялде. Цинги гьей базарган-цер ана ханасул ясалъухъе ва абуна:

- Чан бахIарчияв вас хварав мун сабаблъун! Дуца гьезул бутIрул къотIеян буюрухъ кьуниги, мун талихIайлъун лъугьинчIо, дурго талихI къана гурищ. Дица дуе сайгъат гьабулеб буго гьаб берцинаб матIу, гьалъ гурони мун талихIайлъун гьайизе гьечIо. Меседил рамка гьабеян абе дуца гьалъие, ва цинги дуда батила гьанжелъизегIан балагьулеб букIараб талихI.

Париханумица йохуца холаго къабул гьабуна сайигъат. МатIуялъе меседил рамка гьабулагоги гьелъ вас валагьулаго гелана киналго мугIрулги, щобалги, зобалги, гIоралги, ралъадалги – амма кивниги гьев ватичIо.

Цинги цо къоялъ гьелъухъе босун бачIана меседалъ сверун къачIараб матIу ва Париханумил беразда цебе матIу Темирбулатиде сверана.

- Гьаб нухалда ватичIо гури дуда дун! – абун вохун ахIана Темирбулатица.

МатIу сверун букIараб меседил гор баргъичалде сверана. Гьеб гьасул сайигъат букIана ханасул ясалъе. КватIичIого гьел рос-лъадилъун лъугьана. Ва гьезие гьарурал лъималазул гIемерлъиялъ Дербенталда гIадамазул къадарги лъалаго цIикIкIана.

Гьалеха, къваридазе ва пашманазе кумек гьабуни, ахир-къадги чиясда батула талихI.

## ХIАСБУЛАГЬИЛ ХIИНКЪИ

ХIасбулагь гIумру мугIрузда арав вехь вукIин гуревги, махсара гIемерав чиги вукIана.

Цо кинабалиго кепаб хабар бицунаго, гьесул гьумералда гIемерал хиса-басиял кколаан, гьединлъидалги батилаха, гьес бицунеб жо цIакъго кепаблъун лъугьунаан.

Цо къоялъ годекIаниб цояс бицана, машинаялдаги рекIун хуриве щварав чи жив гьениб машинаги тун къваригIелалъ аравго, нахъвуссун щведал, гура-сурун кабинаялъуб гIодоб чIун батанин кIудияб борохьилан.

Гьеб мехалда ХIасбулагьица тIаде жубана жиндирабго:

- Цо къоялъ дун вукIана авлахъалда гIиял рехъен хьихьулев. Циндаго бихьулеб бугоха, шурун дида тIаде бачIунеб буго цо залимаб борохь. Огь нагIана батад! ХIинкъиялъ дида дирго тIилги кIочана. Виххарав дица балагьулеб букIана цониги гьелда речIчIизе жо. Гьеб лахIзаталъ дида бихьана харилъ букIкIун чIараб гьитIинаб борохь. Дица гьеб хапан кодобе босана ва доб залимаб, дида хадуб гъолеб бугеб загьруяб борохьалда кьабгIунго кьабгIун биччана чанго нухалда. ХIинкъараб доб кIудияб борохь вугелъув дунги тун цо гъогъол гъонолъе тIерхьун ана.

## АРМИЯЛЪУЛ ГЪУДУЛ

Гьаб лъугьа-бахъин ХIасбулагьил ккана Калмыкиялъул авлахъалда гIияда вугеб мехалда.

Кутакаб цIорой бугеб къоялъ гIиял авлахъалде гъолароан, амма гьезие кваназе херги гьечIого хутIарав ХIасбулагьил рес букIинчIо гьел къватIире гьечIого. Гьеб соналъ цIакъго захIматаб хIал букIана, хIадурараб хер дагьаб букIун.

Циндаго ХIасбулагьида рагIана цо гьаракь. Валагьана эхеде – бугоха гьев вугеб рахъалдехун боржун бачIунеб вертолет. Жинцаго гьабулеб жо жиндаго бичIчIуларого, гьес ботIродасаги бахъун, кIвараб хIалалъ, тIагъур хьвагIана. Вертолет дагь-дагьккун ракьалде гIагарлъизе лъугьана ва гIемер рикIкIад гьечIого рещтIана. Гьениса гъоркье лъугьана, тIад лъикIаб, багьаяб ретIелги ретIарал лъабго бихьинчи. Гьезул цояс ишан гьабуна ХIасбулагьиде аскIовегIан вачIаян ва гьев гьезда аскIове гIагарлъана.

Циндаго ХIасбулагь цIорон хутIана «Дица гьабулеб жо щиб?!»

- РорчIами! – ян абуна гьес, хIалакун кIутIулеб ракIгун.

- ВорчIами! – ян жаваб кьуна гьесие. – Щиб ккараб жо? Щай дуца нижеде рещтIине ишан гьабураб?

ХIасбулагь цо лахIзаталъ ургъана: «Нагагь гьал кIудиял хIакимзаби ратани, щиб лъалеб, гьаз дие кумек гьабизеги бегьулагури…» Гьес абуна:

- Гьале гIиял рехъен, гьале дун. ГIиял къайииялда кваназе жо хутIун гьечIо. Лъиениги сундулниги гьелъул ургъелги гьечIо. Вертолет бихьидал, дида ракIалде ккана, гьаниб ракьалда ругез дие кинабгIаги кумек гьабулеб гьечIин, щиб лъалеб, гьаваялдасан щвезе бегьулин дие гьебилан.

- Кинаб совхоз нужер? Фермаялъул номер кинаб? Дур фамилия щиб? – аскIов вахъун чIарас ХIасбулагьил жавабал кагътида хъвалел рукIана.

КватIичIого гьел роржун ана. Нахъисеб къоялъ фермаялде чанго ххарил цIураб машина бачIана.

- Дуца щай дида бицун букIинчIеб дуда обкомалъул тIоцевесев секретарь лъалилан? КисагIаги дуда гьев лъалев? – ян гIажаиблъун гьикъана ХIасбулагьида совхозалъул директорас, гьев живго вачIана гIи-боцIуе хер босун.

ХIасбулагьица гьимичIого жаваб кьуна:

- Лъеберго соналъ цере армиялда цадахъ хъулухъ гьабулел рукIана.

Гьесда дун, лъова тIасан вертолеталда воржун унаго, вихьун вуго ва дихъе ракьалде рещтIана. Цинги абуна, щиб къваригIараб жо кканиги жинда лъазабейилан.

Директор вуцIцIухIун гьесухъ валагьун чIана. Цинги, щибго рагIиги абичIого, машинаялдаги рекIун ана.

## КIИГО ХАРБИЛАСУЛ КЪЕЦ

- Дир кIудияв инсулго инсул букIана цIакъ кIудияб азбар, - ян байбихьана тIоцевесев харбилас. – Цояб рагIалдаса цояб рагIалде чу бекерулаго, гIалаялъ тагьи гьабулеб букIарабила…

- Э-э! – ян гьев гьоркьов къотIизавуна кIиабилев харбилас, - валлагь бегьанаха, гьеб цIакъ гIажаибаб жойищ бугеб? Дуда лъалищ дир кIудияв инсулго инсуца щиб гьабулеб букIарабали? Гьес босун кодобе цIилицIгун зодоса накIкIал нахъе хъамулел рукIана! РагIулищ дуда?!

- Гьебни ракIчIараб гьереси буго, - ян абуна тIоцевесес, - гьедигIан кIудияб цIилицI кибниги букIунареб.

- Уйищха? Дуда лъаларебищ гьеб гьунеб букIараблъи дур кIудияв инсулго инсул азбаралда, - ян велъанхъана кIиабилев.

- ЛъикI буго, - ян разилъана тIоцевесев, - мун бергьана. Гьанже дуца бицеха.

- Гьедин батани гIенеккеха мун дихъ. Дир эмен вукIана цIакъ ворхатав чи: гьев кидаго гIодобе бетIерги къулун хьвадулаан, зодор ругел цIваби рортизе гурилан.

- ЦIвабзазул хIакъалъулъ щибха дур инсуца бицунеб букIараб: гьел тамахалищ ругел яги къвакIаралищ?

- БитIун бицани, гьес абулаан кидаго гьел тамахал жал ругилан, - ян махIниги виххичIого жаваб кьуна гьерсихъанасги.

- Гьедин батаниха, дир гIагарав, дур инсул бетIер тункулел жал гьел зодор цIваби гурелха рукIарал, гьел рукIана дир инсул хъабчил ахалъаби, - ян, кутакалда кеп щун, велъанхъана тIоцевесев.



# Лъалищ нилъеда?

**СУНДА УМУМУЛ БОЖУЛЕЛ РУКІАРАЛАЛИ?**

*ХІайван бичизе бачунеб бугони, гьелдаса цо дагьал расал тІолаан, баракат цадахъ инчІого букІине;

*Бакъанида зоб багІарлъун бугони, метер роцІараб къо букІинилан абулаан. Радал зоб багІарлъун бугони, дунял кьерхунин, гІазу-цІад балин абулаан;

Гьелдаса бачІараб буго: Радал багІар къинаб,

Къаси багІар хІораб.

*Их чІараб тІоцебесеб къоялъ ичІго батІияб квен кваназе кколин абулаан.

*Их рекІинчІого букІине, надалда мичІчІ хІунчулаан;

*Дандерижи (гъул) гІадамасде ахІдола. Элде данде: «Ия!» - ян абуни, гьев чи холин. «ЖужахІалъул цІа!» - ян ахІизе кколин абулаан;

*Нус гІодобе бортани – гьобол вачІунила, кІукьмахх гІодобе бортани – гьобол ячІунила;

*ЧІарал бусада гьабураб дугІа къабуллъулила;

*Чинхъани, чияца цІар бахъун букІунила;

*ГІицІаб чІарбида чІанкІарал (гІицІал) хІатІал чІун, царгъиниса ханжу босани – баракат бахъулила;

*Хварав чи чурараб лъим тІураб бакІалда гІицІаб хІетІе чІани – хІатІал кьвагь-кьвагьулила, хъачІлъун чІучІила;

*Нухда унаго, нух къотІун цебесан борохь ани – нух битІуларила;

*Къоролалъул тІохде цІам бани – цІинкрал тІагІунила;

*Нухда унаго кІицІул чинхъани – нух битІулила;

*Нухда унаго, цо жо кІочон тун, нахъвуссани – нух битІуларила;

*Логода бащадаб гІинтІидул зазил хьоп къотІун, мокърукь къазе гьабун тани – гьебгун цадахъ цІинкрал ракъвалила;

*Руз росулъе балагьун бугьадани – росулъ чи холила;

*Цо чиясул рукъалъул тІохда руз чІани – рокъоса чи тІагІунила;

*Рокъобехун балагьун азбаралда хІелеко гІегІедани – гьобол вачІунила;

*Базаралде унаго, хІатІида реччел хъвани – даран кколила;

*Сапаралде унаго, цІураб гІеретІгун чІужугІадан данде ккани

– нух битIулила. ЧIобогояб гIеретIгун чIужугIадан данде ккани – нух битIуларила. ЧIобогояб гIеретIгун ячIуней чIужугIаданалъ гьеб жиндаго нахъа бахчула, сапаралде унев чи данде вачIунаго (чIобогояб гIеретI данде ккани сапар битIуларин абула);

*Къоркъода квер хъвазе бегьуларила – гьеб нилъеде хьандолила;

*Сапаралде унев чиясда, кивейилан гьикъизе бегьуларила, бичас биччанийилан абизе кколила;

*Хьитал кIалагъоркье лъезе бегьуларила, гьез жужахIалъуре ккагийилан гьарулила;

*Базаралде бачараб хIайван бичун ани, гьеб бухьун букIараб квар цадахъ кьолароан, баракат унилан. Гьединго чу бичараб мехалъ цадахъ кьолароан чIолохъжо, кьили ва гь.ц.

*Росониб буцараб ханждал хутIараб кесекалъул гьабураб гьитIинаб хинкI бихьинчиясе квине кьолароан, гьев можороялъ къолин абун;

*Чол гвангвара гъотIода бухьани – пихъ гIемераб бижулила;

*Гьабураб мехалъ лъимералъул гъоркь-хIатIида панкъ-чед кьабуни, кIудияв гIураб мехалъ гьев можороялъ бергьунила;

*Сапаралде унаго гIанкI данде ккани, гьеб цер букIанин, гIанкI букIинчIин абизе кколаан. ГIанкI данде ккани, нух битIуларин абулаан;

*Рокъоса чи къватIиве сапаралде араб мехалъ, гьесда хадуб рукъ лъухьизе бегьуларoан – нух битIуларин;

*РетIухъе бугеб гурдида маргъал букъулаго, кIалдиб кквезе сумм-гIучI кьолаан, мусру гурони гьедин букъизе бегьуларелъул;

*Лъимадул тIоноцIиб ракьа къвакIуларебила, гамачIилан абизе лъазегIан;

*Лъимадул гьурмада лахI бахани – бер кколарила;

*Лъимер, гIака, чу ва гь.ц. лъицаниги беццулеб бугони, гьесде абизе кколила, дур беразул берцинлъийилан – бер ккечIого букIине;

*Лъимер гьабизе кIвечIого йигей чIужугIаданалъе щурункъверкъалъул къолонисан лъим кьуни – бигьалъулин абулаан;

*Лъимер кинида лъелелде, гьениб кету лъолаан ва кIибикIулаан, кету гIадин гIемер лъимерги кьижизе;

*ГIанкIу гIергIедани – балагь бачIунила, гьеб гьебсагIат хъвезе кколилан абулаан;

*ЧIобогояб кини кIибикIизе бегьуларила – лъимер унтулила;

*КьочIол борохь чIвани – рукъалдаса баракат унила;

*Лъималазда цаби раккулеб мехалъ мугь белъунаан – мугь бихъ-бихъун унеб гIадин, лъимадул дабалги рихъизе;

*Нух къотIун борохь ине лъикIаб букIунарила;

*Мадугьалалъухъе цIалкIу кьолаго, гьелда жаниб тIоччол гIерекъ лъолаан – рокъоса баракат инчIого букIине;

*Кинида вущарав васасул къаданиб нус лъолаан, ясалъул къаданиб кIукьмахх лъолаан – щайтIабаз ккунгутIизе;

*ЦIум чIани – балагь бачIунилан абулаан;

*ЦIудул квачI найил тIалаялда бухьани – наязда баракат лъолин абулаан;

*Шамат къоялъ роччани – кьерхен халалъулила;

*Лъабго эбел йихьарал лъималаца мохрол картIиниб цIа бакани – роцIунила;

*Ракъдалаб мехалъ ретIелги тIадго гIачивехь ялъуни бачавехь лълъелъе рехани – цIад балилан абулаан;

*Дараналъ кIватIиве вахъунаго, цIураб гIеретIгун чIужугIадан дандчIвани – нух битIулила, хайир кколила;

*Кваналаго кIалдиса жо бортани – росулъ чи холила;

*Хъат букарани – гIарац щолила;

*Буцулаго ханждаде тIураб лъим цо рахъалде чвахун ани – гьобол вачIунила;

*Ругъун бугев чи вегараб рокъоб лъадалъ гIанкIудал хоно лъолеб гIадат букIанила;

*Хабалъе цIад тIинкIани – кьерхен халалъулила;

*Кьунсрул рукарани – вихьизе вокьарав чи вихьулила;

*ГIундул роркьун, цIа бачIун лъугьунила – нахъасан чи какдолев вугони.

# ЦIалдолезул кучIдул

**Шарапудин МУХIАМАДОВ**



## ГIУМРУЯЛЪУЛ АХИР

**Дир рекIел тIугьдузда тIанкIал лъун ругин,
ТIаде саву ккундай ккараб гьаб гъая.
Берзул канлъиялъул къуват дагьлъанин,
БотIрол хъахIал расаз босундай араб.**

**ГIалхул чанил гIадаб чалухаб гIамал,
Чабхица лъил гIадин лъица бикъараб?
Чвахулеб ицц гIадаб гIищкъу биланин,
ГIолохъанлъиялда цадахъдай араб?**

**Дида гIел бащадал дол гIадамазул
ГIемерисел гьанже рихьулел гьечIо.
ГIажаиблъи гьечIищ, дида лъачIого,
Гьаб дир гIел хисизе халкъ бачIун буго.**

**Къо-лъикI гIолохъанлъи, лъачIин дур къимат,
БачIун гIагарлъанин чIамучIаб херлъи.
Жиндир берцинлъиялъ дунги тох гьавун,
Дунялалъ нахъарукъ къачIалеб буго.**

**Дир хиял букIана, кинабго хIалтIи
ТIубан лъугIизабун, дунго бергьине.
РакIалде кколаан, дунялалъул рукъ
Диего кьун тараб хазинайилан.**

**Дир ракIги гIорцIичIо, боцIиги гIечIо,
ГIумруялъул сонал тун руго нахъа.
Даималин ккарал ихдалил къоял,
Дунги кьижахъе тун, ун руго роржун.**

Вижараб ракьалъул кьураби, гохIал,
Дида гьел кколаан гьалмагълъийилан.
Гьаб кинабго дунял додинго буго,
Дирго къоял руго къалъудаса ун.

Гьанже тIадвуссине дир ресги гьечIо,
ТIокIав цеве ине бокьунги гьечIо;
Амма гьаб гIумруялъ жиндир гIорхъоде
Нахъ балагьичIого, хъамулев вуго.

Гьал хурдуз бицуна, гъутIбуз бицуна,
ГъутIбуздаса гъунел тIанхаз бицуна,
ТIолго дунялалда бижанщинаб жо,
Расги бокьичIого ракьалде уна.

Огь, пашманал къоял, къваридал сардал,
Сабаб, дару гьечIеб бачIунеб херлъи,
Хадуб гIунтIун бугеб гIажалалъул лълъар,
ГIамал жинде гьечIеб чIегIераб лахIту.

Нукар Накирасе жаваб кин кьелеб.
Квешаб гIамал хъварал мухъал ругелъул.
Мунагьазул гьирал кире рехилел,
Кинабго бихьулев Аллагь вугелъул.

Лъутизе бакI гьечIеб, аскIов чи гьечIеб,
Агьлу-хъизамалъул сас рагIулареб,
Сверун тIад жемарал мусрудул натIал,
ТIадцвизарун чIварал рицатал къанал.

Рии бачIунареб, хасел щолареб,
Щибаб лага тIутIун батIа гьабулеб,
Бакъул канлъиялде ругьунал берал,
БугIун ракьулги цIун гIодор чвахулел.

Дунялалда тарал чIахIиял ригьзал,
ЧIухIдае, рихьдае ран лъугIуларел.
Ахир нилъей щолеб бецIаб ракьул гвенд,
Горду рагьулареб, нуцIаги гьечIеб.

Гъоб хобалъул гIазаб кинха хIехьелеб,
ХIатIида заз къани къварилъахъдулез.
Къваридаб рукъалъуб унти цIикIкIани,
АскIов гIарзалъ ине гIадан щоларев.

ЦIакъаб ретIел бокьун кьур-кьурдараб черх
Кьуризе бакI гьечIеб чIарбилъ турулеб.

**ЧIужу-хъизаналъе согIаб къаркъала,**
**Къанал тIаде рачIун чIчIинтIизабулеб.**

**Гъоркь бусен тIамунги парахалъичIо,**
**Пуружин карават гуреб бокьичIо.**
**ХIулидул къандалъо къаданиб лъураз**
**Лъела ботIрода гъоркь гъоба цо гIерекъ.**

**Кванан гIорцIулареб къали гIадаб чехь,**
**КъвакIараб ракьул цIун гIорцIизабила.**
**ГIадалал пикрабаз агълъараб бетIер**
**БатIалъун хутIила гвандил тIарада.**

**ГIаракъи, жа гьекъон къоял риччанин,**
**Къечалъ гIазаб кьела ГIарасаталда.**
**ГIадамазул боцIи кванан батани,**
**Квешаб дозул мунагь нилъее кьолеб.**

**Гьабе, вацал, кумек мискинзабазе,**
**Бесдал лъималазе, херал чагIазе,**
**Хвараб мехалъ нилъей доба батулеб**
**Барахщун лъикI гуро садакъа кьезе.**

**Бищун цебе тIадаб шагьадат битIи,**
**Щуябго как къоялъ гIужда ккезаби,**
**Хадуб кIал кквезеги хIеж борхизеги,**
**ХIал дурго батани, закат бахъиги.**

**ХIарамаб рехун тун, тавбу цIакъ гьабун,**
**Тухум-кьибилалъулъ гьуинлъи гьабун,**
**Гьаб щибаб сагIаталъ, ресалда рекъон,**
**Расуласул сунат тIубазе гьабун.**

**Илбис-шайтIан цIакъго добегIанги тун,**
**Даим ракIалда ккве къудратав Аллагь.**
**Гьаб дуниялалда бищун вокьулев**
**Берзул канлъи гIадав хирияв хIабиб.**

*Унсоколо районалъул*
*ГъаракIуни росу.*

# ЦIиял цIарал

**Раисат МАЛУЕВА**




*Раисат гьаюна Бабаюрт районалъул Дахадаево росулъ. Гьоркьохъеб школа лъугIизабуна мадугьалихъ бугеб Журмут росулъ. ГьабсагIат цIалулей йиго Р.Малуева ДГУялъул филологиялъул факультеталъул гIурусгун Дагъистаналъул отделениялда кIиабилеб курсалда.*

*Раисатица хIалбихьулеб буго кочIолаб каламалдалъун жиндирго пикраби загьир гьаризеги. Гьелъул чанго кечI кьолеб буго нижеца журнал цIалулез лъай-хъвай гьабизе.*

### ДИР ЭБЕЛ ГIАДИНАЙ ГIАДАН ЙИГОДАЙ

**Дир эбел гIадинай гIадан йигодай,**
**ГIаданлъи, хIеренлъи рекIелъ бессарай.**
**Гьелъул цо балагьи – гьебги гIола дий**
**Дунялалъул ургъел тIаса босизе.**

**Эбелалъул гьурмалъ пашманлъи хъвани,**
**Унтун данде къала дир каранда ракI.**
**Рохалил асаралъ гьей гьимулелъул**
**Гьелдаса талихIаб лахIзат лъаларо.**

**Къаси-къадлъи кIочон, рахIат-хIалхьи тун,**
**ГIезаруна дуца ниж – ункъо лъимер.**
**ЛъикIабги квешабги батIа бахъизе**
**Куцана битIараб тарбияги кьун.**

**Дуца гьабунщинаб кIочон толарел**
**КIудиял гIуна ниж налъи бецIизе;**

Дур кIиявго васас, кIияйго ясалъ
Свак-кIвахI тун гьабила гьанже дуй хъулухъ.

Эбелин абураб рагIи борцунеб
Роцен цоги гьечIо гьаб ракьалда тIад.
Гьелдаса къадруяй, къимат борхатай
ГьечIо щийго нилъей дуниялалда.

## БАРКАЛА ДАИМАБ ДУЙ КИНАЛЪУХЪГО

Дида киданиги кIочон теларо
Инсул тIалаб-агъаз, тIадегIанаб яхI.
ГIадамазда гьоркьоб гьесул къадру-асс
Къо ккедал батулеб борхатаб намус.

Ниж гIезе гьаризе хIажатабщинаб
Балагьана дуца дурго захIматалъ.
ХIалтIана кидаго квен-макьу кIочон,
КIудияб хъизан-рукъ рекъон хьихьизе.

Дур тадбир, тарбия букIана нижей,
Даимаб мисаллъун гIумрудул нухда.
ГIадамазда гьоркьоб кьучIаб бакI кквезе
Дур дарсал ратиялъ ругьунлъана ниж.

Жакъа ниж чIухIула, дада, дудаса
Дур лъималлъун рижун ратиялдаса.
Баркала даимаб дуй киналъухъго,
Нусго сонил гIумру насиблъаги дуй.

## БЕЧЕЛЪИЯЛЪ БУГО ЧИЛЪИ БОРЦУНЕБ

Гьанже гIарац буго сундулго ханлъун,
ХутIарабщиналъул къиматго гьечIо.
Бечелъиялъ буго чилъи борцунеб,
Чиго гуресулги къирал гьавулев.

Бикъараб, хъамураб батIалъи гьечIо,
Буголъиялъ гIадан гIадал гьавула.
ГIадамал чIвазецин нахъе къаларо,
ГIарац щолеб бугищ – хIакъ-къо лъаларо.

Намус-ияхIалда хIур бетараб мех
БукIанадай заман гьанже гIадинаб.
Бечелъиялъ гIадан гIадал гьавураб
ГIасру бачIанадай нилъер гIадинаб.

# Гьабги, добги, добцоябги

## БАКЬАГЬЕЧIИСА ДАЦИ



*Араб къарнуялъул ункъоялда анцIабилел соназул авалалда магIарулазда рагIана цоги цIияв шагIирасул цIар. Газетаздагун журналазда рахъизе байбихьана БакьагьечIиса Даци абураб цIаралда гъоркь махсароялъулгун сатираялъул кучIдул. Гьезда Дацица бицунеб букIана улкаялда кьучIдасанго ахIвал-хIал хисараб заманалда загьирлъарал гIузрабазул, тIадчагIазе, жидерго гурони, халкъалъул ургъел гьечIолъиялъул, бекьулеб ракьги хьихьулеб боцIиги тун магIарулазул гIумру магIна гьечIеб рахъалде сверулеб букIиналъул. Даци жидер рекIелъан кIалъалев вукIиналъ, гIадамаз гьесул кучIдулги гъираялда къабул гьаруна. Гьезул бицунаан заманаялъулги гIумруялъулги хIакъалъулъ хабар ккаралъуб, ахIулаан кочIохъабаз.*

*Гьел киналго кучIдул данде росарал «Дагъистан – базаристан» ва «Мой хIукумат» абурал тIахьалги къватIире риччана БакьагьечIиса Дацил.*

*КучIдузда гъоркь БакьагьечIиса Дациян хъваниги гьесда цIар ХIосенил МухIамад букIана. Гьоркьохъеб школалдаса хадуб цIалана ДГУялъул химиялъул факультеталда. ХIалтIана школалда учительлъун. Хадув цIалана Бакуялъул тIадегIанаб рагъулаб училищеялда. Гьеб лъугIидал хIалтIана батIи-батIиял районазул военкомлъун.*

*Лъабкъого сонил ригьалда Аллагьасул къадар щвана БакьагьечIиса Дацие – ХIосенил МухIамадие. ТIадегIанас Алжан насибавлъун гьавун ватаги гьев.*

*Гьанжесеб гIелалда гьев лъикIав инсан¸ гьунар камилав шагIир лъазелъун ва лъалезда ракIалде щвезавизелъун нижеца кьолеб буго Дацил «Гьадин ругоха, ХIамзат» абураб кечI.*

## ГЬАДИН РУГОХА, ХIАМЗАТ

**ХIамзатил цIар рагIарал**
**Асаразул героял**
**Гьанже ругеб хIал бицун**
**ХIакъаб отчёт гьабизин.**

**Поэтасул гIакъилал**
**ГIумруялъул дарсазул,**
**Агъаз гьабичIого, нилъ,**
**РачIараб бакI бицинин.**

**Нилъерго умумузул**
**Иср кIочон тани, нилъер**
**Лъугьунеб жо бихьизе,**
**Балъгояб накъит хъвазин.**

**ХIамзат, дур рагъ букIараб**
**КIал бегIераб гIанхвара,**
**Улка бичун кваналез,**
**Кварида бан гъанкъана.**

Бихьиналги, цIуялги
Къудкул гьалаглъун руго,
Пил, цIунцIра цIунун тараб,
Телохранитель буго.

КIихIатIилал хъурмаца
Хъарсун лъуна хIукумат,
ХIалтIухъанасул лъороб
Лъуна нацIица бусен!

Институт лъугIаразул
ГIабдалзабиги гьарун,
Залмул МухIама вуго
Валагьулев руччабаз.

ЧохтIо бахъейин абун,
АхIделев вукIанин мун,
КIазцин тIад чIваларилан
ЧIун руго гьанже ясал!

ХIажиясул ашбазги,
Эниб букIараб квенги
КIочон тарал кафеяз
Кепкал къунцIулел руго!

Магъил садакъаялда
Рекъолев вукIинчIин мун,
ВачIа цо, налогаца
Ниж ретIулел рихьизе!

МухIамаги Хучбарги,
Хунжрулги гIодоре ран,
ГIарадабаца руго
Разборкаби гьарулел!

Гьанже чIандадерица
ГанчIил рагъ гьабуларо,
Автоматал росула
МустIапал боевиказ!

Дов рагъубацI Къурбанов
Рекетир вуго гьанже,
Партиц КIигьумерилав
КIудияв хIаким вуго!

ЯхIяги вуго гьанже
Пединститутги лъугIун,
Публичный домги рагьун,
Рокьул даран гьабулев.

Библиотекабазул
Зигара добго буго,
Зато, магазиназул
Гуч кутаклъулеб буго!

ГIелму жибго тейилан,
БукIана дур гIакса-кечI,
ГIарац «бухъулезда» гьеб
Буквально бичIчIун буго!

ГIиса, Турциялде ун,
Товар босулев вуго,
Сурхай Европаялда,
Унха, вагьай-вагьагьай!

ТIагьир, Зугьрагун цадахъ,
Хъутаналда чIун вуго,
Хьегъон, роцги гъоба лъун,
Росу «беццулев» вуго!

Дуца беццун букIараб
Аманат кассаялда,
Кепкалги гIадада хун
Халкъ инагьдилеб буго!

Дуца щай берцинаб мацI
Пацаназе бицараб? –
Цо къо гьечIин рукъзабахъ
Гьаже бикъи-цIогь камун!

Чи вихьун подхалимаж
Жив-живасул букIуна,
КIал бегIерал гIункIкIазе
ГIаламальго хъат чIвала.

ГIалиги Шагьрузатги
Рекъезе гьарунилан,
Гьанже чIухIун бицуна
Цо рикIкIун кIиабилес.

**Ракь тIуркIулеб хIалалда,**
**ХIетIе гIодоб кьабизе,**
**ХIал гIоларого руго,**
**ГIарац гьечIел солдатал.**

**ЧIагоял тIугьдул руго**
**ТIахьал гьечIого хутIун,**
**Харж щвечIого гIодулел**
**МугIалимазда цере!**

**Дуца Москва «какараб»**
**КечI рихараб лъаларо,**
**«Къавкъазалъул куцазе»**
**Низам гьабулеб буго.**

**Гьанже хIеж борхиялъе**
**Бокьарасул рес буго,**
**Гьоркьо-гьоркьор хIажиял**
**Жуликаздасан руго!**

**Добго «алло» ахIулеб**
**Буго жеги телефон,**
**Турун хIубал-кваралгун,**
**БуцIцIун чIана радио.**

**Агъвалисезул баня,**
**Багвалазул постройка,**
**Гьакварисезул шагьра –**
**Гьадабго хIалалъ руго.**

**Ниж – бекьечI, гинчал, цIигьул**
**ЩIакъго пуланлъун руго,**
**Лъимги додинго кьуна,**
**Къо бухIунги рукIуна.**

**Первый маялъул магIна**
**Миркалъго хвезабуна,**
**Ноябиралъул байрам**
**Бардакалде сверана!**

**Амма гIабадерица**
**ГIамал кIудияб Тобот,**
**«Туда» - ян пирказги кьун,**
**Кьодухъе ккезабуна.**

**Гьеб буго цохIого-цо**
**Беццизе бегьулеб факт,**
**Сахъадерица корал**
**Риххи хутIун батIияб.**

*** * ***

**ТIубараб отчёт кьезе**
**ЗахIмалъун буго ХIамзат,**
**Мунго вукIаравани,**
**БукIинаан бигьалъи.**

**Мунги херлъизе гьавун,**
**Гьарулел байрамаца,**
**ЦохIониги чиясда**
**ЯхI лъолеб хIалго гьечIо.**

**Амма, дур гIакъиллъиги,**
**ГIумруялъул дарсалги**
**Даимал рукIин гьезда**
**Гьанже бичIчIулеб буго.**

**КочIодалъун малъарал**
**ЛъикIал дур рагIабазул**
**МагIна, нилъер халкъалъе**
**Хазинадул кIул буго!**



**Халил-Бег Мусаевасул сурат.**

Индекс годовой 63333
Индекс полугодовой 73891

# Гьудуллъи

*БацIцIадаб магIарул мацI,*
*МагIнаяб адабият,*
*Арабги, гьанжесебги –*
*Гьале дуе **«Гьудуллъи».***

*Нилъерго гIадат, гIамал,*
*Кици, бицен, махсаро;*
*Хабар гьуинаб гьобол –*
*Гьудуллъун ккве **«Гьудуллъи».***

